45b. Agĕgĕlang [106]) apus pupak kalih lawan kĕmit-tuwuh [107]) asĕkar cina dadu ndan malih sira Dangdi lagi asasaman kampuh rangdi atumpal putih cinitra de ning mas ādi kumram sabukira gringsing kawung.

46a. Akris alandeyan gading inukir tajung [108]) apinggĕl kaṇa samâsĕkar mangli sira Lĕmbu-Pĕtĕng tan kari awastra wungu sinurat ing hema drawa asabuk limar pĕtak krisnya alandeyan çyāma pinatik ing çoçoca pantĕs asumpang cina dadu.

46b. Cĕngĕng punang aningali sakamārga amūji-mūji rara wulañjar ulangun cittane [109]) tan manuṣa ih bhaya hyang Asmara ingiring de ning warāpsara aminḍa ring rat saking Smarālaya anurun anângling anagu-nagu duh eman sang abagus.

47a. Tan amung [110]) raras ing jinĕm mrik sawaneh anâmuwus paran gane twasisun yan winong ing saraçmi sumangi-sangi [111]) sadenirângreha tan pamiwal ing hyun rowange angucap duh nini liwat kahyunirêku.

47b. Pan atur lung ing jangghā āpti angayuh çītaraçrum tĕwas anglih ih angur ni [112]) rangga Lawe iki pantĕs yan prathamâing

rum-rum amonga ring karasikan sawaneh angucap dudu ari iku kaarĕpisun.

48a. Kang aran pun Nambi smitanyâramping tuhu yan galak amadhu amung ing salulut sawany' ângling alon pun Sora kahyunisun kaya tan owaha ring sapum anukhani hyun anângucap Gajah-Pagon iku kaarĕpisun pan wayuh tan atulak ing wadhū.

48b. Pantĕs [113]) smitanyâñĕlori panungsung [114]) guyu tan apilih kahyun yan rowang ing sapum kayâmiro-mingtigani sumyok kang guyu aduh nini pranesa tuhu denirâmuwus tan warṇan ling ning anininga! ndan sang lwir Atanu meh sampun prāpti sirêng manguntur.

49a. Kapapag sirâpatih wṛddha lan Wīrakṛtī asmu smita ĕnty harṣanipun tumingal ing twan mantrī kandĕg smu miring kawulanyâris mĕndĕk ing wuri sirâpatih abibisik punapa yayi denirândulu.

49b. Ring sira rāden mantrī kayêki bhaya hyang Atanu tur denirênggal agung kayâdudus sawĕngi [115]) moghâglis sira sumilih iki malih angadĕg ratu ken Wīrakṛtī anahuri ih dumadak kayêku.

50a. Ndan sira raāden mantrī wĕruh ing smita angling asmu guyu kulepun singgih sira uwa kandĕg eriki sang sinapâsmu guyu sarwy amĕpĕs [116]) angga anganti pakanira mayan [117]) rĕke [118]) anangkil lah ta lumarisa uwa sirâpatih wṛddha umatur.

50b. Sira pangeran rimihin kawulândulur [119]) wus lumaris sira raāden mantrī prāpting pangastryan kang wong miring mingsĕr anglurung ndan sang nāthâmapag ing dulu saha wacanânrang juruh merenea tuhan parĕka lan isun sang sinapa anĕmbah tumungkul.

51a. Ingaturan paṭāraṇa sampun sirâlinggih [120]) sandingira çrī narendra ĕnty harṣa ning aningali warṇanira çaya sumilah lĕwih denirênggal agung tuhu pawak ning madhu-pasir akarang karpūrârum.

51b. Eman tan amawa dyah lĕwih sawawa ing kula makapanguban [121]) ing sarājya tan warṇanĕn ling ing amūji angling çrī narapati saha smitâris duh kaki emanira tan sinipi kady anupĕna isun.

52a. Mihat ing warṇanirêki tuhw ari [122]) lwir hyang Çiwātmakânurun lah mangko den tulus derâmadangi citta ning ramanta masku phala ning amanggih kasuputranira pangeran arinirêki kalih sun wiwāhakĕn ing sira didine mangkyângadĕg ratu.

52b. Ingsun āpty ambhagawāni asalah lungguh idĕpĕn tuhan ujaringsun iki sang liningan suwe tan pangling asĕmw [123]) erang tumungkul ndan ling çrī narendra lah ki apatih angapa denta angrasani polahira kaki pan wus agung sĕdĕng angadĕg ratu.

53a. Umatur rakryan patih Nĕngah sahâwot sāri atut sājñā çrī narendrâpan sira raāden mantrī wus wruh ing wālawidyāguṇādi

mwang kṛtajñānânulus prāgiwā susandhi wruh gaṇita nikang ala ayu.

53b. Tuhw atut juměněnga malih anglilirana sang wus amor ing dewatā anging [124]) ta pukulun depun kawruhi pamumūle nṛpati de ning wong sajagat wontĕn kasub yan çrī narapating Malayw aputrī ayu.

54a. Aněnggeh kakalih sira sang panuha [125]) aran Dara-Pĕtak lwir Suprabhā anurun sang anom malih aranira twan Dara-Jingga ya ta lwir Tilottamā ujar ing awĕwĕrttā yan tan anâmadani sawanitêng [126]) Malayu tuhw atur hyang ring jaladhi madhu.

54b. Mangke linurug den aglis masa ta ipun mĕne tan anungkul angaturakĕn putrī ri jĕng sang katong makamahādewyanira sirânak prameçwara den gĕnĕp roro sowang tur olih ing añjaya çatru kalumra(h) ing para parārthanirêng jagat wibhuh.

55a. Sumahur çrī bhūpati atut saujarira iku mangke kaarĕpingsun angangkatakĕn iki kang wong sinĕlir bhayangkara lan wong jayasāri singhajaya [127]) ndatan kari wong rajasânglurug ing Malayu.

55b. Yan siddha denyâjurit yan wus prāpta putring Malayu isun pisan kramakĕna lawan (n)anak mantrī didine bhiṣeka prabhu lah angapâpatih tuha [128]) muwah ki Wīrakṛtī rasanana mangke ujarisun.

56a. Dadya matur [129]) aris sirâpatih wṛddha yan mangkana pukulun kahyun nṛpati [130]) kṣamākĕnâtur patik aji lwir pajyut anuluhi rawi sĕdĕng sumunu apan pun Jaya-Katong wus malih angadĕg ratu ring nagarêng Dahâpan ring (ng)uni mūlane çatru.

56b. Mangke sampun lami tan anâniwī ri jĕng çrī bhūpati manawi adrĕwe kahyun angāla-thāni apan wwang-atuhanipun [131]) prabhu Dangdang-Gĕndis linurug uni dera sang katong sang wus amor ing dewa marmanipun [132]) mokṣawa punika mangke depun ketung.

57a. Umĕněng çrī bhūpati lagi rumasa ing citta rakryan patih Nĕngah matur sampun sangçaya çrī narapati lan ki Jaya-Katwang duk çrī Dangdang-Gĕndis hantu tinawan [133]) lagy alit ginawe pangalasan pukulun.

57b. Wus agung kinon malih [133a]) angadĕg ratu ring Daha wet ning wlas çrī dewatā mangke yan adrĕwe kāpti pakṣa amapulihakĕna [134]) patik aji pramukha amagut pun ajing Mĕmĕnang [135]) pan picundang mūla ipun.

58a. Sukha sira çrī nṛpati [136]) angapi sature ken patih ndan sakweh ing sang mantrī prasama tan pangling rumasa-rasêng citta tuhw ewuh tĕmah ing nagara lingira çrī narendra ring sang mantrī Jaran-Waha mwang ārya Siddhi pañji Amarājaya kang inutus.

58b. Kĕbo-Bungalan makādi Kĕbwânabrang makasenāpatya ning

bala sinĕlir kita mamangkata ĕmbeñjing punang inutus sama awot sāri umatur sājñā prameçwara sama wineh mas pisis lañcingan kalambi lan dadar-dadar tĕkĕ balanipun.

59a. Wus awan lĕbar çrī bhūpati sarwi anganti sang lwir hyang Makaradhwaja lah marêng ibunirĕki lumaris sang lwir Atanu pun Rāgânurida andulur ndan çrī pramiçwarī [137]) woyêng maṇḍapacaraṇâlungguh.

59b. Asiñjang gringsing ringgit kinulalatêng mas drawa kampuhira randi turuh ingĕmasan tuhw ādi aeñjer mirir boño kumram cinitra ing rukmi amanggala sūtra wilis pangarih tigang prāṇa sumunu.

60a. Akĕmĕr akĕndit ingadu manis sinalaga ing mirah sahâpadandan [138]) angrawit bot Tan-Jawi apinggĕl kaṇa gigilapan kalih lawan jāga-çatru apanumbuk mirah ali-ali mamanisan asuwĕng mantĕn çyāma sinangun [139]) ing kāñcana marum.

60b. Pinatik ing nayanâdi asumping campaka jinĕbad arum sĕsrĕbĕng [140]) smu mlĕtuk çrīnātha [141]) tumurut wilis patah tinajugan ketaki manis ning dulu winahwan sĕpuh kram ning laty anrang manggistârĕmpuh [142]) waja cumaraṇâmangun rāgi solah ing akung.

61a. Çrī matur asiñjang mañjĕti rakta ingĕmas ajur awastra sanĕbab kumram cinitra ing rukmi aeñjer sūtra gagadungan amanggala randi alus akĕmĕr akĕndit bang wilis pinggĕl kaṇâpus lulut.

61b. Ali-ali amanisan suwĕng pahul ingĕmas sinaroja ing mirah anguwah karṇa asumping tangguli jinĕbadan mrik mar rema tinrānggaṇêng mĕnur çrīnāthâtuturut [143]) jĕnar sĕsrĕbĕng mātrâsmu mlĕtuk.

62a. Ndan sira raāden dewī sampun ahyas kalih sama listw-ayu lwir puṣpitânurun saking sĕnĕ nikang çaçī ri māsêng Kārttika mawan rum ning pādapa ning angçoka asĕhĕn santun prāptânūkṣmêng sang arum arjâpaparĕmpwan sama asiñjang gringsing kawung.

62b. Awastra pik mirir atumpal randi amanggala wilis akĕmĕr akĕndit dangu açoca bang ijo apinggĕl kĕmit-tuwuh [144]) kalih lawan nāthabrata tinalĕmpĕk ing mirah akalpika bang wilis angrangga rum ning jarijy alurus anrang kucup ing bakung.

63a. Atĕtĕbus pĕtak angrawit asuwĕng mrakata rinajasa ingĕmas [145]) minirah māyā tuhw ādi anguwah karṇâsumpang wārṣikī wilis rinaras twas pinattra ing mas ādi siniram ing er-gulwâmrik [145a]) arum.

63b. Tumurut çrīnāthâsmu [146]) wilis mātrâsĕsrĕbĕng mlĕtuk rema anda-andâpañjang tinrang ing mālati samâcĕcĕnggĕg [147]) wirāgângrawit [148]) angani ati asipat alit amĕwĕhi manis ning driyâmangun lulut.

64a. Gĕsĕng ing lati abangkit lwir atruh madhu wajânrīdanta kram ning gisi-gisi tang rājasa angepon rwan ing imbâlurwa tuhw epuh anon siratmayâlungid wahu winahwan tuha [149]) kalih suputrī çīrṇa rum ning sakamatan tan polih aminḍêng sang arum.

64b. Rarasirânêng langĕ ning asanâmayung lan turângganā munggw ing çṛngga ning gunung karpūra mar [150]) mrik ingol ing jangghā saptāngkura lan maṇḍalika [151]) angayuh samâsĕhĕn sĕkar asamīpa walahar madhu tinrang ing aruṇâlangu wahu tumunggang gunung.

65a. Rinubung ing puṣpaliṭ silir ing sadāgati ruruh ri marĕn ing warṣa gĕrĕhnya mandra airit kinidungan de ning pakṣī [152]) gĕnding lawan cinggaragat wayahirângayoni amanis durung yan pūjā kalub.

65b. Tan-sah kaka-kakanira ken Bayan ken Sanggit pun Pasiran Panguněngan parĕk ing sira twan dewī tuhw açrī pahyasnyâmatuh samâsiñjang cĕpuk kĕmbang awastra jingga mirir aeñjer dadu ginātrêng tatur.

66a. Samâsuwĕng layang wilis asumping gadung pinatik ing mĕnur samâlunggw' ing batur ndan çrī nṛpawadhon angling ring sirânakira lah ta agaměla masku mangkyâgugurua nini kalawan yayi matur isun onĕng mangkyângrungu sang liningan smu guyu.

66b. Tumuli kinen angambil punang [153]) bangbang wus samânambut pupuh [154]) aris umuni açrī angarangin atetelâtap mĕlĕcut Dangdang-Gĕndis sawit alangu akakāngsen carang santun aĕndĕk salah ilu cacāmarane ganggong ĕnty harṣa ning wong angrungu.

67a. Kañcit prāpta çrī narapati tan-sah anganti sang kadi hyang Manobhawâsmu kagyat raāden dewī anolih asalah pupuh tumungkul angling sang aulun saha sĕng smitâris kulepun sira asalah pupuh.

67b. Pan kakangirârĕp wruhânĕhĕr sirâlinggih sandingira prameçwarya rāden mantrī asmu wĕdi nṛpati asĕng smitângling aris lah ta merenea aja sirâsmu wĕdi tuhan sapa ta [154a]) ndraweni iku.

68a. Mĕndĕk aněmbah twan mantrī nĕhĕr alungguh ndan çrī nṛpawadhū asĕng smitângling aris duh anakisun kaki kayâdudus sawĕgung [155]) denira enggal agung tur çaya sumilah ndi ameta putrâdi kang kaya sira masku bhaya utpĕtti ning hyang Atanu.

68b. Angling çrī bhūpati duh singgih yayi anging mangke karĕpisun anakirêki kalih makapawongane kaki Harṣa-Wijaya lawan ta isun lumurug maring Malayu nĕnggeh aputra kakalih makamahādewīnira kapiasĕm çrī nṛpawadhū.

69a. Ndan sira sang dyah kalih sami tumungkul asmw erang arĕp lungaa tan tulus pan awĕding nṛpati ndan rāden mantrī syuh rĕmpuh

twasira lagi apupundut mūla ing twan dewī nitya amet chidrâñolong dulu.

69b. Ĕnty harṣanira çrī bhūpati denirâsmu kalulut ndan kang wong jro pura egar padâmūji-mūji cittane dudu yan manuṣa sang hyang Manobhawânurun sama abibisik mogha sihisun aweta kantun.

70a. Paran sukhaan ing ati yan mulata ri patĕmonira sang pangeran iki masa pahe malih langĕ ning surālaya duk papupul ing Ratih Smara tan warṇanĕn wuwus ing wong jro purī ndan lingira çrī narapati saha sĕng smita ring raāden Galuh.

70b. Lah padâgaměla nini mangkyâguguru lan kakangira yan anasar kang tabuh depun winarahan nini çrī nṛpawadhū asmu ewa denirângrungu pan tan katujw ing twas sang dyah kalih mĕnĕng tan asahur asmu-sĕmw erang asĕng tangis nĕhĕr tumungkul.

71a. Smu guyu çrī bhūpati kumbi liwat arinirêku lah ta sira tuhan [156]) mangke agaměla kaki lawan sira yayi matur ken liku angāngseni asahur sĕmbah twan mantrī duh singgih durung tama pukulun.

71b. Anambut pupuh aris çrī mahādewī angucap paran unine denisun pan masa anabuki lan sang apĕkik çrī prameçwarī angling asĕmu guyu sira kewalyânglalayani parĕnga lan ken liku.

72a. Çrī mahādewy anahuri duh singgih mangke manirâguguru ring sang lwir Atanu ken liku angling sauninyântuk ing wong apunggung wus samânambut pupuh muni tang gamĕlan asru aĕndĕk lung ing lulut amamanggĕl salah ilu cacāmaranyâlangu.

72b. Akakāngsen carang sāri angrawit lwir andudut ati harṣa sakweh [157]) ing angrungu ndan çrī nṛpawadhon ĕnti harṣanira kudw ahyun yan anduduta mantu angling çrī narendra ninya sirângaturi suruha ri [158]) kakangira iku gañjaran ing amuruk.

73a. Prāpta punang sĕdah tuhw açrī anĕng nanampan mas sinamiran per-ĕmas rakta sang winidhi kalih tan āpti lagi tumungkul sinrĕng dera nṛpati apuhara [159]) dady atĕmahan tangis tur lungângusapi [160]) luh.

73b. Ingiring ing kaka-kaka mara ing salu kilyan gumuyu çrī narendra [161]) tuhw alâcārane kaki arinirêki mesĕm twan mantrī prāpti tadahira anadah çrī bhūpati akatigan lan çrī nṛpawadhū.

74a. Muni kang rĕdĕp kacchapī para kawya angidungi tĕkap awusan wus lingsir ingalapan aris kadehan sampun dinawuhan ndan lingira sang abagus patik ajy amit pukulun i mbeñjang āpti tumuta mara ing Tuban angatĕrakĕn balânglurug.

74b. Ĕnty harṣanira nṛpati wruh ing jātmikanira sang [162]) abagus

asĕng smitângling aris aduh kaki aja sira lunga [163]) masku pan wus pun apatih tinuduh angunggahakĕn ing jong sang liningan anĕmbah ndan çrī bhūpati lagy anglungsur sabhūṣaṇa kaprabhun.

75a. Wus sinungakĕn ing twan mantrī kalawan kris kaprabhun lah anggenĕn tuhan mĕndĕk anĕmbah twan mantrī ananggapy aris tur sinunga ring pun Rāgânuridânĕhĕr sirâmit mulih nṛpati tan-sah anut ing dulu.

75b. Sama alam-alam mulat punang wong jro purī kadi pangipyan cittanipun kunĕng raāden mantrī adalan maring tĕtĕrusan ring jungut sĕk sāri kadehan amārgêng yawi sok [164]) punang Rāgânuridândulur.

76a. Mandĕg lagy adus ing beji pun Rāgânuridâmawa kris lan wastra ken iñânguswani wus ginandha burat mrik sarwy adan kampuh pantĕs denirânganggo pasungira çrī narendra embuh manis ahyang dinulu tuhw angrāgani ng tumon sasolahirâgawe kung.

76b. Mĕnggĕp lagy alinggih ĕb ning sarpapuṣpa asĕhĕn sāri anunggar remâsmu mangu karasêng ati rarasira rāden Galuh mĕnggah sarwy anolih punang Rāga lah pametana isun rĕko ketaki tumuly aglis wus katur ingaras-aras sarwi lumaku.

77a. Duk prāptîng karang lagy alinggih anêng wijil pisan mĕnggah nĕhĕr sirângidung madhu lalangw angrawit swara amanis lwir atruh gĕndis prāpti tang kadehan ken rangga awot sāri asĕng smitâduh dewa pukulun.

77b. Bhaya kauron singgih mesĕm raāden mantrī ndan ken Nambi asĕmu guyu dudu kauron de ning adrawiṇa sang abagus pun Gajah-Pagon angling manawi anâwwat [165]) ing jĕro purī amiṣyani rāga kung.

78a. Ken Sora angucap singgih ketaki iku makatĕngranipun putra-putra ning bhrānti dinohan de ning bibi donnyâsmu bhrāmita ken Dangdi alon sumahur apan meh Kārttika gĕrĕhnyâris angatag mĕndung nuruni asana ken Pĕdang angling lagi kudu.

78b. Sira Lĕmbu-Pĕtĕng angling makaparan ika yan rinasan balik reh ing bala rasanana mangkat ĕmbeñjing Gajah-Pagon sumahur kayâmĕgati wuwus kapo ra-Lĕmbu pan iku kang rasa lĕwih tuhu anglīlākĕn manah mesĕm sang kadi hyang Atanu.

79a. Sama gumuyu wongira ramyâsĕnggak malah dalu prāpta punang tadah anadah sira twan mantrī kadehan sampun dinawuhan ndatan warṇan panadahira wus samâguling meh [166]) rahina samâdan awungu.

79b. Punang wong sama atiyang kang mangkat maring Malayu

wus adan sañjata sataběh-taběhannyâtri mantry ādi saha jujuluk sapangawin pinandi lumaku saběkěl-běkělan açrī kading surat dinulu.

80a. Apan sira rakryan patih kang atingkah tan warṇanĕn ring ĕnu akweh strī tumutur anut ing laki prāpti ring Tuban lingnya amĕmĕkasi ring lakinipun apakayêng tuhan lyan amalaku tawanan makaweweh ing anakipun sawijil ing Malayu.

80b. Anâlarânangis katṛṣṇān ing priya kang wahw apulang lulut lakine asmu luh sawacanâris aja derânangis masku pan krama ning angdadi kakung apakayêng tuhan tahuran ing dĕmak dadar yan awĕding payuddhan tan-wun kerang-irang ing laku.

81a. Akweh warṇanĕn reh ing angarekĕn ing rabinipun ndan wus munggah ing banawa sira kryan apatih sampun [167]) sira amĕkasmĕkasi ng balândon jurit sawatara salakṣa wong sinĕlir wus anabrang ing lĕngut.

81b. Wus mantuk sirâpatih prāpti ring Singhasāri [168]) brayan dina mangke adrawiṇa sira çrī bhūpati pan tan anângrasa kewuha ning bhūmi marma ning tan tulus denirândiri siniwī prabhu ring Singhasantun.

82a. Tan warṇanĕn çrī bhūpati ndan malih rakryan adhipating Madhura wuwusĕnisun rumasêng ati rehira linungsur dĕmung çayan dadi [169]) sĕkĕl ing twas marmanirânglocita kewuhanira [170]) sang aulun sampun angrungu yan andonakĕn maring Malayu.

82b. Antyanta garjitêng ati amanggih mangke kāla-thāni dady ajar ing anakipun duh masku kaki Wirondaya tuhu tan wruh duhkhita ning ramanirâpan sinurud lungguh de sang nāthêng Singhasāri mangke kaarĕpisun ri kewuhanira sang aulun.

83a. Sira sun kon lunga [171]) anilib mara ing Mĕmĕnang [172]) matur ajāti ring sang nātha rehira nṛpati ring Singhasāri andonakĕn ing bala sinĕlir maring Malayu malar sira ajing Daha adrĕwe kahyun.

83b. Pan tuhu musuhirêng (ng)uni sang nāthêng Singhasantun pun Wirondayâmuwus duh yan mangkana kāptinira bapa ki Pĕtĕng den tolih lawan ki Nambi makādi sira twan mantrī pan tan kĕnâpasah lan sang prabhu.

84a. Aduh anakisun kaki tan wruh ing laku kapo sira masku tan makareh ing dadi anut titah ning Widhi yadyan lumĕbur jro ning pasir agni tan hantu yan tan sinurud [173]) de ning hyang Widhi samangkana sira twan mantrī yan ana wuryan ing sang mokṣêng dangu.

84b. Masa sirâtĕmah pati ĕmben i sun angadĕgakĕn ratu sira twan mantrī punang Wirondayâmisinggih ndan ken adhipaty anurat wus

ingulĕsan jĕnar sampun sinung ing pun Wirondaya iki aturakĕn maring Daha ĕmbeñjang mangkat karĕpisun.

85a. Ring Tĕrung sira munggah kaki añjujur maring Canggu eñjing lumarisa maring nagarêng Kadiri jumujug maring rakryan apatih anglarapakĕna marĕkêng çrī bhūpati den wruh ing laku sirânakingsun.

85b. Nahan ujarirâdhipati [174]) ndatan warṇanĕn dalu ring eñjang wus mangkat punang Wirondayânilib kawulanyâkeh andulur wus munggah ing banawi anabrang lakunya milir tinub ing pawanânujw ing Canggu.

86a. Sore wahu tunggang adri tĕdun ing Canggu pun Wirondayâsĕmu kagyat kang wong Canggu den sĕngguh yan musuh prāpti aglis malayu awarah ing dāçabala [175]) dadi anĕmbang pangarah aglis mara ring lĕbuh samâdan sañjatanipun ken Wirondayâmuwus.

86b. Lah ta jātenana iki manawi tan wruh yan isun ingutus marĕk ing sang prabhu ndan punang dāçabalâglis sambhramêng tamu abhyāgatâdan pasusuguhipun Wirondaya tan warṇanĕn panginĕpipun ring [176]) eñjang sampun awungu tumama ring nagantun.

ZANG II (*Dĕmung*).

1a. Gumanti çrī nṛpatîng Mĕmĕnang [1]) kawuwus wīrya subhāga siniwī asih ing sang para sādhu dharma ginung buddhy asthiti bhiṣekâji Jaya-Katong.

1b. Subhakti dwija ṛṣi çewa sogatâtun samâmarahi çāstrādi çīla ning amukti wibhuh parārtha pĕgat ing aji awan ing siddha tĕkêng don.

2a. Wyakti bheda kāptinira ri sang wus mukṣâji Dangdang-Gĕndis pan wus anut ing tutur kang wong sanagarī rakryan apatih Mundarang widagdha tamêng [18]) laku aririh sulakṣaṇa tuhw anukhani sanagantun.

2b. Dĕmang Wīrasandhi rūpane abĕsus tan natgatêng wiṣṭi ndan muwah ken tumĕnggung aran Mṛgapati [2]) akrĕs ing [3]) buddhi atut titir apakayêng ayun katrīṇi kasumbung yan sampun prawīrâñjayêng çatru.

3a. Antyanta wibhuh ing nagarī sapandirinira sirâji Jaya-Katwang eñjang çrī pāduka çorī atangi atutur swapĕna ring çrī narapati yan abuburu maring ukir [4]) Wilis antyanta langĕnipun.

3b. Dady antuk kidang pĕtak singgih kahyun-hyun rūpanipun kadi rajata ruru wulunyâlĕmbut malit den sungi nini ratna Kesari angling

çrī narendra ayu ajare yayi nging [5]) malih aja denirânutur.

4a. Pan kajar ing aji yayi gīrṇâyunipun yan ipen ala ya tâglis amanggih wiṣṭi lingira pramiçwarī yan mangkana mangke kakâji kaarĕpisun lunga [6]) acangkrama mara ing wukir Wilis nĕnggeh antyantâlangu papupulan ing sarwapuṣpârum.

4b. Pilih tuhu ari olih kidang pĕtak kang kading swapĕna makamĕng-amĕngan de ning anakira kakâji pun ratna Kesara lah yayi sājñānira mangke ingsun mĕtu awawah ing ken apatih tumuly ahyas çrī narendra wastranira bwat Kĕling wungu.

5a. Tuhw alus cinitra ing rukmi asabuk gringsing kawung alalakon Kṛṣṇāyaṇa [7]) asisigen mas kahot açrī anungkĕlang khaḍga alandeyan gading inukir tajung sinarojêng rukmi minirah māyā murub.

5b. Sahâpanamar sūtra wilis pinattra ing mas ajur apadakâsusun [8]) tiga tiningkah Tan-Jawi pinatik ing nayana tuhw ādi agĕgĕlang kaṇa kĕmit-tuwuh [9]) aly-ali bang wilis asumpang tuñjung tutur.

6a. Jinĕbadan mar mrik akarambalangan lagy anting-anting kālacakrâjajawin mirah tuhw arja tinon adhikāra sumunu [10]) tang bhūgaçrī [11]) pantĕs agĕlung Kĕkĕlingan pināçêng mas ādi rinajasa ing mirah wyakti yaya ratw ing tulis solahirâkung.

6b. Asipat Pakudan embĕh manis ing dulu wajânrīdanta laty angatirah abangkit kram nikang [12]) gisi-gisi tumurut dadu lumampah ing yawi dinulur ing papaṇḍo [13]) sama alit-alit ken Pisangan [14]) ugihan [15]) samânandang ĕmban-ĕmban lumakw ing ayun.

7a. Wus prāpting yawi çrī bhūpati alunggw' ing palangka danta tuhw açrī ginĕlaran de ning pramadani salante tinurangga ing mas ring maṇḍapa tuhw alangu pinarĕk ing mantrī [16]) makādi kṣatriya sĕk supĕnuh.

7b. Prasamâdan alinggih anĕmbah ing sira sang prabhu pan mahw asalah lungguh duk datĕng çrī bhūpati sumanding lan sang para dwija ndan rakryan apatih sampun mangkyâdan anangkil awastra pahul rinĕnggêng tatur.

8a. Asabuk gringsing lung ing sih anungkĕlang kris alandeyan garu rinĕnggêng rukmi arjâsumpang tigaron mar mrik jinĕbad arum bĕbrĕngose wilis aluñu jātmika smune aruruh anunggang kudâjamus pinayungan kĕtas kang angiring açrī dinulu.

8b. Ndan ken dĕmung Wīrasandhi ring uri adulur lan ken tumĕnggung padânitihi wājī awastra bot lor akris alandeyan çyāma jinajawin mirah murub sinaroja ing mas asumpang labdhawara gunung tinut ing payung tuhw akung kalih rūpanyâbĕsus.

9a. Kawulanya akeh angiring ndan pun Wirondaya sampun

prāptêng nagarêng Daha anunggang kudâçrī awastra randi atumpal putih kumram ginātrêng [17]) tatur asabuk giringsing udayanâsisigen tuhw alus.

9b. Akris alandeyan danta tiningkah pangawe santun sinalagêng mirah suga asumpang tangguli siniram ing er-gulwârum laty agĕsĕng abangkit kram ning wajânglar ing ali bĕbrĕngose wahw agātrângde kung.

10a. Pinayungan kĕtas wilis sakamārga gumiwang kang andulu padângucap ih sapa gane iki kaya dudu wong ing Mĕmĕnang [18]) rūpane amenak akung asmu kanagaran sawany' ângling duh tuhu iku añar katingalan [19]) kang wruh aris mangke sumahur.

10b. Wruhanira iki wong Madhura-Wetan aran Wirondaya anake sirâdhipati done prāpti nĕnggeh rĕke yan ingutus marĕk ing sira sang aulun tan warṇan ling ing andulu sama amūji tan-dwa ken apatih prāpta kapapag sirêng pasar agung.

11a. Smu kagyat sirâpatih tumingal [20]) ing wong añar rawuh yan angucaping twas ih sapa gane wong iki kaya dudu wong ing Mĕmĕnang [21]) ndan punang Wirondaya tumurun saking wājī kawulanipun [22]) mĕndĕk ing pungkur.

11b. Dady anapa sira kryan patih lingira asmu guyu saking ĕndi sira prāpta añar marêriki solahirâpiṇḍâpadgatâparan [23]) si kāryanira pun Wirondaya mĕndĕk sarwy angling amĕpĕs asmu guyu.

12a. Inggih kawulânĕda sih ki gusti saking Madhura-Wetan don ing prāpti ingutus denira bapâdhipati angaturakĕna surat ring sira sang prabhu yan sang nāthêng Singhasantun andon maring Malayu garjita ken paty' angrungu angucap ing ken dĕmung.

12b. Angapa denira yayi sĕdĕng puniku mangke rinasan ken dĕmang angucap singgih atut aturakĕn ing [24]) sira çrī narendra ndan ken tumĕnggung amuwus sĕdĕng yan linakwan pan olih [25]) kalawan ing çatru ken apaty' angucap lah parĕng aturakĕnêku.

13a. Lah mangke sira kaki marĕk ing çrī naranātha pun Wirondayângucap ki gusti dawĕg lumaris kawulângiring lumampah aris prāpting sĕkar carang wus sama tumurun saking wājī prāpta sirêng manguntur.

13b. Mĕndĕk anĕmbah rakryan patih ken dĕmung ken tumĕnggung sampun samânĕmbah sinung paṭāraṇâlinggih wus pĕpĕk tangkilan sang nātha winatran tiningalan denira çrī bhūpati sakweh ing mantrī anêng manguntur.

14a. Ndan pun Wirondaya dadi kachattrêng dulu angling sang aulun ring rakryan patih sapa iku kang anêng uri añar kadulu ken

apatih anĕmbah matur singgih wong Madhurânake pun adhipati kinen amarĕk ing sang aulun Wirondayâranipun.

14b. Paran ta gatine prāpti pun Wirondaya matur awot santun singgih patik bhrā kinen dera bapâdhipati ing Madhura-Wetan marĕk ing çrī narendra angaturakĕn citra lingira çrī bhūpati manguri lah tanggapana ken mangury ananggapi sampun.

15a. Winĕdar walunnya taluki jĕnar sumar mrik winăca swaranyâlĕp arum rasa ning surat lagi sinangṣipta denirâdhipati pāduka bhaṭṭārânĕngguh [26]) ahyun abuburu maring tĕgal lama pukulun.

15b. Mangke antuk kāladeçâpan tan bontĕn bhayanipun tan bontĕn macan mwang ula banteng tanpa ĕri wontĕn macanipun guguh wyakti sirâpatih tuha macan guguh nahan ling ing tulis asmu guyu [27]) sang prabhu.

16a. Ndan lingira aris kaya apa tingkah ing sang andiri anêng nagarê Singhasāri pun Wirondaya aris anĕmbah matur sangçaya tan tṛpti pukulun sapangadĕgira sirâji Kṛtanagarâpan ken apatih wṛddha tan tinut mangke saturipun.

16b. Sakweh sang parâdhimantrī wṛddha sama tan pinisinggih pan sampun asalah lungguh mantry anom mangkyânggantyani tinurut saturipun anging mangke wus suwung dinonakĕn ring Malayu wong bĕcik-bĕcik sok raāden mantrī punang kantun antyantânom pukulun.

17a. Muwah sakadehanira sama wāla tan wr' ing kewuh don ikang surat katur i jĕng çrī narapati umĕnĕng sira çrī narendra lagya rumasêng citta tan pakāraṇa de ning andon yuddha maring Singhasantun [28]).

17b. Wĕkasan angling aris tan kacipta mangke denisun kaya sarasa ning surat pan wus bratamami tan pandihini buddhy angkāra ring wong ambĕk jāti lah angapa denirêki apatih angrasany ujarisun.

18a. Rakryan apatih [29]) matur awot sāri aduh dewa bhaya tan wruh pāduka çrī nṛpati yan çrī dewatā nguni donira mokṣawa de ning wong Singhasĕkar nĕnggeh pawījane wong Pangkur yan ky Angrok nāmanipun sutane ni Ndok ring dangu dumady [30]) angadĕg ratu.

18b. Ya tâbhiṣeka çrī Rājasa singgih mūlane pun aji Kṛtanagara iki mayan [31]) adwâtur patik aji lah tinañan pukulun ri mpu brahmarāja tumuli çrī narendra amalaku jinātin ri rehira çrī dewatā sang [32]) para dwijâjāti matur.

19a. Yan tuhu sature ken patih sira çrī dewatā çīrṇa sabalanira de sang nāthêng Singhasāri lwir wukir sinamběr ing gĕlap antyanta kawlas-sih sira rama çrī nṛpati tĕkan ing wandhu-wandhawa syuh rug.

19b. Mangkyâtut yan kadi nṛpati amet kira-kira pamalĕsanirêng

çatru andadi yan gunga rikôpakṣamānirêng [33]) ripu byakta çirṇa ning nagara yogya wanguněn aji dharma ning kṣatriya çūrêng ayun.

20a. Gĕlarĕn tang caturupāyasandhi sāma dāna mwang bheda tĕkêng daṇḍa yan sampun anut ri sojar ing aji apan çrī [34]) narendra yogyânugra-wigraha [35]) bheda yan kaya bhujangganirêki tan dadi gumawayakĕna daṇḍâgĕng kopakṣamān bwat kawikun.

20b. Donnyâdudwan reh ing dharma ning kṣatriya lawan dharma kawikun ya ta çrī narapati tan angdani nayopāyanirêng çatru apituwi [36]) hyang Çacīprabhu nityaça anut pañcānṛtanirêng ari pan pun ajing Singhasĕkar çatru kaliliranirêku.

21a. Rumasêng ati çrī bhūpati sojarira para mpu maĕli kang krodha sameru malad ing ati sĕng-sĕng [37]) ning akṣi lwir mĕtu agni abang wadana kayârarahup gĕtih bhrukuṭinira [38]) kumĕrut arĕngu.

21b. Tan dady amuwus wet ning gĕng ing krodhanira sumaput lagi piněm ing twas wruh yan tan ana kĕnoh ing ghuragada [39]) moha [40]) n tinut dadi angilangakĕn tutur dady atĕmah līlā nṛpati wĕtu ning wacanâlus.

22a. Iṣṭanisun iki kadi norâna ratu anĕmu [41]) wirang kaya çarīranisun pan tan sama lan wong sākṣāt kalĕbw ing rorawa satata kaguyu-guyu de ning tan sakaya pira lara ning mati lungândon [42]) mara ring Singhasantun ĕmben i karĕpisun [43]).

22b. Sira kryan apatih matur awot sĕkar singgih atut pukulun sājñā nṛpati karĕp patik aji pāduka bhaṭṭāra kantuna lawan sang para dwija patik aji mangkata lan sang para mantry ādi makādi raāden ārya [44]) sampun sangçaya sang aulun.

23a. Sumahur çrī bhūpati lah iya ujarira iku lah ta yayi ārya sira mangkata ĕmben i ingiring de ning para mantry ādi den wruh ing wiṣṭi pan sira lan ken apatih makasenāpatya ning anglurug.

23b. Raāden āryânĕmbah kalih lan ken apatih mwang sakweh ing mantrī sama egar angrĕngw ājñā sang katong (ng)uni pan iṣṭanipun apakaya ing payuddhan donnya samâsanggup sahur pakṣī atoh jīwa ring ayun.

24a. Nirdon panugraha çrī narapati dĕmak lan pupūrṇamān [45]) yan tan tawura [46]) ring jurit sukhângĕmasi pati pinĕk ing çatru makatawuran [47]) ring tuhan ĕnty harṣa çrī narendrângrungu sanggup ing mantrī ndan sira kryan patih muwah matur ing sira sang aulun.

24b. Mangke kahyun patik aji ri pĕh ning Kāmandaka punang tinut amrih kasiliban ing [48]) çatru de ning angdani sūkṣma pañcānṛta kang adalan lor pukulun sakîng Wĕwĕdon anuju maring Mĕmĕling sira raāden sirikan kalawan rāden mantrī alu.

25a. Pun kanuruhan [49]) ndatan kari kalawan ken rangga tinut ing mantrī araraman kweh ing bala thānī rinĕnggêng tatabuhan den atri kweh ning tĕngran mwang tunggul saha surak awanti-wanti piniṇḍa sañjatâgung.

25b. Raāden ārya patik aji ken dĕmung ken tumĕnggung sama adalan kidul saking Lawon lumaris anuju ring Siddhabhawana tan amwat tatabuhan lawan tunggul den kady amĕmĕngi anusup ing alas gung.

26a. Lingira çrī narapati ih atut iku lah yayi ārya dĕmung Wīrasandhi ken tumĕnggung samy angrasani angapa denira sang liningan anĕmbah prasama anuhu rāden āryângling patik ajya tĕmbyâgugurw [50]) ing raṇa lan pun aji ring Singhasantun.

26b. Pan [51]) liwat kapengin patik prameçwarâmalar mĕne wruhânugĕl tĕnggĕk ing ratu durçīlabuddhi yan tan mangkana patik ajya tan marĕk ing sang aulun sukhângĕmasana hantu makatawur [52]) ing pupuh ndan ken tumĕnggung asahur aglis wuwusnyâgangsul [53]).

27a. Ĕmbesuk patik aji pramukha ning yuddha pukulun bhāge yan pun patih Nĕngah kapapag ing jurit rowang ing atandinga kawanin nĕnggeh yan kaduk langguk tur khaṭungkabuddhi [54]) alpa langghya ri jĕng sang aulun.

27b. Ken dĕmung Wīrasandhi angling lan rāden sirikan kalih raāden mantry alu patik bhaṭṭārâtanding kawanin lan mantring Singhasāri ngamuki purī anawan sang rājaputrī sakweh ing rāja-peni kaatur.

28a. Ĕnty harṣanira nṛpati angrungu sanggup ing mantry ādi lingirâris karĕpisun mangke den padângarahi sakweh ikang [55]) bala ĕmbeñjing den pada kumpula maring nagara padâtiyang sañjatanipun winehâdrawiṇa pinigajihanêng manguntur.

28b. Asahur sĕmbah sang parâdhimantrī ndan lingira sang aulun lah ki apatih sirângupakāranêng tami punang Wirondaya sungana ĕmas artha ken apatih anĕmbah lĕbar tinangkil sang aulun mwang sang para dwija para mantrī wus sama mantuk.

29a. Ndan çrī pāduka çorī oya ring witânâraras (s)asamīpa wukir-ukiran wus ahyas angrawit asiñjang gringsing sumaguṇa wastranira randi turuh cinitra ing rukmi aeñjer cawuta çyāma alus.

29b. Amanggala taluki putih minas drawa kumram pangarih tigang prāṇa sahâpadandan [56]) tuhw açrī kĕmĕr-kĕnditira adu manis jina-jawing mirah apinggĕl apus-ingapusan kalih lawan jāga-çatru.

30a. Akalpika binang wilis asuwĕng pahul minas ādi pinatik ing nayanângrawit anguwah karṇâsumping sumanasâpĕtak siniram ing

er-gulwârum sĕsrĕbĕngira sumĕmu çrīnātha [57]) wilis patah arja tinajugan mĕnur açrī lan cindagârum.

30b. Embĕh ñĕñĕr ikang liring sinipatan waja dumalima lati tumurut dadu tuhu supatnī ndan malih çrī matur wus ahyas angrawit asiñjang limur awastra sanĕbad alus kumram ingĕmas ajur aeñjer tĕpus mangun kung amanggala sūtrâlus.

31a. Agĕgĕlang kaṇa inukir kalih lan kĕmit-tuwuh [58]) ali-ali mamanisan akĕmĕr akĕndit asumping jalaprang pinattrayuddha jinĕbad mrik arum asuwĕng mantĕn minas ādi anayana sumunu.

31b. Wontĕn sira raāden dewī [58a]) sandingira çrī matur sampun ahyas tuhw arum asiñjang gringsing ringgit sinujing hema drawa kumram awastra sūtra jinggâtumpal bakung cinitra ing rukmi tiningkah pasir gunung.

32a. Anguwah karṇa asumping mas ādi awarṇa sumanasa winor lan jayanti siniram ing er-gulo mar mrik cĕcĕnggagira [59]) sāri jāti [60]) lawan dosa [61]) remânda-andâpañjang atub lwir jaladâmĕm jawuh çrīnātha [62]) wilis tumurut sĕsrĕbĕng asmu mlĕtuk.

32b. Amatĕh alis angrawit angani [63]) lulut erang cātakânglayang anūkṣmêng mĕndung asipat alit amanis padu ning dulu yayâtetela madhu juruh wajânglar ing kumbang gisi-gisi angrājasa laty anirang manggistârĕmpuh [64]) kadi atruh-truh madhu.

33a. Aeñjer sūtra wilis kinulalatêng [65]) mas drawâmanggala boño kumram nirukty akĕmĕr akĕndit Tan-Jawi rinajasêng mirah pinggĕlira apus lulut kalih tulak ingadu manis kalpika wedūryârum.

33b. Roro salaya binang wilis tuhw anĕpuhi lurus ning karânrawarṣâtĕtĕbus [66]) tridhātu sināri rukmi arja asuwĕng danti sinaroja ing mas pinattra sumaguṇâjajawin mirah māyā sumunu.

34a. Ndi ana suputrī ādi amyati rum-rum śang anak-çāstra twan ratna Kesari lwir hyang-hyang ning Ratih ṣodrawa çarkarā juruh karpūrādri anūkṣma [67]) anurun tinut ing māsa kacatur [68]) miṇḍa ri sang arum lwir mukṣa-mukṣa dinulu anīrṇa sakalangun.

34b. Antyantêmbĕh raçmi denirâkatigan lan çrī pāduka matur lagy apasang catur ḳañcit prāpta çrī bhūpati tĕka alungguh sandingira [69]) çrī nṛpawadhū asĕng smitângucap kapan yayi wiṣaya catur sapa iki mĕnang isun milw harṣa andudulu.

35a. Smu guyu çrī pāduka çorī anakira kang iku anglawan yayi matur mahwa pun [70]) marêriki harṣa umiringêng wukir Wilis marmane prāpti sumahur [71]) çrī narapati asungkan isun maraêng gunung.

35b. Mahw angrungu ujar ing mantrī mwang sang para dwija yan

çrī rāja dewatā mokṣa nguni de pun aji ring Singhasāri yan prapitā ning pun Kṛtanagara ki Angrok nāmanya ring nĕnggeh [72]) mūla-wījane wong Pangkur.

36a. Mangko ki Kṛtanagari liwat denipun nĕnggy' âmimirang angadekĕn ngong ratu hīna kaya nir kawanin mangke kaarĕpisun amapulihkĕna sukhângĕmasy antaka ĕmben i kang bala mangkat punang apatih lan yayi ārya ādi ning anglurug.

36b. Kewalyêngsun kari lan sang para dwijâpan tan sinung lunga [73]) dene pun apatih lah ta sira yayi ĕmbeñjing acadanga dadar-dadar ing bala mangkat sun wehana mas artha anganakĕn mahotsawa çrī pramiç-wary angucap saandikanira pukulun.

37a. Yadyastun angĕntyakĕn malih sesi ning purī mĕtu maka-sukhaanisun sĕdĕng dera kakâji andona maring Singhasĕkar sukhâ-ngĕmasy antaka sapadya kerang-erang aurip awet kaguyu-guyu.

37b. Raāden dewī angling aris lwir atruh madhu juruh yan tan siddha pukulun de ning parâdhimantrīnira bapâtut yan sinamadi malar sihan ing hyang anugrahêng kawlas-sih umalwi siddha añjaya çatru.

38a. Asmu guyu çrī nṛpati duh nini atut ujarira iku wyakti putry ādi ayw anulus tĕkêng jro hṛdi tur ingusap-usap angganira rāden Galuh nĕhĕr sinung sĕpah aduh nini ātmajīwâtur tan ing rat cittangkw anĕmu putrī lwir Raty' anurun.

38b. Wus prāpta tadahirâçrī akatigan anadah sang aulun muni rĕdĕp kacchapī para kawi men-men atĕkap angidung tan warṇan panadahira wus ingalapan punang pañjak sami añarik çrī pramiçwarī andandany [74]) artha kāñcana malah dalu.

39a. Tan kawasitêng rātrī eñjing mangke wus prāpti tang balâbĕ-bĕlĕk supĕnuh ndan sira kryan apatih mwang sakweh ning sang parâdhimantrī kṣatriya mĕtw ing lĕbuh sabĕkĕl-bĕkĕlan tumuly açaçraman ing manguntur.

39b. Umwang gumuruh surak atri kĕndang gong muny ambarung ndatan paparungwan awor lan glĕdĕg ing bĕdil lwir bubula punang wasundhari de ning kweh ning balâpapalayun mangkya silih-tindih midĕr anêng manguntur.

40a. Wyatara dawuh tri araryan prasamâdan amangan anginum pĕpĕk ing manguntur sang para mantrī kang bala anêng sĕkar carang sĕsĕk tĕkêng pasar agung ndatan paligaran lwir guntur tang sĕkul ulam saking jro purī saha drawiṇa brĕm arak lyan miñu.

40b. Wīrya panadahirâtri punang surak awanti-wanti tan pĕgat kweh ning lalawuh lumintu larihnyâganti tang mantry açaçraman

amĕtwakĕn solahipun yan tĕkêng payuddhan malah lingsir aluwaran sama tinut ing bala mantuk maring pakuwwanipun.

41a. Ndan sang para mantry amirwani mangke adrawiṇa umwang saha tabĕ-tabĕhan sakuwu-kuww atri alap-alapan gumuruh wus samâmiduduk jujuluk sakweh ing sang para mantry ādi ndatan kawarṇêng dalu.

41b. Eñjang sama wus atiyang kang bala mangkat anglurug kweh ning sañjata pĕnuh tabĕh-tabĕhannyâtri mṛdangga bherī çangkha amlingi awor swara ning sāmajângrĕgung lan panghrik ning wājī sĕsĕk ing lĕbuh agung.

42a. Ndan sira çrī narapati wus eñjing tinangkil ing bale bang sampun ahyas angrangsuk sabhūṣaṇanirêng (ng)uni pĕpĕk punang para mantry ādi mwang para kṣatriya wontĕn sang dwija çewa ṛṣi sugati pan sama añjaya-jaya siddhaa ning sang lungânglurug [75]).

42b. Tinīrthan sang para mantrī ndan sang nātha mangkyâdadar-dadar lañcingan kalambi gagampang dadap tĕwĕk kĕris samâmit sampun ndan sira tumĕnggung ring ayun anunggang turangga jamus pinalanan kumram warṇanyâñjrihi mulat pinayungan sahâjujuluk.

43a. Sumrĕg balanyâkweh tumindih ken dĕmung anêng pungkur munggw ing wājī rakta bhinūṣaṇan mas angrawit jujuluke anêng ayun pinayungan kĕtas çyāma gumrĕh balanyângiring rakryan apatih ring untatipun.

43b. Anitihi kudâpĕtak [76]) kumram bhinūṣaṇêng tatur kading surat dinulu rūpanyâkung raspati pantĕs yan galak amadhu sapangawin pinanding ayun pinajĕngan kĕtas angrawit sĕsĕk balanyândulur.

44a. Raāden āryânêng uri umunggw ing matĕngga tuhw açrī tinut de ning jong kuning sajujulukira pinandi kweh ning para kṣatriya mantrī punang andulur lumary angidul wontĕn salakṣa kweh ning bala muwah kang angalor lumaku raāden mantrī alu.

44b. Kalih lan twan sirikan pun kanuruhan kalawan ken rangga sama munggw ing wājī kweh ning bala thānī angiring tatan paligaran satatabuhan gumuruh satĕngran dhwaja mwang tunggul kadi andhakāra tinĕpi-tĕping kilat padāti lwir gĕrĕh gumuruh.

45a. Samâsru lakunya lumaris piniṇḍa sañjatâgung wus lĕpas saking nagara ndan çrī narapati nityaçângiṣṭi amrih siddha ning balândon jurit brayan ayogasamādhi sihan ing hyang satata kang [77]) ginung.

45b. Tan warṇanĕn çrī narapati ndan punang balânglurug pitung dina ring ĕnu wana tĕgal kairing wus prāpti ri Jurang Angçoka jajahan ing Singhasantun çīrṇa punang thānī anângilya sawaneh anungkul.

46a. Sore mangke prāpti anêng Kali-Turan [78]) sampun samâkukuwu

tan kawarṇêng dalu ucapĕn malih çrī naranāthêng Singhasĕkar eñjang çrī nṛpatiwadhū atutur swapĕna kaka aji angipi isun çīrṇa tang nagara kagunturan jaladhi ngalun.

46b. Sakeh ing wong sanagarī wiçīrṇa hantu karwaban ing samudrânging [79]) punang kantun çāçwatâurip nanak mantrī Harṣa-Wijaya umusir çṛngga ning Meruparwati tan-sah kadehanira angiring [80]) çīghra pratiṣṭhêng çikara Meru nini Galuh dinudut.

47a. Katungkulan Yawanusādi çrī narendra sumahur alâyu kajaripun nging [81]) iṣṭanisun [82]) yayi prāyaçcittâglis winangun marma ning twas tan sipi ring mantrya lungândon [83]) jurit manawy amanggih kewĕh ing laku.

47b. Mangke sun yayi mijil awawah ing pun patih angundang sang para dwija tumuly ahyas çrī nṛpati wastranira kĕtas ungu arjâsabuk taluki dadu anungkĕlang kĕris alandeyan kusyaraga [84]) marum.

48a. Anguwah karṇa tuhw açrī asumping sumanasa wilis siniram ing er-gulwârum akalpika roro sisih ndatan pagĕgĕlang asipat Pakudan embuh ñĕñĕr ing dulu waja mahw agātra randi pan wuryan ing asusur lati abangkit gĕsĕng umurub [85]).

48b. Duk prāpting yawi tinangkil ing pangastryan pĕpĕk sang mantrī kṣatriya mwang rakryan apatih mantrī wṛddha tan kari angling çrī narendra kayângapa wĕrttānipun kang balândon yuddha ken apatih anĕmbah matur mahu patik ajy angrungu wontĕn majaya rawuh.

49a. Nĕnggeh wus labdhagati anungkul sang nāthêng Malayu done mbontĕn prāpta anganting sang rājaputrī asĕng smita çrī naranātha ken apatih wṛddha matur wontĕn utusannyâdhipating Madhura wahu rawuh.

49b. Yan sang nāthêng Kadiri prāpti angāla-thāny anglurug lingira sang aulun apahido sun iki ndi mapa yan ati mangkanâpan wus aprītya lan isun rakryan apatih angucap bhāge yan prāpta pukulun.

50a. Nĕda patik aji mĕne amaguta palibhayêng Daha duk kapan yan wani yan tan bontĕn prāpti ĕmben i yan sampun rawuh kang balândon saking Malayu patik ajy amit anglurug [86]) maring Kadiri nĕnggeh aputrī ayu ndatan patanding lwir Raty' anurun.

50b. Makaçrī-kiraṇanira twan mantrī den gĕnĕp pisan pukulun reh ing prabhu wibhuh smu ewa sang para mantrī wṛddha angrungu sanggupe pun patih Nĕngah smu pragalbha [87]) langguk tan-dwa ana ta wong prāpti saka lor apapalaywan karingĕtnyâdrawayan mĕtu.

51a. Jumujug maring pangastryan tĕkânĕmbah ing sang prabhu asmu kagĕman matur den age çrī bhūpati punang Mĕmĕling wus

kawus linurug de ning wong Daha ramyâprang bala aji kweh mati pan kakehan ing çatru.

51b. Akweh tinawan sajalw-istrī çeṣanipun malayu musir wana pringga durga ri çṛngga [88]) ning wukir lyan tang umusir nagantun kagyat sira çrī narendra mwang sang parâdhimantrī akon anĕmbanga tĕtĕg agung.

52a. Geger kang wong sanagarī umĕtw ing lĕbuh agarawalan adan sañjatâtrĕwu sawaneh angling paran marma nikang geger agung kang wruh linge amuwus tan wruh bhaya sira rug tang nagara iki linurah de ning wong Daha punang Mĕmĕling sampun kawus.

52b. Paran ta tĕmah ing nagara iki masa urung dadi awu pan wong sinĕlir wus lungândon [89]) jurit anging mangke karĕpingsun lungângili sawany' âmuwus duh aja gege apan [90]) durung līna sang nātha mwang rāden mantrī malar mĕnanga kang wong padânuhu.

53a. Ndan sira çrī bhūpati mangkyâsmu epuh katrĕsan de ning wong sĕlir wus suwung kañcit raāden mantrī prāpta saha bala gumyuk kadi parwata sāri atur jaladhi angalih kagiri-giri alĕp dinulu.

53b. Tuhw akung anunggangi wājī rakta bhinūṣaṇan ĕmas pinatik ing çoçoca amuwuhi rawit awastra randi ginātrêng rukmi tiningkah loloran ginanggong amalisir asabuk gringsing sumaguṇâlus.

54a. Asisigen rukmi akris alandeyan kusyaraga [91]) sumunu sinaroja ing rukmi ajajawin mirah māyā agung-agung apinggĕl kanakâpus lulut kalih lawan kĕmit-tuwuh [92]) apanumbuk mirah lagy atĕtĕbus pĕtak ali-ali bang wilis murub.

54b. Roro salaya nīla munggw ing tuding angrĕngga lurus ning jarijy anarawṛṣṭi [93]) asumpang sumanasa wilis pinattra ingĕmas tinĕtĕs sumaguṇârum rinaras twas siniram ing er-gulo mar mrik anting-anting [94]) nīla kumbang [95]) lan mirah sugâkram sumunu.

55a. Gagampangira sūtra wilis boño de ning mas ajur asipat Pakudan embĕh ñĕñĕr ikang liring waja mahw atungtung jamus laty abangkit tumurut dadu lwir atruh-truh gĕndis gisi-gisy anrang puṣpa ning andul.

55b. Tinut de ning jong kuning wyakti lwir hyang Wiṣṇw andarat samêgar punang andulur duk prāpting arĕp sang katong nĕhĕr tumurun saking wājī lumampah aris mĕndĕk anĕmbah tumuli ingaturan paṭāraṇâlungguh.

56a. Lingira çrī narapati duh kaki musuhira mangke rawuh saking Kadiri sampun kawus punang Mĕmĕling akeh balanirângĕmasi lyan tang malayu atawan tatu raāden mantrī anĕmbah matur patik ajy amit pukulun mangkyâmagutêng ayun.

56b. Umatur rakryan apatih sampun pukulun raāden mantrī mangkat anĕda patik aji atandinga kawanin lan pun Jaya-Katwang yadyapin embuha sampun sangçaya pāduka çrī bhūpati patik bhrâmagut sana ning çatru angāla-thāni prachidrêng laku [96]).

57a. Sumahur çrī bhūpati lah aja sira mangkata mĕne parĕnga lan isun lan mantrī wṛddha iki yan kaki wus kapĕsan ing jurit tumuli amit anĕmbah sira twan mantrī sakweh ing mantrī anom andulur.

57b. Mwang kadehanira tan kari sumrĕg sabalanipun samâwayah tumambirang samâpĕkik-pĕkik watange kumram rinĕnggêng rukmi awyatara rong ewu kang dĕmon lan bĕdil suligi sama lumakw ing ayun.

58a. Wong amagĕr sāri gumĕrĕh ing uri awyatara kalih atus pĕdangnya ingunus kumĕdap-dap lwir taṭit parise tinanggalan rukmi saha bubungkul rawise bang pĕtak ariwĕg kanan keri sĕsĕk angalor ing mārga tuhu lwir Weçrawaṇânglurug.

58b. Wus lĕpas lakunirâglis ndan sang nātha rumasêng ati rehira rāden mantrī wyakti sira lagy anom durung tama [97]) ing payuddhan pilih karahatana angling çrī naranātha ring rakryan apatih Nĕngah sira tumutura ring nanak mantrī maras twasisun.

59a. Sirâdhyakṣa umatur aris kasĕpen sang aulun yan pun patih kinen lunga [98]) manawâna malih chidra ning ari angāla-thāni sapa amaguta tan aidĕp nṛpati [99]) ken patih mangkat sabalanipun [100]).

59b. Ndan kaucapa [101]) malih sañjatêng Daha saka kidul wus asĕnĕtan ing alas ana dūta prāpti umatur ing raāden ārya sĕdĕng linakwan pukulun pan wus olih kāladeça tuhu tan wruh punang çatru.

60a. Sĕpi tang nagarī sakweh ing sañjata wus angalor lumaku anging [102]) çrī narapati punang kari lan sira ken apatih wṛddha egar ken apaty' angrungu tan-dwâgĕlis mĕtu saking alas ing Lawon anuju ring Siddhabhawana tan nahângāwārêng ĕnu.

60b. Çighra lakunyâglis prāpting Singhasĕkar saha surak gumuruh kang wong pada tan wruh yan musuh prāpti kagyat tan wr' ing rehanipun padâgarawalan malayu anângĕmban suta putu lyan anginĕb lawang anângungsi pangastryan ajrih anon çatru lwir guntur.

61a. Kagyat sakweh ing tanda mantrī tan asārâgyâmagut [103]) pan kakehan ing çatru angudani jamparing suligi mwang bĕdil asimban kondur wong ing Singhasantun umusir nṛpati smu kagyat anon çatru supĕnuh.

61b. Syuh epuh tan wr' ing gati kumĕtĕr wet ning katrĕsan lagy akon anginĕba lawang ing carangcang aglis sirâdhyakṣa lan ken

Wīrakṛtī kalih aněmbah matur punapa don ing çrī bhūpati asmu maras pukulun.

62a. Yan kaya nṛpati tan dadya gingsir ing kasinghawikraman [104]) mangke olihan ing atāpasâpětak wanguněn krama ning kṣatriyakula çūrasārêng ayun tan kewran yan rinĕbut ing ari iniṣṭi anut reh ing dharmayuddha hantu asilunglung kasādhun.

62b. Apan sampun panitah ing hyang Prameccha [105]) alâyu ning ulah tan simpang pinanggih krama ning andadi wong urip tan kasthityakĕna yan çrī narendra tan mĕtu tan wurung tinunwan punang nagara iki pĕjah ri jro ning pangastryan tan-wun Yamaloka tinĕmu.

63a. Ilang wĕdinira nṛpati mangkyângrungu pitutururâpatih wṛddha sumilih [106]) krodha ning ati maĕli kasinghawikraman mwang sang para mantrī padâhyun maty amĕtoni [107]) umusir kaçūradharmêng ahyun.

63b. Ndan wong Daha lumindih saha surak umwang gumuruh kapan ko mĕtwâpagut [108]) mayan [109]) tus ning prajurit den aglis atandinga kawanin yan ko awĕdi angaturakĕn kabhaktin sang putrī kalih makapanungkul [110]).

64a. Yan tan mangka ngong tunoni tang nagaramu wong Singhasĕkar mangkyâsurak atri adan amĕtoni tumuli apagut ramyâprang swara ning bĕdil kumutug lan gandi asimban awor lawan suligi tulup lan watang tumandang asru saha surak gumĕntus.

64b. Mangsĕ [111]) punang tanda mantrī Singhasĕkar tuhu yan prawīra prathama ing jurit tan-dwa kondur wong ing Kadiri akeh pĕjah atumpuk mangsĕ [111]) rakryan tumĕnggung lan ken dĕmang sabalane kalih sumrĕg ing ayun anglĕpasi astra lwir udan kang sañjata pĕnuh.

65a. Ramyârukĕt tang jurit krĕbĕt ing dadap asimban pan tan pagati punang watang gāṇḍewa suligi mwang bĕdil tulup ndatan pangani pan arurĕk aridu silih-pĕdang mwang silih-kĕris pada tan arĕp kondur.

65b. Tanpa wilangan kweh ing mati ndan ken rangga aněmpuh kalih lan ken kanuruhan sama angĕmasi de ning sang mantrī ing Mĕmĕnang [112]) çeṣa ning mati malayu sotan ing akidik tumuli tinut tĕkêng manguntur.

66a. Runtik çrī bhūpati de ning balâjrih tumuly amĕtoni parĕng rakryan apatih wṛddha lawan ken Wīrakṛtī mangsĕh saha bala prasama amrang angiwung kady angun-angun çīrṇa syuh mati sing kaparag gĕmpung pinarawaça kondur ajrih sinrĕng ingamuk.

66b. Anging [113]) mantrī ādi manggĕh tan wrin-wrin çūrasārêng

kawīran ramyâprang sily'-okih tanpa wilangan kweh ing mati sira tumĕnggung Wīrakṛtī mangsĕ tan asru ken Wīrasandhi amagut samâsikĕp[114]) dadap suwyângadu kawīran tuhu çūradharma winangun.

67a. Wruh sira dĕmung Wīrasandhi ry harṣanira tumĕnggung yan tan anggâmĕjahana sinuduk trus jajanyânuli tiba atĕkĕn rangin rudhirane anĕmbur atutur awan ing kapatin Hariloka dinunung.

67b. Katingalan denirâpatih wṛddha mangsĕ tan asru pan çūnyaratha ginung sahâçabda lah yayi antosĕn mangke irisun patih Mundarang amapag wus wruh hyune ken patih wṛddhâglis sinuduk jajane trus.

68a. Tan simpang denira mungsi ring acintyaçūnya tinut ing larut ing bala ajrih yaya[115]) tan panolih nṛpati tumandang ing harṣa kadbhuta amrang angiwung rĕbah sing kaparag lwir Kālāntakângindarat añjrihakĕn tumingal[116]) raāden āryâglis amagut.

68b. Samâsikĕp rangin angling çrī narendra tur anudingi iya ngko bhayâaran ārya ring Kadiri tandangmu liwat tan pracura tan anggĕgwani dharmânut ing kaculibrata pembuh malih tĕkêng ratumu masa ngong ulapa rāden ārya mesĕm sumahur.

69a. Tuhu ujarirêki[117])don ingde[117a])pañcānṛta jāti ning çatru kaliliran apan[118]) tan mandyâweci tumuly aprang asrang silih-tangkis wruh padâmet chidra asuwe silih-ukih nṛpaty aglis ambabad anuduk.

69b. Rāden ārya luput inungsi tangkisirâmĕlĕcut[119]) çighrâmalĕs anuduk trus jaja çrī bhūpati rudhiranira sumĕmbur tumuly aniba[120]) ring lĕmah rame kang surak atri tinut ing prabhāwa gĕntĕrnyâsru.

70a. Matrang riris alit tinut ing anila tejâwor kuwung-kuwung tĕngranira sang mati çūrêng palugon sakweh ing kantun çīrṇâlayu tan wr' ing ungsi[121]) mangkyâbyuran pating samburat ndan sira kryan apatih matur ing raāden ārya yan anâdi ning musuh kantun.

70b. Twan Harṣa-Wijaya kari pun patih samâbĕcik balanipun ken dĕmung angling singgih den samângragah wiṣṭi asowarêng bala aja agyâñjajarah ken tumĕnggung angucap atut lah padâcadanga mĕne yan prāpti aja kondur kang wong pada anuhu.

71a. Ndan sampun sama atiyang prayatna angragah kewuh ndan pun patih Nĕngah wahu prāpting Sawah-Miring dadyan tângrungu[122]) swara ning bĕdil mwang surak atri asmu kagyat mangkyânolih anon ing kukus mlĕk ing nagantun.

71b. Marma ning twas tan sipi rehira çrī bhūpati kantun tumuly aglis awangsul sabalanyâpapalayon prāpting tĕpi[123]) ning nagara dady ana ta wong katĕmu matur asmu gipih wus ĕnti kang nagara pukulun.

72a. Sira çrī bhūpati lan pun patih tuha ken Wīrakṛtī sampun

samângĕmasi sang winarah ĕnti brahmâtyanira angrungu bang ning [124]) akṣi kady [125]) alalatu pāwaka dumilah wadana lwir (r)arahup rah tur lumampah asru lwir lisus aglis prāptîng manguntur.

72b. Çīghrângamuk ken apatih sabalanipun tan panolih ramyâprang amrih-pinrih asimban tang gandi suligi ndatan paparungwan swara ning bĕdil kumutug aor lawan surak umung awanti-wanti pada kadbhutâpagut aridu awor padâprang (ng)amuk.

73a. Smu kondur sañjatêng Kadiri sinrĕng tinut ingamuk derâpatih Nĕngah pan tuhu prakoçêng jurit ndan mangsĕ sakweh ing mantrī ādi sabalane lumurug ramyâprang tumindih-tinindih kondur wong Singhasantun.

73b. Runtik rakryan apatih amlĕg turangga maring ayun ken tumĕnggung amagut sama anunggang wājī rakryan apatih mangkyânudingi angling wuwusnyâgangsul tuhu tan pracura ko ari parachidra tinutmu.

74a. Palalawun ta ko mati mantuk ing nirayapada tinĕmu angling ken tumĕnggung iya ngko bhayâran patih kang kaduk bĕsus tur khaḍungkabuddhi tan luhung kamayangan ko katĕmu punagingkw ari anugĕla gulumu makatur-atur ing sang aulun.

74b. Antyanta brahmâtya kalih pada tumurun saking turangga samâwatang tan jrih ramyâtanggul-tinanggul kalih tikĕl punang watang pada tan surud ing pupuh angunus duhung angragut [126]) lagi silih-kris kasoran ken patih tur sinuduk tan-dwa trus jajanipun.

75a. Durung pĕjah aglis ṣinuri surak umwang gumuruh çeṣanipun malayu ndan kawarṇaa malih sira twan mantrī woyêng Mĕmĕling ramyâprang ndan wus kondur sañjatêng Kadiri kweh mati denira sang abagus.

75b. Wus çīrṇâlarut tan panolih ndan rāden mantrī kantun araryan ing bale pañjang sakadehan marĕk tuhw açrī sabala pĕnuh samêgar amarṇa-marṇa solah i jayêng jurit padâmrih sewakêng tuhanipun.

76a. Sira rāden mantrī angling ing kadehan akon mangkyâmaayu sakweh ing thānī rusak de ning ari wongnyângili waluyakĕna kang liningan awot santun dady ana wong prāpta [127]) matur yan çrī naraṇātha mwang ken apatih lan mantrī wṛddha çīrṇa sampun hantu.

76b. De ning sañjatêng Kadiri kang saka kidul sumahab lwir guntur kagyat raāden mantrī tan anganti ĕntyan ing warah glis umunggah ing wājī lan kadehan tur lumampah asru gumyuk punang wong angiring sama tan aty auripa aglis prāpta ring Singhasantun.

77a. Ndan wong Daha wus denyângdani gĕlar anêng manguntur

ardhacandra winangun ken dĕmang munggw ing keri tĕngĕn sira kryan tumĕnggung madhya rakryan apatih rāden āryâtmarakṣa ning bala ring untat makagugunung.

77b. Tan-dwa prāpta raāden mantrī saha surak gumuruh çīghra anrĕng anĕmpuh ndatan panolih wiṣṭi [128]) pan ati-atya anglalu pati çūra ring payuddhan wong Daha biṣa amet chidra sing mangsĕ çatru rinĕbut [129]).

78a. Sakĭng kanan keri rame punang yuddha bĕdil pating pĕlĕcut asimban gandi kalawan suligi umwang surak tan paparungwan krĕbĕt ing dadap apagut lan krĕcik ing watang tikĕl pada angĕris tang pĕdang lwir taṭit kumlab silih-tindih tan ana kondur.

78b. Atyan kadbhuta ning jurit pada çūra dhīra suçramêng ayun añumbung-sinumbung ndan sira twan Ino lawan sakadehanira tĕka murĕk mrang angiwung kondur wong Mĕmĕnang [130]) akeh mati sinrĕng ingamuk rakryan patih mara asru sabala marĭng ayun.

79a. Ndan ken tumĕnggung Mṛgapati malih lan ken dĕmang padâsru mangke angasut saka ring kanan keri nglĕpasi sañjata lwir udan kweh mati wong Singhasantun apan wus kalĕbw ing gĕlar çīrṇa syuh sinrĕng rinĕbut.

79b. Ndan sira rāden mantrī lawan sakadehanira apulih-pulih tan pantuk pan kakehan ing ari ring kanan keri angasut asasaran alaradan sumĕngkêng Sawah-Miring ken patih Mundarang sru amburu.

80a. Saha balâsrang lumindih katututan ring Sawah-Miring sira raāden mantrī sawongira tumuly awalik ramyâprang anêng ĕndut ken apatih āpty angduk wahw angunda buntal rāden mantrī anolih tan natgatêng wiṣṭi amañcal singkalan ing amiluku.

80b. Binandĕm ken patih katuju mukhanipun kebĕkan de ning ndut [131]) muwah ken tumĕnggung ken dĕmung binandĕm kalih de pun rangga Wĕnang parĕng lawan ken Sora samângĕnani mukhâsmu kasaputan tingalipun tumuly asasaran mundur prāpta ring Singhasantun.

81a. Samâkukudw angragah wiṣṭi ndan rāden mantrī angucap ka rangga mangkyângapa denira lakw iki kaya sukha angĕmasi pati [132]) sapady auripa kerang-eranga kari karĕpisun malih padângamuk.

81b. Ken rangga matur awot sāri lan kadehanira atut sandikanira dewa kawula [133]) umiring sabhayāntaka pakanira anging den anganti kāladeça mĕne wĕngi yan āpti pakanira angamuk.

82a. Yan mangke kaya tan polih pan wong Daha antyanta yatnanipun tur kawulanirêki lagy akidik twan mantrī anuhu tumuly adadar-dadar ing bala lĕwih punang kadehan sinung kalambi lañcingan ndan wus surup hyang [134]) arka wahu sirĕp kang wong aturu.

82b. Ken Sora matur duwĕg mangkyângamuka sĕdĕng sirĕp pukulun punang wong aturu nĕhĕr lumampah twan mantrī lan kadehanira sabala tumuly angamuk amrang angiwung ndatan panolih tan-dwa kagyat punang sañjatêng Daha abyuran tan wr' îng rehanipun.

83a. Aridu awor tan wr' îng ari akeh silih-kris ring rowang grĕbĕg ing malayu lwir bubul kang pṛthiwī kweh rĕbah kedĕk ing rowang lyan kanin kĕnêng tumbakipun umwang swara ning wong añjĕrit ana mĕkĕh angaduh.

83b. Tanpa wilangan kweh ing mati sinrĕt[135]) tinut ingamuk wontĕn balaman murub ndan irika kapanggih twan dewī sira sang panuha[136]) twan mantrī aglis anambut saha wacanâris duh kari sirâtmajīwanisun.

84a. Tan pawang mātrā kapanggih sira masisun upamā pukulun kakantâmanggih kĕmbang lwa ri tĕlĕng ing pasir sirâyinira anêng ĕndi tan ana[137]) tumuta[138]) ring pakanira sira rāden dewī tumungkul sarwy anangis sirêñânahuri saha wāspâsru.

84b. Singgih pasah uni rayi pakanira duk līna sang aulun pan kĕdĕ(h) āpti tumuta ring çrī pramiçwarī asuduk çarīra bela ring çrī narendra anging ndatan sinung reh ing pakanira kari ya ta marmanirâpasah pada tinawan de ning musuh.

85a. Ĕnti wlasira rāden mantrī asmu wāspa angrungu tur angucap ing kadehan karĕpisun iki lah padângungsĕd angamuk malih malar ta yayi sang anom mĕne kapanggih kadehanira anĕmbah matur.

85b. Duh yan mangkana malih kāpti pakanira dewa kang bala akidik kantun tur samâtawan kanin kang ari wus padâwungu prayatna anêng kuwunipun sākṣāt[139]) anglangeni udadhi pirântuk ing angamuk.

86a. Lĕhĕng yan kapanggih rayi pakanira yan tan bontĕn katĕmu[140]) wyakti sirêki kadi lalaron tan wr' îng wiṣṭi āptya tumĕmpuha ring agni sĕdĕng umurub duwĕg mundura pukulun malih amet chidra sahurira raādyan atut kaka ujarirêku.

86b. Nĕhĕr ingĕmban twan dewī lumaris lampahira ndatan asru rawongirândulur samâtawan-tawan tangis pan tan biṣa lumakw ing wĕngi prasamâtuntunan aris lakunyândarung ndan meh rahina rawuh tang sañjatêng Daha anut saha surak[141]) gumuruh.

87a. Katututan sira kidul ing Talāga-Pagĕr esuk ndan wongira rādyan aganti-ganty angareni aprang rehira raāden mantrī alonlonan lumaku angĕmban twan dewī marma ning lagy aprang undurundur.

87b. Pun Gajah-Pagon tan wr' îng wiṣṭi rinĕbut de ning çatru winatang pupune trus ndan ken Sorâtulung glis kang amatang çīghra

mundur kagyat sira twan mantrī tumingal mandĕg dady angling kayângapa tatunira iku.

88a. Yan tan kawaça lumaris lah padângamuk mangke karĕpisun Gajah-Pagon lingnyâris kawaça manirânging [142]) alon-lonan pukulun pan wong Daha tan asru denipun anut nĕhĕr lumaris tan aglis ndan muwah sañjatêng Daha mangsul mantuk ing Singhasantun.

88b. Prasama angragah wiṣṭi rehira twan Harṣa-Wijaya kantun ndan sira rāden mantrī wus lumaris anusup ing alas agung akĕdik wongira andulur pan akeh angĕmasy hantu lĕpas larinirâmurang-murang laku pan tuhu tan wruh [143]) punang dinunung.

89a. Sumusup ing wana pringgâhrit durga jurangnyâtrĕjung kweh tang bañw agung-agung anânglandĕng aputih watu ridang aty aluyu angrĕsy ati ning lumiwat liku-liku pan antyanta wiṣṭi sumĕngkê jĕng ning gunung.

89b. Jurang ajro kairing akrĕp tang wuluh lan pring tarulatâket silih-kayuh mwang pasalit ning galing lagy angriwĕgi lumaku ndan sira rāden dewī mar [144]) syuh anon ri durga ning wanādri pan tan wĕnang lumaku.

90a. Kangĕn reh ing (ng)uni duk ing nagarī dady alarânangis ndan lingira twan mantrī duh dewa sang ayw anom majarakĕn wus pātaka-nirâkĕmbalan lan isun aja pati lara derânangis ātmajīwa lah lumary alon-lonan salakwan ing suku kang tinut.

90b. Malar ana sih ning Widhi amanggih āçrama pārçwa ning gunung tutut sang dyah lumaris kinanti den twan mantrī [145]) mwang tang kaka-kaka samâtuntunan lumaku sakadehanira rāden mantrī awlas andulu lwir ginĕtĕs nālanipun samâsĕmu-sĕmu luh.

91a. Sarahina lumaris ndan wus sumurup hyang [146]) arka araryan sor ing grodhâgung [147]) sama angrasa lilih twan dewī mwang tang kaka-kaka tĕkâguling pan alĕsu ndan raāden mantrī lan kadehan tan dadi aturu.

91b. Kagugu solahirêng (ng)uni duk anêng nagarâpan tan [148]) wang mātrā anĕmu lara duhkha kayêki dady angĕmbĕng-(ng)ĕmbĕng luhira kangĕn ing çrī narendra kalih sira twan dewī sang anom ilang kāla ning musuh [148a]).

92a. Sangçaya ketung sirangirêng [149]) ati tan sama-samêng anĕmu pāpa kayêki cittanirêng palugon uni anglampwakĕn jīwa ndatan katĕkan ing kahyun bhaya pangdan ing hyang asung lara tan sipi tumuli mĕnggah akĕcap wāspanirâdrĕs angapitu.

92b. Sakadehanira ĕnti wĕlasnyândulu ring twan mantrī samâ-ngĕmbĕng-(ng)ĕmbĕng tang luh tang balâsĕpi tan pangling anging [150])

mĕnggah [151]) angaduh kangĕn [152]) ing sanakipun mwang mitra wandhu aky' ângĕmasi lyan katawan marmanya kapĕgan sawĕngi ndatan kĕnêng turu [153]).

93a. Wyatara madhyarātrī tistis tang wana wukir atur tumut wingit tang taru akĕmul himânipis kĕsĕh ning cāmara asmu tangis lĕhnyânêng tuṣāra tumeretes amṛṣṭi guruh ing tuban kĕcapnya asru.

93b. Wus dawuh sapta mirir mārutanyâwor riris mandra-mandra swara ning guruh kokilânuhw angmuni [154]) wilwa lawan paksī kĕtur sata wana muny añjrit lwir amungw akon lumaris twan mantrī musir āçramâsamun.

94a. Rāden mantry atangi angusapi wāspa sawacanâris ka ranggângapa iki denirângrasani iṣṭanisun tan panon rāja-pĕjah [155]) angayam-wana ken rangga awot sĕkar matur yan mangkana pukulun paran wadi ning anusup tan bontĕn kĕnohipun.

94b. Balikan umungsi ring Himagiri malar ta mĕne katĕmu kahyanganira ĕmpu Çāntasmṛti ken Nambi sumahur atut iku anging [156]) tan wruh ing ĕnu ndi mangke tinut ndan ken Sorângling ajâdawa derângrasani lah ta salakwan ing suku kang tinut.

95a. Ken Pĕdang sahurnyâris singgih atut ujarirĕku malar ana sihan ing hyang dumadak kapanggih kahyanganira mpu Çāntasmṛti Gajah-Pagon sumahur [157]) manira karia dawak pan tan kawaça lumaku.

95b. Paran ungsinĕn malih pan wus pada de ning pĕjah yan anusupa ring gunung isun tan wurung mati pun Lĕmbu-Pĕtĕng amuwus aris isun mĕne anuntun ri durga ning wukir lah tâlon-lonan mangke lumaku.

96a. Ndan raāden dewī ĕnti maras ing twas pan tan wĕnang lumaku ri durga ning wanādri dady asmu-smu tangis twan Harṣa-Wijaya ĕnti [158]) wĕlasira andulu [159]) marmarânambut duh sampun maras jīwātmanisun manirângĕmban sang arum ring durgama ning ĕnu.

96b. Nĕhĕr ta sira lumaris amūrwânusup anêng alas agung kakakakândulur kweh trĕjung sĕngkan kairing anêng slĕwang-slĕwang ri lĕpit-lĕpit ing gunung sukatnya bhīṣaṇa tuhu nora wuryan ing wwang [160]) tang mṛgapati srang anggĕlur aliwran tang sarpâgung.

97a. Tangeh yan warṇan reh ing kawĕdi-wĕdy anêng alas pirang dina sirânusup tan kĕnêng tadah guling sing wilis punang pattra bhinukti brayan dina lumaku prasamâlĕsw anglih tuhu lwir pangdan ing Widhy anuntun.

97b. Tan siyang [161]) kang inungsi aglis liwat ing wana trĕjung meh

prāpta[102]) ring Himācala sumĕngka ri jĕng ikang wukir kongkulan tang lurah alas-alasannyâlangu paja-paja kasĕnwan rawi lumra tang kuwung-kuwung.

98a. Añumbanêng wārih dadi atĕmah mĕndung tinut de ning pawanâris sumilir lumra ng riris alit aniram-niram[103]) ing sakalangun mandra-mandra tang guruh kady anīrṇakĕna gĕyuh ing sang lumaris asmu kagyat ta hariṇa mangsul lagy anusupi parung.

98b. Atut salaki-bi liringnyâmanis[104]) atur amangsiti anggyakĕna lumaris angusir āçrami tang sūkarâdulur-dulur yayânudwakĕna ring ĕnu ndan sira raādyan atut gĕgĕr tuhw açrī babadan wus tinarukan anêng slĕwang-slĕwang ing gunung.

99a. Wus tinunwan angrawit punang tarulatā wahw anglung angol ing luruk-luruk rumawe tang wlas-asih mwang galing angayuh tahĕn aking pagagannyânglurak thāninya asmu wilis ri tĕpi jali jawa atuntun.

99b. Māyā-māyā tang wṛṣṭi mendra cātakanyâmlas-ahyun kokilanyânununuhu[105]) sinrang ing pakṣī gĕnding mraknyâñawuwwang anêng lĕbak pañjrit ing sata wana muning tangguli gĕnding lwir anambhramêng sang wahu rawuh.

100a. Woya tang yaça pring danti kinalakah anêng gĕgĕr angunggul açrī kaĕban de ning ungw añandi angringring jangghā asamīpa er-tali mili kumucur anduk ing parung kasongan de ning pandan mrik pudaknyâmĕdar rĕbuk madhukarâsrang lalitângrubung[106]).

100b. Ndan irikâlinggih raāden mantrī kalih lan twan dewī kadehan alunggw' ing batur pan sama kalĕson dadi kongang tang sakalangun samudra lor kadulu wenyârang anglunang alunnyâsasaran lwir gunung lyan muñcar anduk ing parung swaranyâsru lwir kĕtug[107]).

101a. Karangnyâringih-ringih surud ing alun lwir surak banawa ning amayang aliwran lyan tang amañcing akweh sily'-ongsi(h) aneka milir tinub ing angin layarnyângĕdap-ĕdap lwir tĕngran ing aprang apapalayun.

101b. Jong agung ri tĕlĕng ing pasir pilih yan anabrang kaputĕr de ning ryak agung runtuh layarnyânisih majar yan majayanya wus ĕnti lwir tĕngran ing sang ratu kasoran ing jurit lyan milir tan kāwāran ing ulun.

102a. Layarnya çuddha tinut[108]) de ning anila çayâdoh milir mukṣa-mukṣâmor ing lĕngut ndan tan kaakṣi byakta lwir cihna ning jayêng ayun tangeh warṇanĕn langu ning pasir parwata atur anambhramêng sang rawuh kongang tang patāpan anêng slĕwang-slĕwang ing gunung.

102b. Ndan sira twan dewī wontĕn swecchā ning twas rumasâurip [169]) reh ing anon āçrami kadi tarutṛṇalatâking katīkṣṇan ing arka wahu linawad ing jawuh pilih yan anglung sira twan mantrī alon amuwus ka rangga ndi kang dinunung āçramâkweh dinulu [170]).

103a. Ken rangga matur [171]) awot sāri ing kenyâraryana [172]) apan parantunan ing tāpa malar [173]) ana sang widon prāpti anudwakĕn awanira maring kahyanganira mpu Çāntasmṛti ken Nambi matur atut pukulun.

103b. Tan-dwa ana tāpasa prāpti saking wanācala lagy amawa samidha sarwinirâmupu sāri jayaçāntinira marum [174]) asmu kagyat mangke andulu ri sang ayw apĕkik ciptanira hyang Asmarânurun.

104a. Pilih kajāntaka kalih lan Ratih tinut surāpsari nahan rasa ning ati asuwe tan pangling ndan ken rangga aris matur pakanira duwĕg tumurun punika sang mahābhikṣu prāpti twan mantrī tumuli anolih [175]) tur tumurun kalih lan rāden Galuh.

104b. Lingirârum sang maharṣi duh kaki sakîng ĕndi sira masku [176]) kasĕpĕr marêriki sabalâsmu prihatin [177]) awlas tāpantândulu bhaya wuryan ing kawus sakîng nagara masisun marmanirêki prasamântyanta sungsut wongira pada atawan tatu.

105a. Sumahur alus rāden mantrī sahâsmu tangis tuhu sojar sang mahābhikṣu potrakanta kawlas-sih kagunturan lara pātaka tan samasamêng [178]) tumuwuh reh ing tan sakaya ring jurit marma ning kawlas-ahyun.

105b. Sakîng nagarêng Singhasāri kĕnêng nayopāya [179]) sūkṣma ning ari ngāladeça don [180]) ing kesah saking nagarī mangke āpty angulati mpu Çāntasmṛti [181]) çrĕddhāntâtuduh kahyanganirêki nĕnggeh wontĕn ing Meru.

106a. Awlas sang maharṣi ndan lingirâris aduh masku sang abagus atyanta wlasisun angrungu sojarta kaki nging [182]) yan mangkana kahyun iki awan angidul maring pangajaran kang lor maring [183]) pangubonan kang amūrwa iku ya tinut anujw ing batur agung.

106b. Kahyanganira ĕmpu Çāntasmṛti parĕk sakêng riki [184]) kang munggw ing pārçwa ning gunung nahan ling sang widon tur lunga [185]) tan asantun ndan sang kari sama asmu līlā [186]) lagy atuturwan sampun tistis hyang rawi tumuly adan lumaku mangkyânut gĕgĕr angantun-antun.

107a. Anĕmu pangubwan tuhw açrī [187]) tĕpi-tĕpi [188]) ning ĕnu tandu-tandurannyâtub tirisan pucang gading andap-andap awoh mĕnduh lyan tang rangin awot sĕdah ring sor kumbili wuwi patalĕsan pisangnya atuntun.

107b. Sarwaphalânêng tĕpi poh ambawang lyan manggis jambu duryan duwĕt kapundung langsĕb samage wuni wohnyânĕdĕng madam ruru cĕmĕng anikânungtung-nungtung lwir angujiwat ing [189]) sang prāpti athawâkon amupu.

108a. Kang wong sajalw-istrī [190]) prasamâur-uran [191]) amet sarwaphala [192]) ĕnti sukhanyângunduh pan samândap awoh adudwan-dudwan kayunipun wyakti anīrṇa [193]) gĕyuh sarwâlon-lonan lumaku mārganyâtistis angūrdha tinuṇḍa-tuṇḍâlangu [194]) tinrapan çilā wulung.

108b. Cara-caranya angrawit pinggir ing ĕnu andong wilis lyan rakta abhrā [195]) sumunu lan tahĕn puring [196]) pārijātânikâtuntun wunga-tali râma asantun aor labdhawara [197]) gunung turi kañiri priyaka [198]) çrīgading lan trikañcu samâñjrah nĕdĕng santun.

109a. Kumbangnya lalita angringring angĕmba-ngĕmban madhu lwir amidhy akĕkĕmbanga ring sang wahu prāpti meh datĕng ing batur agung dady amanggih er-tali [199]) tĕpi ning ĕnu aĕning kweh tāpa tāpī katĕmw angangsu.

109b. Adulur-dulur prāpti amawa ghaṭa lyan sujang samâsmu kagyat andulu de ning wong akeh prāpti anângling wong paran iku bhaya saking nagarī amangunâyu mara ing āçrami yêku panarkanisun.

110a. Sawaneh anângling kaya tan mangkanâpan amawa astra ana atawan tatu adulur wong wadhon bhaya wuryan ing kawus de ning ari saking nagantun marmanyânusup ing gunung anângucap ih tuhu kaya rājaputrâpan [200]) sumilah ahyang dinulu.

110b. Tan warṇan ujar ing aniningali ndan raāden mantrī sampun prāpting batur agung tumuly alinggih akalihan lan twan Galuh ring mahari tonan binatur karang liman winilĕt ing jangghā kasturi kasongan de ning asanâmayung anglīlā tuhw alangu.

111a. Asamīpa bot rawi açrī makaranyâmrapadu tuñjungnya sindūra çuddha kṛṣṇâñjrah asāri ri tĕpi sarwapuṣpârum asrang rĕng ing madhubratâkarang-karang ing sāri twan mantrī asmu mangu andulu.

111b. Pinarĕk ing kaka-kaka prasamâlunggw' ing lĕmah kweh para kili adulur-dulur samâ 'rṣânononton cittane dudu manuṣa bhaya hyang Asmarânurun adulur lan Ratih kajāntaka sabalâsmu sungsut.

112a. Rowange sumahur [201]) singgih ujarira eman amanggih wuyung duh saking ĕndi kasĕpĕr ing pangubontântyanta wĕlasisun tan-dwa ni ĕmbang mangke rawuh saking pangubonan dinulur ing indang-indang smu kagyat andulu wong ayw apĕkik akeh andulur.

112b. Dady atutur ing twan mantrī pan uni wus wruh duk ing

Singhasantun nĕhĕr [202]) lumaris mĕndĕk sanādâris duh dewa sang lwir Atanu paran marmanira pukulun umungsi āçrama akalihan twan dewī sabala asmu ruditâpiṇḍa wontĕn kewĕh ing laku.

113a. Duh tuhûjarirêki don ingong prāptêriki pan wus kawus tang nagara kināla de çrī Jaya-Katong lah aturakĕnêngsun ri jĕng sang mahāmuni ni ĕmbang sumahur aris tan sipi marma manĕhtângrungu.

113b. Kamayangan tumamêriki mangke manira matur i jĕng paramaguru aglis lakune maring jĕro ndan sira sang yatiwara wontĕn ing madhe alungguh ni ĕmbang tĕka awot sāri matur asmu gupuh.

114a. Lĕbu pāduka dwijarṣi atamyan twan Ino singgih rawuh sarehira katur sĕmu kagyat mpu Çāntasmṛti dady aris mĕtu prāpting yawi sang lwir Atanu aglis tumurun lan rāden dewī sang mahābhikṣu gorawâmuwus du masku kaki bhāgea rawuh.

114b. Lwir anupĕna cittanisun kaki ri swasthanta kalih kady amanggih hyang bhānuraçmi tatkāla madhyarātrī pangidĕpisun lah ta alinggiha tuhan sang liningan anĕmbah sampun sama alinggih parĕng lan sang yatiwara [203]) kadehan samâlunggw' ing batur.

115a. Antyanta wlas sang mahāmuni mulat ing sang abagus mwang kadehan sama rūkṣa [204]) padâtawan kanin dady angling aris duh masku kaki paran marma ning kawus sumahur twan mantrī kĕna ring nayopāya pukulun.

115b. Wus çīrṇa tang nagarī mwang sira çrī bhūpati sampun mokta mwang para kṣatriya tĕkêng adhimantrī kāmakara potrakanirêki kagungan pātaka tan sama-samêng dadi wus amrih hantu tan siddhêng kahyun.

116a. Ken rangga Wĕnang matur awot sāri ri sang mahāmuni sarehira twan mantrī nguni anêng palugon sang inaturan mar syuh kālanirângapi duh masku yaya winlad cittanisun lah mogha ari tulusa tĕmbyânĕmu swastha baçuki(h) angadĕg ratu.

116b. Kadehanira twan mantrī samâwot santun matur duh pukulun dumadak pamastu pāduka sang mahāmuni nda lingira mpu Çāntasmṛti asĕng smitârum lah nini [205]) Galuh lumastaryêng jro āçrami dumununga ring lalangwan ni ĕmbang kang lumakw ing ayun.

117a. Nĕhĕr tumurun awot sāri sira twan dewī kaka-kakanira andulur prāpting lalangwan aris ingaturan anghāraka [206]) açrī ndan sira sang abagus lagy harṣa duwĕgan nyuh danti aglis sampun kaatur.

117b. Tur tinadah toyanyânuli binĕñcah esi sĕkul çweta pariçuddha samâ 'rṣa kang aningali pan norêng (ng)uni yan mangkana dady angling sang mahābhikṣu puniku çihnanira kaki tĕmbyâmanggih kaprabhun.

118a. Samâsukhângapi sakadehanira tumuli prāpti panambhrami maharṣi sawijil ing wukir kulaṭih jalurya lan cacah rinagi [207]) mwang pakis ĕmbung tiningkah ṣaḍrasa para kili samâcacar ndan wus alinggih sang abatur kalih lan sang abagus.

118b. Mwang kadehanira raāden mantrī wontĕn ing wudhi jajar sampun kinen alungguh wus samâwot sinom larih sajĕng lumintu srĕbad mrĕsi kalawan juruh pathya adrawiṇa angling aris sang yati lah ta anadaha tuhan santoṣanirêng gangan gunung.

119a. Duh sājñā sang maharṣi lĕwih pramodananira sampun sumusup ing saptāngga wyakti amṛta ning [208]) nging [209]) malih kahyun raputu tan intar ing āçrami anut ing sang mahāyati malar katiru reh ing kawikun.

119b. Duh sampun yan mangkana kaki durung inganta masku anut reh ing sang atāpâpan lagy anom awet amukti katĕngĕr ing rūpâdi prajña suçīlânulus tan wurung yan amanggih lĕwih panguban [210]) ing nagantun.

120a. Pan sira kaki [211]) wijil ing atāpêng (ng)uni niyata bhinukti sapakāryanirêng dangu tan wyartha n kalakon ala ayu ning laku pan purih ing dadi tinut de ning sukha duhkha balikan sariki mangsula maring nagara sopāya ning amukti ginung.

120b. Ndan ken rangga matur aris sahânĕmbah singgih sājñā mahāmpu çrĕddhānta pukulun amitutturi potrakanirêng nayopāya amrih kandapan ing ripu ling sang pāṇḍyârum duh tan wĕnang isun kaki asunga ring nayopāya iku tan ulah ning kawikun.

121a. Balikan sira kaki mungsi ring Madhura-Wetan anger ing [212]) punang Wīrarāja sumahur rāden Ino [213]) mawi tan kasambhrama po si angdadyakĕn wirang sukhângera [214]) iriki sapadi [215]) lunga [216]) angunggu-unggu.

121b. Duh samangkanaa kaki apan [217]) mūlane ring dangu kinulawiçuddha de sang wus amor ing Widhi masâipun palinga [218]) pangeran ndan punang kaka-kaka matur sĕdĕng puniki ingiring ājñā sang mahābhikṣu.

122a. Anuhu twan mantrī ndatan kawarṇaa derângucap-ucap aluwaran wĕngi ndan sira rāden Ino dumunung oyêng lalangwan wus pinajang-pajangan asahosan paturwanira lan rāden dewī sampun sama aturu sotan ing anglih tan warṇêng dalu.

122b. Dawuh sapta mirir samīraṇâris saha riris alit amwat gandha ning puṣpârum bhramaranyômung angringring madhu ning santun gĕrĕhnyârit mandra karungu mraknya añawuwung [219]) sata wana muny añjrit kokilanyânunuhu lan pakṣī gĕnding kady amumungu.

123a. Ndan sang anahĕn kingking dadi awungu asmu mangu rumasa-rasêng twas lampahira lungângungsir [220]) pun adhipati ring Madhura wus tumrang tang rawi tumurun asnânâdehaçuddha wus ahyas asalin kampuh.

123b. Tuhw alus sūtra randi kumram ginātrêng [221]) rukmi tiningkah rabut parwata asabuk taluki wilis sinujîng hema drawa kumram anungkĕlang kĕris alandeyan dantîngukir tiningkah [222]) bhūta pangawe santun.

124a. Anguwah karṇa ndatan pasusumping ñĕñĕr ing driyâsmu balut pantĕs derânamun [223]) payas ahyang tinon ndan sira rāden Galuh wus ahyas tan pathya tuhw ayu warṇanirângubda [224]) wuyung kalih lumaris marĕk ing sang yatiwara kadehanira samândulur.

124b. Ndan sang paramarṣi eñjing açuci sampun amṛtaçuddhâtur ṇādyārghāñjali ri hyang Çiwa-Rawi sastutimudrāsamādhi [225]) uwus ndan sira sang abagus kalih lan sira twan Galuh prāpti sang mahābhikṣu gorawa sasmitâmuwus lah merenea masku.

125a. Nĕhĕr anĕmbah kalih sampun sama alinggih wusira anadah tīrtha lan kadehanira sami tumuli amit sira twan mantrī angling sang yati lah mogha mas tuwi kongĕn ing Widhi siddha amanggih ayu.

125b. Yan sampun sira kaki anger ing [226]) Madhura-Wetan ajânirakĕna sature punang adhipati wong [227]) lĕwih ing widagdhêng nayawit wruh ing saptopāya rowangira nityângulih-ulih amrih jaya ring ayun.

126a. Asahur [228]) sĕmbah twan mantrī nĕhĕr lumaku sawongirândulur kary âçâsĕmu mangu sang tāpa tāpī tontonĕn denirândulu sang apĕkik lumary andarung tan [229]) warṇêng awan [230]) sampun prāpting sowan ing Datara wus munggah ing parahu tan kawarṇa denisun.

126b. Ndan sira rakryan apatih ing Mĕmĕnang [231]) sampun mangke angrungu twan Ino yan uwus andungkap marîng jong larisnyângalor anabrang garjita akon angumpulakĕn punang tawan wongira ramyâñjajarah kweh tang ratnawadhū mwang rāja-peni sing mūlya katur.

127a. Mwang sira rāden dewī sang anom sampun tinawan sadrĕwenira kinumpul [232]) lan uweña tan kari wongira prasama tumut winot umunggw ing gilingan sampun mantuk sang mantring Kadiri uwus jaya ring ayun.

127b. Tan kawasitêng mārgi eñjing prāpta eng Mĕmĕnang [233]) punang wong sanagara antyanta garjitêng ati angrĕngĕ reh ing wus labdhêng jurit tan-dwâglis mĕtw ing lĕbuh sakweh ning pawestrī samâpti angadang lakinipun.

128a. Iṣṭanyânungsung malar oliha tawan wijil ing Singhasantun

bhūṣaṇa ning wadhū [234]) lyan tang angāpti pahyas amrih kasanmatêng akung de ning swāmī yan rawuh anâsmu sangçayêng laki olih kanyâyu pilih dinohan ing lulut tan sinipi [235]) rĕsnyôlih maru [236]).

128b. Lyan têkang wus parcaya ri sih ning priya asĕng smita amuwus [237]) duh bhāge yan antuka tawan wong wadhon rowang ing angupacāra masa wiwal sihe risun [238]) ndi ana sāgara lĕbur de ning bañu tawa [238a]) rowangnyângling aja kayêku pan ila-ila tuhu.

129a. Anânggung bhrāntânangis añjrit kapaten lakinipun mwang suta lyan ramâ 'ntu hetu lyan nangis tan wr' ing kon sambat-sambate amlad ati ana malajĕng asru amapag lakinipun kanin sarwy angirid sasampur.

129b. Tangeh warṇanĕn reh ing bhrānti kunĕng sira sang prabhu sampun ingaturan yan sang mantrī jayêng palugon adan tinangkil çrī bhūpati kalih çrī nṛpawadhū mwang raāden dewī tan kari sira pāduka matur.

130a. Sampun [239]) samâhyas [240]) angrawit nṛpati awastra bwat Kĕling alus asabuk gringsing udayanâlalakon krisirâlandeyan çyāma rinĕnggêng nawaratna apinggĕl apus pupak kalih tulak lan kĕmittuwuh [241]) apanumbuk mirah ali-ali bang wilis murub.

130b. Apanamar sūtra wilis pinarada lagy anguwah karṇa asumping wārṣikī siniram ing er-gulo anting-anting kālacakra tinrap ing mirah māyâdhwajâtungtung jamus gĕsĕng ning lati abangkit asipat bot Pangajaran amuwuhi [242]) ñĕñĕr ing dulu.

131a. Mwah çrī prameçwarī asiñjang gringsing ringgit kampuhira randi tuhw alus cinitra ing ĕmas ādi aeñjer sūtra gagadungan amanggala canglwi kukus tuhw arum sinujing hema kĕmĕr-kĕnditirâlulut.

131b. Apinggĕl bot Tan-Jawi kalih tulak lan jāga-çatru ali-ali mamanisan asuwĕng pandan ri asumping mangli jinĕbad mar mrik çrīnātha [243]) wilis sĕsrĕbĕng mātrângayoni gĕsĕng [244]) ing laty amanggista rĕmpuh [245]).

132a. Waja cumaraṇa randi manis ing dulu lwir atruh-truh madhu pan winahwan [246]) sĕpuh çrī matur awastra canglwi suga minas drawa siñjangira cĕpuk madhu amanggala sūtra wungu eñjerirâmarĕmpu agĕgĕlang kaṇa kalih tulak lan apus lulut.

132b. Akalpika mirah ādi nĕpuhi lurus ning jariji kĕmĕr-kĕnditira dangu mĕkar binang ijo asumpang priyakâraras asuwĕng gĕdah sinawĕng ing kāñcana pinatik ing nayanângrawit çrīnāthâtuturut [247]) jĕnar sĕsrĕbĕng mātrā asmu mlĕtuk.

133a. Gĕsĕng ning laty abangkit waja anglar ing ali añar dera anambut gĕlung ndan sira rāden dewī asiñjang paṭawala sinujing

hema drawa kumram [247]) tiningkah çītaraçmi wastranira sūtra randi alus.

133b. Aeñjer çyāma mirir kumram binoño ing mas ajur amanggala sūtra jingga cinitra ing parawos [248]) kĕmĕr-kĕnditirâdu manis rinajasêng mirah tigang luruh apinggĕl kaṇâlit kalih lan jāga-çatru.

134a. Akalpika roro sisih angrĕngga lurus ning jariji anrang tatarawṛṣṭi [248a]) kram ning nakhâpañjang lwir maṇik toya angani [249]) lulut asuwĕng mrakata sinawung ing suwarṇa tatur rinajasêng mirah asumpang mangli winalat khaḍga jinĕbad mrik arum.

134b. Pinattran [250]) mas ādi sinawung kāñcana winarṇa priyaka sĕsrĕbĕngira [251]) mlĕtuk çrīnāthâsmu [252]) ijo remanirânda-anda atub lwir jaladâmĕm jawuh tinrang ing angkatan winor lan sāri jāti [253]) waja anarasah rakta laty abangkit gĕsĕng tumurut.

135a. Lwir atruh madhu gĕndis kram nikang gisi-gisi anirakĕn puṣpa ning andul kĕdap ing driyâmanis lwir taṭit angani [254]) lulut wyakti ndatanpa upamā rum ning jaladhi ukir tan sakaya ring raras sang arum.

135b. Duk prāpting yawi çrī bhūpati kalih çrī nṛpawadhū alunggw' ing singhāsana mas ndan raāden dewī woya ring patigâlungguh lawan çrī mahādewī ginlaran pramadani pawonganirâtata anêng pungkur.

136a. Wontĕn sang para dwijarṣi parĕk alungguh lingira sang prabhu punapa gane iki punang balândon jurit tan [255]) bontĕn rawuh sang para dwija aris matur nĕnggeh wus wontĕn ing Tañjung patik prameçwara [256]) smu egar çrī narendrângrungu lawan çrī nṛpawadhū.

136b. Tan-dwa punang bala prāpti adulur-dulur kang tawan lwir guntur tan paligaran kweh ing wong anononton malah rupit kang ĕnu prasamâgawok kang andulu de ning kweh ning tawan anâtanya-tanya ndi bhaya putring Singhasĕkar kasub antyanta ring listw-ayu.

137a. Anângucap bhayêki kang winwat de ning gilingan sinamiran taluki jĕnar kang anggayut pilih kaka-kakanira iku atyantânggĕng prihatin çocâsmu balut ndatan [257]) mary anangis awlas ingsun andulu.

137b. Tan warṇan ling ning aningali ndan rāden ārya sampun rawuh ing pangastryan [258]) kalawan parâdhimantrī makādi sang para kṣatriya angiring tawan supĕnuh pinapag ing liring amanis asĕng smita [259]) sang prabhu.

138a. Tĕka mĕndĕk awot sāri amādapa sakweh sang mantrī sampun prasama alungguh angling nṛpati ngapa tingkahirândon yuddha ken patih anĕmbah matur siddha pukulun wus hantu pun Kṛtanagara kalawan mantrīnira sok pun Harṣa-Wijaya [260]) kantun.

138b. Sakaḍehanipun kari wus anabrang andungkap ing parahu angalor pukulun sukha nṛpati tumuli katur punang tawan ratnâdi suwarṇa kampuh adulur rajata ruru pisis tan kĕnênitung mwang tang kuda liman lĕmbu angiběki nagantun.

139a. Makādi rāden dewī sang anom Puṣparaçmi katur dinulur ing kaka-kaka padâtawan tangis angde ngrĕs twas ing andulu antyantâwlas çrī narendra lah merenea nini alinggih parĕng lan nini Galuh.

139b. Mĕndĕk sarwy awot sāri alinggih sorira twan Galuh angling çrī nṛpawadhū merene niny alinggih parĕng lan kakangirêku nini ratna Kesari isun niny anak-anak ing sira angaḍamakĕna masku [261]).

140a. Aněmbah twan Puṣparaçmi nĕhĕr tumungkul saha tangis tan hyun parĕng alinggih kalawan twan dewī amlasi twas ing andulu ĕnty harṣanira rāden Galuh asĕng smitângucap sampun paty anggĕng wingit isun mangkyâkunĕn sanak sang inujaran asahur luh.

140b. Sirêña umatur aris saha sĕmbah duh dewa depun tulus çrĕddhānirâmupu ring wong kawlas-sih nirguṇa tan wr' ing adhyātmika mesĕm sira rāden Galuh angling çrī narendra nini konĕn angatĕr mantuk ing jro kamĕgĕtan awlas tĕmĕn isun andulu.

141a. Çrī prameçwarī angling aris Pisangan iring mantuk ing jro kamĕgĕtan sira nini Puṣparaçmi aturakĕn sadrĕwenirêki tĕkan ing pawongan sampun samâwot sāri lumaris ing jro pada akukub.

141b. Tan warṇanĕn twan dewī anêng jro ndan muwah sang prabhu sampun adum kweh ing tawan ring balādhimantrī [262]) makādi sang para kṣatriya dwijarṣi linĕwih sampun watra kalawan wong jro purī tĕkêng atunggw ing pintu.

142a. Sakeh ing wong thāni uwus dinum-duman akatik juru kurung sinukṣara [263]) sinung dera kryan patih tĕkan ing tatāpêng gunung ndatan kari pan pada tumut amrih swastha ning rat sanagarêng Kadiri tĕkan ing wong raṇḍā-raṇḍā sinung watra tan ana luput.

142b. Awan awusan ndan prāpti punang tadah sopacāra n dinulu [264]) punang amumundut wong jayasāri sinĕlir wong jaya-nagara atata açrī adulur sampunnyâtitingkah lwir wukir tang sĕkul ulam alinggih çrī narendra ring madhyawitāna [265]) alangu.

143a. Songgwan lan sang dwijarṣi rāden āryânêng maṇḍapa lan sang para kṣatriya mantrī ādi amalipir wīrya panadah çrī narapati sārah tang larih lwir guntur kweh ning lalasti bwat wukir sāgara lwah tan kantun.

143b. Lan jawadah lumindih adulur amik-amikan tan pĕgat tang drawiṇa srabad [266]) miñu lawan mrĕsi mamanisan kilang juruh muni rĕdĕp kacchapī men-men amidu asrang para kawi anâtĕkap alangu.

144a. Swara ning gong gĕnding atri umwang gumuruh tan paparungwan akweh sang mantry awuru tinub ing larih ramyâwiwidyan [267]) angidung akakawin amĕdar kawruh tur bhināṣān aky' ârĕbut jitākṣarâji sang dwijâmidyani [267]) asmu kerangan kang kasoran kawruh.

144b. Dady anutur-nutur uni reh ing aprang duk anêng Singhasantun tan kasoran tĕmbung punang wruh mesĕm ing ati denya angugung laku kaya nora wontĕn [268]) wong wĕruh tiwase dinalih luhung mwah tang tonton awayang anapuk kang wong anonton sĕsĕk supĕnuh.

145a. Ramya ning guyw awanti-wanti duk acocokohan lyan tang agugujĕngan ĕnty harṣa ning aningali sore aluwaran çrī bhūpati mwang sang [269]) para dwija sakweh ning mantrī ādi wus mulih ndatan warṇanĕnisun.

145b. Wīryanira çrī narapati wus kalumra(h) ing rat kadigjayanirêng çatru çīrṇa sanusa Jawi wus padâniwī samâtur bhakti ri jĕng çrī narendra tĕkêng hemabhūpati kawwat ing sudharmanirânulus.

146a. Çīrṇa salĕngka ning bhūmi de ning mahājñānanira sang prabhu mwang para mantrī anut ājñā sang katong anging [270]) dharmaparārtha ginung nityaçâkasukhan anganakĕn tontonan kalulut ing para winangun brayan acangkrama angrarah rum ning pasir gunung.

146b. Pūrṇa tang nagarī prasamâmūji wadwa dusun pasir rehira çrī bhūpati asih ing kawlas-sih aweh rĕrĕban ing wwang kalahrun lawan kang kodanan çrĕddhângampunanêng [271]) wong tan wruh donnya sutṛpti anut sakrama āgama tutur tan anasar ing [272]) laku.

ZANG III (*Dĕmung*).

1a. Ndan malih ucapĕn sira rāden mantrī Harṣa-Wijaya sampun prāpting sowan ing Madhura dalu tumurun saking banawi tan ana wĕruh punang wong.

1b. Tuhu lwir añang anis denira lumaku asuluh pajang ning çaçih anganting raāden Galuh anut pinggir ing udadhi lwir sinambhramêng kalangon.

2a. Mawa têkang wyati lwir kanyā listw-ayu tang indu sarahi wah [1]) rum lintang nika lumrângĕdap-ĕdap liringnyâçrī kasĕkan rimang keçârjânirang limut tang taṭit awilĕtan sadak gading kumram ring gĕlung.

2b. Grĕh mandrâirit yaya rĕngih ning pinūrwêng jĕro jinĕm mrik riris mātrā asmu luh meghanyângawadi wahu sah ing madhyâlus

syok ning cāmarânikângĕsah tinub ing anila atur anīrṇa twas ing akung.

3a. Smu līlā rāden mantrī lawan sakadehanira mulat [2]) langĕ ning sadawatan [3]) samâsĕwĕh raçmi kaywan ri tĕpi ning ĕnu samâur-uran wangi bakulabāṇā surabhi lan mangli ruditâmĕdar santun.

3b. Kady ahyun kasumpanga de ning sang wahu prāpti madhukara lalitângrubung karan swara amanis wus lĕpas larinira twan mantrī kari kawlas-sih rum-rum ning santun tan polih angāpti sinanmata ning akung.

4a. Lagy akukub himânipis rĕngih ning tad'-hârṣa sambatnyâmlashyun sinamening cucur mwang pupuk prĕjit umuni meh dawuh [4]) pitu mārutâris prāptâmwat rum-rum ning sāri ruru patĕr mandrârit ri du kilyan muny angarangi ngatag mĕndung mawra nglurwakĕn truh-truh [5]).

4b. Sata wana muni añjrit ri pang i kayu kokilânununuhu sinrang ing pakṣī gĕnding eñjuh swaranyâmanis mraknyânguwuh ing taru raçmi kadi anambhramâkon lumarisa majar siddha ning kāpti nda wus prāpta ing Madhura esuk lingira sang abagus.

5a. Ka rangga kayângapa iki yan isun tĕkâñjugjug maring kadhipatyan awirang po sîsun ken rangga aris anĕmbah matur singgih pakanirângera [6]) ing bale pañjang iki abĕcik dūtanana rumuhun.

5b. Ken Nambi matur awot sāri kalih lawan ken Lĕmbu manirâmit pukulun maring bapâdhipati didinipun [7]) marĕk marêriki ri jĕng pakanira manggut raāden mantrī tumuli lumampah larinyâsru.

6a. Sang kary araryan alunggw' ing bale pañjang rawongirâtata samâlunggw' ing ṣiti akeh kang anononton jalw [8]) istrī mĕtw ing lĕbuh samâgawok mangke andulu ring sang abagus kalih lan raāden dewī mwang sakweh ing kaka-kaka tuhw anom-anom tamêng [8a]) laku.

6b. Sawaneh anângling duh saking ĕndi gane sang apĕkik durung isun amanggih rūpa kaya iki lwir Ratih Smara anurun ingiring ing warāpsara rowange sumahur duh tuhu ujarirêki anging [9]) padâsmu sungsut punang wruh mangke alon sumahur.

7a. Tuhu tan wruh kapo sira tuhanirêki [10]) rawuh [11]) tuhan mantring Singhasantun donirâsmu prihatin [12]) nĕnggeh yan kasor ing pupuh wus çīrṇa tang nagarī linurah de ning wong saking Kadiri sang nātha sampun hantu.

7b. Samâwlas kang angapi ana mĕnggah anangis sawaneh anângĕmbĕng tang luh mulat ing rāden dewī duh eman denira lagi wilis amanggih lara kewuh binañcanêng Widhi tan warṇan ujar ing wong andulu.

8a. Ndan ken Nambi sampun prāpti ring bañcingah sirâdhipati wontĕn sinebā eñjing lagy alungguh ĕb ning surastrī wastranira paragi wilis ingĕmas ajur anungkĕlang khaḍga [13]) alandeyan danta sinaru [14]) jinajawing mirah apaningsĕt giringsing kawung.

8b. Asumpang wārṣikī putih pĕpĕk sakawarganyânangkil kañcit prāpta ken Nambi asmu kagyat sirâdhipati tumon ing suta rawuh sipi marma twasipun [15]) denyâsmu rudita tumuly anapa tur amĕkul duh anakingsun paran marmanira rūkṣa rawuh.

9a. Maras twasingsun kaki kadi ana kewĕh ing laku ndan ken Nambi sumahur twan Ino sira prāpti mangke wontĕn ing bale pañjang wus kawĕs tang nagara dinon dera sang nāthêng Kadiri narendra sampun hantu.

9b. Mesĕm ing ati ky adhipati duh anakingsun masku lah mara ing [16]) babunirâpan age sun kaki āpty amarĕk ing raāden mantrī [17]) nĕhĕr kinanti mantuk ken pinatih wontĕn alinggih pinarĕk de ning maru.

10a. Dadi prāpta ky adhipati ingiring ing suta katrīṇi asmu garjita ken pinatih anapâris duh kaki paran kāryanira dingaren [18]) sirânakisun [19]) pasah lawan twan Ino smu maras babuntândulu ky adhipaty angucap angiring ing twan Ino rawuh [20]).

10b. Kalih kalawan twan dewī wontĕn ing bale pañjang karĕpisun [21]) aglis mangke marĕk ing rāden Ino sira pada adandana ken pinatih [22]) asmu gupuh wusnyâhyas mĕtu akeh angiring marunya tumut strī ning para mañca prāpta akeh adulur-dulur [23]).

11a. Wus munggah ing padātingiring sopacāra alangu ky adhipati anêng untat anunggang kudâçrī bhinūṣaṇan hema murub pinayungan kĕtas çyāma gumrĕh sakweh ing mantrī angiring kading surat dinulu.

11b. Ndan sira rāden mantrī er-erĕn derânganti dady angucap ing ken rangga angapa tarkanirêki kaya tan prāpti pun adhipati tan sipi wirangisun [24]) bhaya sukhângĕmasi [25]) pati uni duk ing nagantun.

12a. Ken [26]) rangga umatur aris erĕn samuhūrta [27]) mangke pukulun yan bontĕn prāpti kawulâtoh pati umiring sājñā pakanira pun Gajah-Pagon umatur anĕda manirângamuk maring kadhipatyan pan pada de ning pĕjah sumbali awirang pukulun.

12b. Tan-dwa prāpta ky adhipati sagṛhanipun kawargannyândulur [28]) sampun tĕdun ing wāhananya aglis tumuli anglungsur kampuh kang anampa sĕdah ring ayun mĕndĕk awot sĕkar matur aris bhāge yan rawuh pakanira dewa swastha kalih lan rāden Galuh.

13a. Kayâmanggih amṛta saking sindhureramadhya [29]) sukha ning kawulândulu ri swasthanira iki twan mantrī harṣa angrungu sawaca-

nâmlas-asih lah den tumulus sihira uwa amupu ring wong kawlas-hyun.

13b. Pan āptya angera iriki sadenira sun anut ken adhipaty asahur sĕmbah duh bhāge malih yan āpti pakanira dewa angera ing Madhura duwĕg mangke lumaris mantuk ing kadhipatyan pukulun.

14a. Nĕhĕr munggw ing padāti twan dewī ken Bayan Sanggit [30]) anggayut açrī ingiring denira [31]) pinatih twan mantrī wus munggw ing undakan ken adhipati andulur tan kawarṇêng awan sampun prāpting kadhipatyan lumaris maring jro twan Galuh ring lalangwan dumunung [32]).

14b. Ndan raāden mantrī lagi pinarĕk denirâdhipati anêng wijil pingkalih pĕpĕk para mantring Madhura mwang ken Wirondaya tan sipi sukhanyândulu ring sira raādyan pad' hârṣa atanya-tanya mar-manira kawus raāden mantrī anutur-nutur.

15a. Solahira prang (ng)uni mwang līnanira sang aulun angrĕs twas ing angrungu sira Wīrarājângling mangke punapa kaayun pakanira puniki sumahur raāden mantrī sira uga kang wilāsêrisun.

15b. Yadyastun dede singgih denira uwâmratingkah isun mangkya çuçūkṣrāh duh yan mangkana kaāpti sampun pakanira walang [33]) ati anging alon-lonan mangkyâmet kāla-thāni yan amrih kasiliban ing çatru.

16a. Awan ingaturan mañjing ing lalangwan raāden mantrī saka-dehanira sampun pinrĕnahan unggon ndan sira rāden Galuh sampun sinalinan wastra siñjang gringsing alus dera pinatih twan mantrī sampun prāpta ring lalangwan sinalinan wastra mwang sabuk.

16b. Prāpta punang tadah açrī sopacāra tuhu alĕp dinulu punang amumundut jajamanirâdhipati [34]) sampun sirânadah ĕnty harṣanira rādyan de ning pangupaçubhānira sirâdhipati dady angling mārda-wârum duh tuhu tan sipi utangisun.

17a. Mbesuk yan dadi wong .... [35]) ring Yawadwīpa sun paliha ring sira uwa rowang ing amukti siwīnĕn de ning wong sanagarī ky adhipaty awot santun lah ta sawadinipun ugi yan pakanira kantun [35]).

17b. Tan warṇan sapolahira ararasan malah dalu sampun samânidrā alama ucapĕn malih denira anger ing [35a]) Madhura ndan sirâdhipati antyanta denirâniwī pratidinâtur tadah tan wanuh.

18a. Çayâlulut punang mantrī ing Madhura de ning subuddhy aruruh mwang kadehanirêki samânukhani kāpti donnya padâtun asih bhakti sing mūlya katur ndan sirâdhipatya matur ing rāden mantrī manira amet upāyâmalar kasiliban ing çatru.

18b. Pakanira dewa malih amet chidra sūkṣma upāyêng çatru

apiṇḍa anungkul angaturakĕna tulis ring çrī naranāthêng Kadiri mangke yan sampun çrĕddhângampunana depun aglis marĕk pukulun sumewâmrih karṇanira sira sang aulun [36]).

19a. Wruh anuta sakāptianira sang siniwī dyastun tan katujw ing cipta tuṣtakĕn dinalih lĕwih nitya pinūji solah guṇâji yan winehan dĕmak dadar yĕku sandangĕn sabari saniṣthanya linuhung [37]).

19b. Mwah sakweh ing mantrī ādi sama sinewitan wruh amet sih ing wong nagara aywa ta bwat wilis solah ing kawlas-sih tinutan angugungakĕn guṇa sabuñcang paçu(h) aji aywa wilambitâgĕlis kalaku.

20a. Nging [38]) depun udhani seṣṭi ning mantrī kang tuhu kalawan dudu yan sampun wyakti kaparcayêng sang katong ya ta pakanirânĕda alas ing wong Trik puniku unggwan ing wongirâkuwu wong Madhurâmbabad depun tarukĕn pisan den abĕcik kiṭa winangun.

20b. Yan wus kasoran ing tanding mantring Daha denira wongira samangka amalik malih andadyakĕna jurit punang wong Madhurâmakayakĕna ring pupuh atoha jīwita rāden mantrī harṣa angrungu ndan pun rangga Wĕnang matur aris singgih pukulun.

21a. Yan angaturakĕna tulis pinĕda alot pukulun mawi kaciryan pĕnĕd yan tĕka lumaris ken Nambi angling lah ikw abĕcik angera mĕnêng Canggu apotusan maring Kadiri nda ken Sora sumahur.

[39])

22b. Singgih anut ingsun iki yan tan katanggama dera sang prabhu tan awalia malih sukhângĕmasi pati Gajah-Pagon amuwus [40]) lan ken Dangdi ken Lĕmbu-Pĕtĕng mwang ken Pĕdang sahur pakṣī samârĕp tumpur ing nagarêng Daha [41]) akiwul eng sira sang prabhu.

23a. Muwah sumahur ky adhipati doh yan amanggih kewuh pan sang nāthêng Daha suçīlâsih ing kasy'-asih [42]) tan wruh ri sūkṣma ning apus reh ing musuh kaliliran apan tan mantry aweci den aglis mangke angdani laku.

23b. Ĕnty harṣa ning twan mantrī angling beñjang lumarisa isun munggah anêng Tĕrung nda pun Wirondayângling abĕcik jāti apotusan ring pun dāçabalêng [43]) Canggu manawi anggyatakĕn malih angde kewĕh ing laku.

24a. Sampun derângulih-ulih amet chidra tantrakôpāyêng [44]) çatru tan warṇanĕn dalu wuwusĕn twan Ino eñjing adan lumaku mwang twan dewī açrī dinulur de ning wong Madhura sajalu-istrī ngatĕr eng Trung ky adhipati wus rumuhun mangkyâcadang parahu [45]).

24b. Tan-dwa rawuh [46]) rāden mantrī tumuli sampun munggah ing parahu kalih tuhan dewī sawongirângiring ndan pun Wirondaya tumut akeh mantring Madhurândulur ndan sirâdhipatya sampun amit ing sang abagus padâsmu mangu punang pawestrī apakṣa tumut [47]).

25a. Tan warṇanĕn raras ning strī bhrānti ĕla-ĕla andulu rāden mantrī angajawa wus anabrang milir tinub ing pawana asru lingsir prāpting sowan ing Canggu ndan sampun wus piniwruhan punang akuwu ring Canggu [48]).

25b. Wusnyâdan panambhrami malih pasanggrahan ing tamu sampun pinajang-pajangan [49]) ndan sira twan mantrī sampun [50]) tĕdun ing parahu sor ing kapur añcak [51]) alungguh pinarĕk ing kadehan açrī tinonton ing wong Canggu.

26a. Samâ 'rṣa amūji-mūji ih tĕmbe isun mulat wong kayêku apĕkik anulus nora wong mongkono kadi mukṣa-mukṣêng tungtung ing liring anūkṣmêng [52]) lĕngut tan-dwa prāpta pun akuwu [53]) lan ken dāçabala [54]) asmu kanggĕk ĕnty harṣanipun mĕndĕk saha nādârum.

26b. Sākṣāt katurunan hyang Çiwa-Rawi kāla madhyarātrī iṣtane punang akuwu ri prāptanira sang kadi Smarângĕnĕs eng Canggu lah lumaris pukulun asĕng smita sang abagus sira rimihin ken kuww [55]) awot sāri pun dāçabala [56]) angruhuni laku.

27a. Nĕhĕr sira lumaris raāden Galuh anêng ayun pinayungan ron tal çyāma cinitrêng mas ādi tuhan mantrī lumakw ing pungkur tinut de ning jong kuning sakadehanirângiring wruh ing smitângdyâ 'rṣa ning andulu [57]).

27b. Punang wong Canggu age mijil sĕk-sĕk ing lĕbuhipun samâgawok [58]) andulu punapa gane donipun [59]) prāpti tĕka maras i ati manawy angdani kewuh pan çatru mūlane ring (ng)uni angur mangke winangsul.

28a. Rowange sumahur aris aja kayêku masânggawya kewuh pan tuhu kawlas-hyun sasolahe kang wong anângling aduh eman tuhu sipi mangke wlasisun mogha kampunana dera çrī narapati pan wus asrah jīwitâpty [60]) anungkul kang wong prasamânuhu.

28b. Ndan sang wahu prāpti wus pinrĕnah unggwanirânêng lalangwan wontĕn ing yaçâmĕgat sih [61]) ginubahan angrawit ndan rāden Galuh anêng mari [62]) alitan langu sampun agugubah rinĕnggêng sarwasāri tan doh punang kaka-kakâtunggu sama prathamêng sĕmu.

29a. Ndan rawuh panambhrami antyantâlĕp adulur-dulur tumpĕng awawayang tadah drawiṇa tan kari tok badeg çiwalan budur waragang lan mamanisan juruh miñu lan mrĕsi srĕbad [63]) adulur lan arak arum.

29b. Muwah pun dāçabali prāpti adulur atur-atur tang ulam sāgara karang-karangan tan kari akeh punang amumundut aglis mangke sampun katur saha wasitâris [64]) duh singgih ampunana pukulun.

30a. Dahat tan supadhi wyakti amamāpa mangke punang akuwu tan merang angaturakĕn wet ning sih asĕng smita sang abagus sampun mangkana [65]) balik isun asung pindo pāpa sinungan kaya iki agung dera amiutang [66]) kaya tan biṣêngsun anahur.

30b. Malar ana sih ing Widhi [67]) çrĕddhā çrī narendra angurip isun pilih wruh anahur utang tan sipi sukha ning twas sang akuww angrungu wasita sang abagus sampun tinanggapan [68]) kadehan dinawuhan [69]) sampun watra tĕkêng balanipun sami tan ana kantun.

31a. Pun dāçabala kari kalih [70]) ingandĕg lan ken kuwu [71]) rinowang [72]) mangkyândrawiṇa ramyâwusan wĕngi samânidrā ndan muwah ring eñjing twan mantrī wus awungu pinarĕk eng kadehan açrī rawuh [73]) punang akuwu.

31b. Ĕnty harṣanipun [74]) aningali [75]) mĕndĕk sarwy awot santun twan mantry asĕng smitângucap ing kenya wâlinggih [76]) tumuli parĕk alungguh ndan ken rangga anĕmbah matur kapan pakanira dewa marĕk i jĕng sang aulun.

32a. Rusit manawya tinampi tan jāti rawuh twan mantrī sumahur mangke karĕpisun [77]) sira lumaris rumihin lan uwâkuwu [78]) tumut anglarapakĕnâtur maring kapatihan ken kuww angling [79]) singgih pukulun anĕda manira anglarapana sang abagus.

32b. Tumuly amit kalih nĕhĕr lumaris anunggang kuda pinayungan kĕtas wilis kawulanya akeh angiring wus lĕpas lakunyâsru akweh wani [80]) kapungkur duk prāpting nagara asmu kagyat kang wong andulu ring añar rawuh sawaneh angling wong paran iku.

33a. Jātmika smunyâririh rūpane amenak tuhw akung sawany' ângling duh tuhu kaya ujarirĕki nĕnggeh rĕke yan wwang Singhasāri karane prāptinutus dera twan Harṣa-Wijaya marĕk ri jĕng sang aulun.

33b. Puniku ken kuwu rimihin makasopāna matur maring kapatihan rowange sumahur aris paran rĕke kārdinipun [81]) prāpting kawruh mangke sumahur anungkul rakyâsrah patyôrip [82]) ri jĕngnira [83]) sang prabhu.

34a. Akeh yan ucapĕn ling ning wong tumingal [84]) kunĕng mangke winuwus [85]) rakryan [86]) apatih wontĕn sirâlinggih pinarĕk anêng wudhi jajar pĕpĕk balawarganipun [87]) mantrī araraman sampun ingaturan yan rawuh twan Harṣa-Wijayânungkul mangke wĕntĕn ing Canggu.

34b. Smu garjita [88]) ken apatih sarwy angling lah angapa iki denira

angrasani nângling punang mantrī abĕcik yan tinanggap pukulun ya ta dharma winuwus [89]) kalumbra(h) ing para tan-dwa punang akuwu rawuh kalawan ken rangga sama gumiwang kang andulu [90]).

35a. Nĕhĕr alungguh sor ing wudhi yawi carangcang wonge atata anêng [91]) pungkur pan sama tamêng [91a]) gati wusnyâwĕkas punang kuwu sinengan derâpatih sampun samâdan lumaris kang anuruhi lumakw ing ayun.

35b. Duk prāptêng arĕpira [92]) apatih mĕndĕk punang akuwu ken rangga anêng pungkur sama amūji-mūji kang mantrī anêng kapatihan samâ 'rṣa anujw ing smu ndan rakryan apatih tan sipi ṛṇa [93]) twasirândulu.

36a. Sampun samâlinggih rakryan [94]) apatih anapa asĕng smitârum bhāgea pun kuwu ngapa kārdinira prāpti pun kuww anĕmbah matur singgih manirêngutus dera twan Wijaya marĕka ring ki gusti angatĕr pun rangga Wĕnang anĕda larapa pukulun.

36b. Ken rangga umatur aris singgih pukulun manira ingutus dera tuhan [95]) mantrī marĕk ring jĕng sang katong anĕdêngapurâmalakw ingurip anut sakahyun sadenirâtingkah malakw asih ki gusti depun çrĕddhânglarapana marĕk ri jĕng sang aulun.

37a. Sumahur ken apatih mārdawa wuwusnyâris kamayangan yan mangkana hyunira raāden mantrī lah ta marĕka ri jĕng nṛpati tumuli lumampah sakawarganyângiring ken rangga mwang ken kuww [96]) anêng pungkur.

37b. Ndan sira çrī bhūpati wus tinangkil ing pangastryan pĕpĕk para kṣatriya [97]) mwang sakweh ing adhimantrī makādi sang para bhujangga tan-dwa ken apatih rawuh mĕndĕk awot sāri ingaturan paṭāraṇâlungguh.

38a. Ken rangga kandĕg ing yawi ning carangcang rakryan apatih matur sahâwot sāri wontĕn utusanira mantrī ring Singhasantun ken rangga Wĕnang aranipun [98]) marĕk ring jĕng sang katong nĕnggeh yan arĕp anungkulâsraha jīwita [99]) mangke sampun wĕntĕn ing Canggu.

38b. Lingira [100]) çrī narapati yan mangkanângapa de sang dwija mwang parâdhimantrī kṣatriyângrasani umatur sang para bhujangga yan wyakti denya anungkul ring dharmaparārtha ginung kajar ing aji çatru anĕda jīwita [101]) yogya sinambhramêng raayu.

39a. Pan kadi çrī bhūpati mūrti sūryacandrādi nityaçâmadangi sang sujana tīkṣṇanirângdani kandap ing ari madĕmi juti kalĕngka ning jagat ndan mahāmṛtanirâmṛṣṭyani [102]) dāna ring wong [103]) kawlas-hyun.

39b. Nging [104]) depun yatna malih de ning açatru sahaja manawy apet upāya ketung reh ing daitya Wṛti [105]) kĕnêng apus [105a]) de hyang Çacīpati atut sinewakan dady atĕmahan pati manawi mangkana chidranipun.

40a. Mĕnĕng çrī bhūpati lagi rumasêng twas rakryan [106]) apatih matur yan tan tinangan kalih dera sang katong manawy anungkul tuhu kayângilangakĕn kasādhun yan tan çrĕddhānana [107]) ring amalakw ingurip ndan ken tumĕnggung angucap asru kalih lawan ken dĕmung.

40b. Yadyan adrĕwea kāpti upāyêng apus angdadyakĕn kewuh sampun sangçaya pāduka nṛpati kawula [108]) atakĕra [109]) guṇa kasinghawikramêng ayun sing ingaten ing hyang tan-wun mĕnang ing jurit pan ulah ing çūradharma atut sambhramêng [110]) ary anungkul.

41a. Rāden mantry alu angling kalih lan rāden sirikan ewĕh ulah ing çūradharmâpan reh ing amukti tan dadi tan kṛtālocita yatna ri upāyêng çatru yan dharma kewala ināpti tan-wun amanggih kewuh.

41b. Duh angur ajânampi masa tan andadyakĕnâpus reh ing çeṣa ning ripu sūkṣma denyâmrih silib rāden āryâris sumahur ayo apañjang rinasan yadyan tuhu mangkanâpet silib aywa kewĕh [110a]) ing laku.

42a. Yadyan kasoran ing jurit yan sampun anut kaçūradharman çūraloka dinunung kajar ing aji pan lĕwih rakwa ring niṣkala niṣṭha sakala yan anut ulah ing duṣkṛta hantu Yamaloka tinĕmu sukha çrī narendrângrungu liwat derâpanuju.

42b. Sarwy asĕng smitângling aris lah iku atut dera yayi pan nora wwang tuwuh watu lah ta apatih kon angundang pun rangga Wĕnang tumuli ingundang rawuh sādarâmādapa mĕndĕk lagy awot sāri sampun pinrĕnah [111]) lungguh samâ 'rṣâmūji punang andulu.

[112])

44b. Ndan çrī narapati arĕsĕp ing smita ni [113]) ken rangga Wĕnang sahâsĕng smitângling aris sira iki kinen dera kaki Wijaya ken rangga anĕmbah matur singgih patik bhrā inutus dera twan mantrī marĕk i jĕng çrī narendrânĕdêngampunana pukulun.

45a. Sadenirâtingkah tan malih harṣa sumiwī ingaturakĕn prāṇa jīwita [114]) ring jĕng çrī bhūpati ĕmbeñjing sira marĕkêriki lingira sang aulun lah bhāgeânak ki Harṣa-Wijaya sukha erisun.

45b. Yan ayun angera iriki anging [115]) dahat çuṣka punang nagarī ndan ken rangga Wĕnang asmu garjitêng ati anĕmbah matur punapa andika sang prabhu pan potrakanira sawyakti tan pamalyakĕn kahyun.

46a. Lawan anĕda prĕnah [116]) ing dumunung apan saha strī pukulun

lingira sang prabhu lah ta apatih ring ĕndi abĕcik prĕnahipun [117]) ken apaty' anĕmbah singgih ânêng udyāna ring Bagenda abĕcik prĕnahira dumunung pukulun manggut sira sang prabhu.

46b. Ken rangga wus amit kalih lawan pun kuwu çighra lampahipun awan lĕbar tinangkil sira sang katong lawan sang para kṣatriyâdhimantrī prasama mantuk ndan malih kocapa sira raāden mantrī çarānta anganti prāptanipun ken rangga lan ken kuwu.

47a. Tumuli angling aris kayângapa tarkanira pun ranggâsuwe [118]) tan rawuh bhaya amanggih wiṣṭi ken Nambi anĕmbah matur kaya [119]) mbontĕn pakewĕhipun apiṇḍa tṛpti punang nagarī ken Wirondayâmuwus [120]).

47b. Pan sadâdoh punang nagarī tan-dwa ken rangga rawuh adulur lan ken kuwu samâsĕng smita kalih twan mantrī anungsung ing ulat anapa asĕmu guyu kakang apa kāryanira ken rangga anĕmbah matur.

48a. Singgih sukha çrī nṛpati sakweh ing sang parâdhimantrī sampun samâmisinggih [121]) ĕnti harṣanira twan mantrī asĕng smitângucap ĕmbeñjing marĕka isun ring ĕndi kaka dumunung ken rangga awot santun ring taman Bagenda andikanira sang aulun.

48b. Manggut sira rāden mantrī tumuli mantuk maring lalangwan prāpta ng tadah açrī tinanggapan aris twan mantrī sampun sirânadah mwah sira rāden Galuh sakweh ing kadehan uwus sama dinawuhan [122]) ndan tan warṇanĕn [123]) panadahira wĕngi sama aturu.

49a. Tumiba ng dawuh [124]) sapta mirir samīraṇâris amawa [125]) wangi ning puṣpârum bhramaranyômung lalitângringring madhu ning santun pudaknya mrik amĕdar rĕbuk lwir sadak ing weṇi lukar i pamrājaya ning akung.

49b. Swara ning grĕh mandrâirit mātrâwarṣa lwir angluh asrang tang pakṣī kĕtur susuwaranya [126]) amanis amiduduk kināngsyan ing ĕping sinrang ing anggĕntang mraknyângidung-(ng)idungi swara ning kokilanyâmumungu.

50a. Eñjang atangi twan mantrī wus açoca ginandha mar mrik awastra sūtra randi tinumpalan wilis cinitra ing mas drawa kumram tiningkah puṣpa salas saukir ataluki dadu asisigen mas tatur anungkĕlang khaḍga alandeyan danta sinĕru [127]).

50b. Sinalagêng mirah ādi lan wedūrya agĕglang kaṇa kalih [128]) lan kĕmit-tuwuh [129]) akalpika roro sisih angrĕngga lurus ning jariji lwir tanah garung [130]) nakhâĕning apañjang kumĕdap lwir maṇik toya tuhw angani [131]) lulut sahâpanamar sūtrâwun-awun.

51a. Anguwah karṇâsumping jalaprang pinattrayuddha siniram ing er-gulwârum asuwĕng [132]) mantĕn wilis ingĕmas ādi sahâjajawin

mirah māyā sumunu gĕsĕng ning laty angatirah waja mahw atung-tung jamus.

51b. Asipat bot Pangajaran amuwuhi manis ning driya[133]) lwir kocaka juruh tap ning remâmĕkiki tumuli mijil wus prāpting yawi atingkah atur-atur wastra kāñcanâdi wus pinrĕnah[134]) punang amumundut.

52a. Lingira twan mantrī kaka Wirondaya sirânêng uri angatĕring yayi Galuh lingsir ing rawi lumarisânujw ing Bagenda parĕnga lan uwâkuwu[135]) sang liningan nĕmbah mangkat raāden mantrī sampun munggah ing turangga jamus bhinūṣaṇan mas murub.

52b. Pinajĕngan kĕtas wilis cinitrêng mas kumram awarṇa manuk dewatângrawit açrī punang bala angiring kading surat dinulu samânganggo dadar muwah pun rangga Wĕnang anitihi kudâpĕtak[136]) pinalanan mas kumram pinayungan kĕtas bang murub.

53a. Arjâwastra[137]) mañjĕti kujyaratha[138]) ginātrêng[139]) tatur asabuk gringsing ayahan krisnyâlandeyan paros asumpang trikañcu jĕnar ken Nambi awastra pahul tinumpalan putih asabuk gringsing sumaguṇâlus.

53b. Krisnyâlandeyan taring asumpang cina randi anunggang turangga rakta bhinūṣaṇan mas angrawit pinayungan kĕtas wungu ken Sora mwang pun Gajah-Pagun samâwastra sagĕci wilis anunggang kuda jamus.

[140])

55. Pinayungan kĕtas angrawit arja tinulis singmuk[141]) sāri Dangdi mwang ken Pĕdang samânunggang wājī awastrâputih[142]) tanggulun asabuk taluki jĕnar krisnyâlandeyan gading pinatik ing nawaratna murub.

56. Pinayungan ron tal wilis muwah pun Lĕmbu sampun munggw ing undakan pantĕs akampuh pangulu ning pik cinitra ing parada kumram asumpang tangguli kĕtur krisnya alandeyan garu pinayungan kĕtas lwir pacar sumamburat kang angiring alĕp dinulu.

[140])

58a. Lĕpas lakunirânuli liwat ing Canggu kweh deça kaĕnu lyan kapairing wus prāptêng nagarī kang anononton supĕnuh samângāpti pahyas aur-uran raçmi amet panuju ning aningali padâmintwakĕn bharaṇananipun sĕsĕk aniñjwêng lĕbuh.

58b. Samâgawok aningali warṇanira raāden mantrī padângucap sahur manuk amūji-mūji tuhu tan liwar ling ing awĕrttā uni duh tĕmbeningsun mulat wong mangkana lwir yang Smarângupĕtti sawaneh ana angucap ndi ameta rūpa kayêku.

59a. Lwir mukṣa-mukṣa kadriya anūkṣmâmor [143]) eng tawang anângling duh endah tuhu bhaya hyang Surapati aminḍêng bhūmi punang angiring [144]) sākṣāt [145]) surāpsari kang amadma nagarī smu kuning rūpanya menak akung.

59b. Iku rakwâran ken rangga muwah kang lumakw ing pungkur asmu wilis pamulunyâtut galak amanis bĕbrĕngose mahw agātra wilis ken Nambi aranipun kang ing urinêki bangbang çarīra pantĕs apĕngkuh.

60a. Rūpanyângrĕsakĕn ati bĕbrĕngose pañjang awilis angghaṣa lanâpus rukuh ken Sorâranipun malih kang agul lamuk [146]) kakehan wulunya tur jĕmbut abong-abong [147]) angde guyu 'syakāraṇa smunipun Gajah-Pagon aranêku pantĕs amor ing sĕmu.

60b. Muwah [148]) rūpanêki kalih kaya kĕmbar pada kakartala pantĕs yan sanakipun ken Pĕdang lawan ken Dangdi kang anêng pungkur pantĕs tan natgata ring kewuh Lĕmbu-Pĕtĕng aranipun pada abāla luhung wahu tumambirang eman dene kasor ing pupuh.

61a. Anângucap duh wyakti kawwat ing kadewātmakanira çrī naranātha marma ning [149]) kasor ing jurit kang wruh ing gati mangkyânahuri pilih tan tuhw [150]) anungkul manawi amet upāya masa tan abalik luhung.

61b. Pan ana ling ning aji kadi sang Pāṇḍutanaya çīrṇa kināladeça denira ng Korawapati lungânis [151]) angunggu-unggu maring Wirāṭapurī tan pawang mātrā yan abalik lĕwih dadya mĕnang [152]) ing pupuh.

62a. Tan warṇan ling ning wong amūji-mūji ndan çrī narapati wontĕn ing pangastryan tinangkil [153]) sampun ahyas angrawit awastra sūtra [154]) wungu cinitrêng mas drawa tiningkah paparwatang [155]) amalisir lubêng miyat asabuk gringsing jayêng pangrus apapadon mas tatur.

62b. Anungkĕlang kĕris alandeyan kusyaragi [156]) rinĕnggêng tatur minirah ādi apinggĕl kaṇâlit kalih lawan kĕmit-tuwuh [157]) akalpika kostubha murub lagy anguwah karṇa asumpang angrek [158]) çaçīh [159]) anting-anting nīla [160]) kumbang lan mirah sugâkram sumunu.

63a. Gagampangira sūtra [161]) wilis kumram de ning mas ajur akarambalangan pinatik ing nayanâdi apadaka [162]) tigang luruh

atĕtĕbus nāgapuṣpa sināri mas angrawit urap-urap minas drawa marum.

63b. Tuhw atut ratw ing tulis arjâgĕlung kĕkĕlingan kadi hyang Prameçwara sĕdĕng suraganânangkil saha siddhasuragandharwâbyuh tangkilan sang nātha de ning parâdhimantrī makādi kṣatriya [163]) mwang para mpu.

64a. Pĕpĕk samâhyas angrawit alinggih iringanira sang prabhu kadi hyang çītaraçmi pūrṇa pinupul de ning tārāngganā kumram [164]) tĕkĕng yawi ning manguntur sĕsĕk tanda mantrī [165]) lawan jurw adhipati pangalasan bhayangkara prasama rĕp tan ana umung.

64b. Prāpta sira rāden mantrī sopacārâtur-aturan eng ayun tuhw alĕp dinulu prasama anandang kuning punang amundut wontĕn sawidak katahipun padânganggo dadar mandĕg yawi ning pangastryan [166]) ĕb ning tahĕn ungu kadehanirâtatânêng pungkur.

65a. Tan asuwe [167]) alinggih prāpti rakryan [168]) apatih sahâsmu [169]) smitângling pukulun duwĕg rĕke lumaris andikanira çrī narapati ndan twan mantrī sumahur lah ta lumarisa uwa singgih manira andulur.

65b. Tumuly ajĕnĕng [170]) kalih ndan sira rāden mantrī anampa krĕnḍa kāñcana sinamiran sūtra wilis sinuji esi tang rāja-peni mwang kadehanira anampânggyan-anggyan sarwa-lĕwih munggw ing nanampan tatur.

66a. Açrī samânandang kuning lumakw ing ayunira mantrī jātmika smitanyâruruh cĕngĕng punang aningali duk prāpting arĕp çrī bhūpati kagyat andulu pangrasanirêng twas tuhu kadi tan manuṣa hyang Surapati rakwânurun suragandharwândulur.

66b. Nĕhĕr pinapag ing sasmitâmanis bhāgea potrakanisun merenea masku sampun awĕdi twan mantrī mĕndĕk sahâtur-atur sang nāthâ 'rṣa andulu sampun tinanggapan aduh kaki atarimêngsun den tulus santoṣa angera ring ratu kawlas-hyun.

67a. Asahur sĕmbah rāden mantrī saha wasitâmlas-hyun [171]) niṣkāraṇândika pāduka çrī narapati pan patik aji tan malih kāpti pan autang jīwa sākṣāt tarulatâking malar sih narendrângluruhakĕn truh [172]).

67b. Smu guyu çrī bhūpati sakweh ing panungkul wus matur [173]) gawok kang wong andulu samâ 'rṣâmūji-mūji solahira [174]) sang abagus lawan sakadehanira [175]) jātmika kanagarin nĕhĕr [175]) ramping [175]) dene anuju smu [176]).

68a. Ĕnty harṣanira nṛpati mwang sang para mantrya [177]) pada kalulut ndan sang dwijarṣi rumasa eng ati rehira twan Harṣa-Wijaya

sumilah ahyang dinulu byakta yan Wiṣṇwangça sadṛçanira [178]) pantĕs prabhu tan wurung sang nātha besuk walik kasor ing pupuh.

68b. Tan warṇan ujar ing amūji-mūji ndan çrī narapaty amuwus (s)açṛnggāra marum duh masku kaki byakta lwir anĕmu amṛta sukha ning ati dera santoṣa erisun tan ketung sareha nguni mangke den padânampūrṇa atut silih-rakṣa adulur.

69a. Asahur sĕmbah rāden [179]) mantrī ken rangga aris matur sājñā çrī narendra [180]) putrakanira tan malih yadyan angati kang urung tan pamiwala kāpti samâ 'rṣa sakeh ing parâdhimantrī ken apaty' angling alus.

69b. Duh niṣkāraṇa kaki masa mangkana sang aulun tan wruh kadi pira sira rowang ing amukti angalihana sukha duhkha seka ring bhayântaka ken tumĕnggung mangkyângling atut den padânggu-gwaning tuhu [180a]).

70a. Antyanta garjitêng ati twan mantrī mwang sakadehanira padâkĕmbalan wuwus tan owah kāpti dadya silih-urup [181]) wuwus apan sami anujw eng sĕmu ramyâguywan-guywan çrī bhūpati sukha angrungu ndan sampun akon asuguha ring sang wahu rawuh.

70b. Awan lĕbar çrī nṛpati twan mantrī mantuk ing udyāni mwang sakweh sang parâdhimantrī mantuk tan lyan ginupi(t) [182]) twan Harṣa-Wijaya sakadehanira luhung sasor ing ākāça kaya nora wong mangkana denyâmawa sĕmu alĕmbut ramping jātmikâruruh.

71a. Tangeh ujar ing wong amūji ndan twan Galuh winuwus sampun wontĕn anêng taman Bagenda angrawit alinggih anêng yaçâmĕgat sih ĕb ning asanâmayung pinarĕk ing kaka-kaka padânggung sūkṣĕkângun-ngun.

71b. Kangĕn rehirêng (ng)uni asanak duk ing Singhasantun antyanta derâlulut nitya mahas ndon [183]) kalangon kalih tan-sah adulur dadi atĕmahan pasah ya tângdadyakĕn tangis karasa rehira [184]) anêng çatru.

72a. Iñanirâmitutturi sampun dewa paty anggung wingit [185]) manawândadyakĕn gring amlasakĕn twan Ino malar ana sihan ing hyang ring wong pāpa kawlas-ahyun angunggu-unggu tanpa kadang [186]) ring bhūmi ning musuh nityaça ginuyu-guyu kerang-irang ing laku.

72b. Ken Bayan ken Sanggit [187]) angling ih dumadak ana sihan ing hyang ring satata kawlas-hyun asunga bĕcik lwir dewī Sītā wus tinawan ing ari munggw ing Lĕngkāpura sūkṣĕkânggung bhrānta kapati tan wang mātrā yan abali ng luhung dadya umalwi pūrṇa raayu.

73a. Tan-dwa prāpta raāden mantrī asmu kanggĕk andulu rehira

rāden Galuh sungkawângubda tangis mātrā wuryan ing ĕluh asarambahan ing wĕhang çayâmuwuhi rawit byakta lwir indu [188]) kāwāran [189]) ing sangub [190]).

73b. Ĕnti marmanira twan mantrī duh dewâtmajīwâparan marmanira masku mangkyângĕlwakĕn [191]) tangis jātyani manira pangeran ken Bayan alon sumahur rayi pakanira dewa kangĕn anom taman marum [192]).

74a. Pan atyanta asih nguni rehanira sak-saodara lunga [193]) nityândon langu tan-sah akaroron mangke kawrĕttêng jĕro pura kawlas-sih punika ketung tṛṣṇānirâsanak ya tângdadyakĕn tangis twan mantrī wlas angrungu [194]) marmângling aris mārdawa marum.

74b. Jīwaningsun rari sang lwir hyang Ratih sampun pati lara masku malar mĕnyâri katĕkanâmanggih lan arinira pukulun kadi pira tanpa guṇa [195]) punang Harṣa-Wijaya yan ta [196]) amapulihkĕna līnanira sang nātha sukha yan angĕmasi hantu.

75a. Rumasêng ati rāden dewī dady asĕmu līlā muwah sakakakakanira sama sukhângapi tan-dwa prāpta ng pasusuguhira çrī narapati adulur-dulur tuhw açrī [197]) wong jro pura punang amumundut.

75b. Sasolahnya mambĕt raspati ken Pisangan andulur asmu kagyat andulu ring sira sang apĕkik cittane kaya tan manuṣa hyang-hyang ning taman anurun ardhanāreçwari ingiring de ning amarawadhū.

76a. Aglis tumurun twan mantrī ken Pisangan mara tur angucap puniki sang abagus pasukhanira nṛpati ndan sang ingaturan amĕpĕs angga sumahur lah aturakĕna anĕda isun bibi aduh kalesan tuhu sang prabhu angurip wong kawlas-hyun.

76b. Paran panahuran [198]) ing autang [199]) sih ken Pisangan angling sampun mangkana pukulun pan sĕdĕng po si ya kasih sira çrī narendra ndi malih olihânĕmu [200]) wong lwir pakanira prāgiwânom apĕkik tuhu mesĕm sang liningan tumuli tinanggĕpan [201]) sampun.

77a. Ndan muwah kang ing yawi ndatan paingan katahipun wong jalu kang amundut wus tinanggapan sami sinung pamucang ken Pisangan tumuly amit mulih sakamārga tan lyan pinūji-pūji smita ning sang abagus.

77b. Duh tuhu kapo lingira kang [202]) wong awĕrttā uni ndi tâmeta rūpa kayêku yadyan sasor ing langit kaya tan polihânângucap duh singgih ujarirêku bhayâgunung gĕndis apasir madhu prĕnahanêku.

78a. Tangeh warṇanĕn ujar ing amūji ndan sang ana ring taman tumuly anadah sampun ingalapan samâñarik sakadehanira wus watra

dinawuhan sakweh ing punang bala ndan sira rāden dewī sampun ingaturan tadah ring yaçâmĕgat sih alangu.

78b. Malah prāpta ng wĕngi sampun samânidrā ndatan kawarṇaa lamanira mantrī anger [203]) ing Kadiri brayan anangkil ing sang aulun winong ing kasukhan nityaça adrawiṇa çayâsih çrī nṛpati wet ni biṣanira radyah [204]) among kāpti angalap lulut.

79a. Mwang sang parâdhimantrī prasamâlulut asih lawan sakadehanira wet ning bhāṣānyâpet siwī [205]) angdani tṛpti ning sanagarī don ing kaparcaya denira çrī bhūpati sawyakti tan wang mātrā yan apus.

79b. Muwah [206]) raāden dewī sang anom wontĕn ing pura antyanta sūkṣĕkângun-ngun tan lyan ingati-ati [207]) apanggih lan sira Puṣpawatī pan liwat derâlulut brayan dina tan-sah akirim gandha burat puṣpârum.

80a. Ndan sang ing udyāni malih akirim wastra lan anggyan-anggyan kaka-kakanira kalih silih-kirim pan samâsih apasanakan muwah [208]) sira sang abagus brayan akasukhan [208]) anganakĕna tontonan kalawan tang pajudyan kalulut ing para winangun [209]).

80b. Ndan kocapa malih wongira sang abagus kang marîng Malayu pralabdha jayêng ari siddha olih putry ādi kalih listw-ayu sampun malih angajawa dadi angrĕngĕ wĕrttā ring madhya ning udadhi yan nagarêng Singhasĕkar wus kināla [210]) de ning çatru [211]).

81a. Sok rāden Harṣa-Wijaya kari anging [212]) wus anungkul ring sang nāthêng Daha sampun kaparcayêng sang katong uwus jinungjung lungguh ādi ning sinĕlir amuwus karĕpisun iki tan mantuka marîng Singhasantun.

81b. Apan wus līna sang nātha urĕn marîng Mĕmĕnang [213]) mangkyâñjujur marîng Canggu mungsi ring rāden mantrī tang bala prasamânuhu [214]) tumuli ababar layar andarung lakunyâglis wus prāpti anêng sowan ing Canggu.

82a. Sore tĕdun ing kikisik punang akuwu wus piniwruhan ĕnti harṣanyângrungu wus pinrĕnah unggon sampun sama sinuguhan ndatan kawarṇa ring dalu ring eñjing wus adan marĕk ing rāden mantrī anĕda larapan ing ken kuwu ndatan kawarṇêng ĕnu.

82b. Kunĕng sira rāden mantrī wontĕn ing yawi ning udyāni sinebā ring ĕb ning wungu asĕhĕn sāri wastranira sanĕbad tuhw alus cinitrêng mas drawa tiningkah puṣpa salas asabuk gringsing ringgit apapadon mas tatur anungkĕlang kris kaputran murub.

83a. Asumpang kayĕn araras siniram ing er-gulwârum asipat Pakudan ñĕñĕr ing driyâmĕkiki lwir kocaka madhu juruh wajâna-

rasah randi kram ning latya yaya tumesa gĕndis angani twas ing akung.

83b. Pinarĕk ing rawongira lingira twan mantrī angapa gane ka rangga rumasĕng balândon jurit kawrĕttêng (ng)uni wus labdhagati alami mbontĕn rawuh bhaya tan arĕp angajawi jĕnĕk anêng Malayu.

84a. Ken rangga umatur aris awot sĕkar masa pun mangkanâpan sami ati-ati sumiwya umiring[215]) jĕng hyang pakanira dewa tandwâglis prāpti kang wong akya' saha sañjata pĕnuh aneka amumundut akweh[216]) kuda liman mwang[217]) padāti adulur-dulur.

84b. Asmu kagyat rāden mantrī mwang kadehan mulat ing wong prāpta lingira twan mantrī sapa gane iki kaya dudu wong ing Mĕmĕnang[218]) ken Nambi anĕmbah matur singgih pukulun kaya wong pakanira dewa kang lungândon[219]) maring Malayu puniki bhaya rawuh.

85a. Muwah sakweh ing kadehan matur duh tuhu pukulun wong pakanira iku garjita sang apĕkik tumuli prāpti sirârya Siddhi pañji Marājaya Kĕbo-Bungalan[220]) Kĕbwânabrang lan pun Jaran-Wahâdulur.

85b. Sinungsung ing smita amanis denira sang abagus lah merene....[221]) kaka bhāge sira prāpti sang sinapa mĕndĕk awot sāri wus samâlinggih lingira raāden mantrī bhaya siddha denirândon çatru.

86a. Singgih sampun siddha de ning ajurit apan[222]) sang tinĕkan anungkul asrah putry ādi kalih sang panuha[223]) sulakṣmī aran Dara-Pĕtak sang ari Dara-Jingga sama listw-ayu tuhw[224]) atur hyang ning jaladhi madhu mwang sesi ning pura wong jro purī kasrah pukulun.

86b. Sukha sira sang apĕkik tumuli rawuh kang tawan wus katur lawan sang putrī kalih kaka-kaka angiring muwah[225]) wong jro pura rūpane[226]) samâyu-ayu awyatara kalih atus lyan punang amumundut tanpa ingan[227]) katahipun sawijil ing Malayu.

[228])

88a. Ndan sira raāden dewī asmu maras alon dera lumaku prāpting arĕp twan mantrī mĕndĕk kalih lagi alingan kaka-kaka sama asmu erang tumungkul twan mantrī harṣa andulu liwat derâpanuju tan angowahi panon kawaçêng smarânggung lulut[229]).

88b. Sarwy asĕng smitângling aris asengi[230]) punang Rāgânurida lah ta atĕrĕn iku sang rājaputrī lumarisa ring salu wetan lan sakweh ing wongira muwah kang pupundutan tumuly amit punang inutus wus sama lumampah prāpting purī samâsmu mangu.

89a. Sira sang putrī kalih kangĕn ing sirâmanirâpan tan wang mātrā katĕmu drĕs ning wāspa amṛṣṭi tan-sah iñanirâmitutturi ndatan kawarṇaa polahira twan dewī awingit ndan twan mantrī winuwus [231]).

89b. Awṛtti [232]) polahirêng (ng)uni ring sang wahu [233]) prāpta antyantâwlas sang [234]) angrungu sama alarânangis aduh katuhon [235]) pakanirâkagungan lara wirang mangke malih amanguna prang kawulâdada eng [236]) ayun.

90a. Sang inaturan asĕng smita angling duh ajâgea kakâpan ana iṣṭanisun den padâtĕngking [237]) pan sira kang sun ajap-ajap rowang ing bhayāntaka mangke den pada wĕruh amet sih ing si dewaka sang liningan wr' ing smita matur singgih kawulânuhun [238]).

90b. Ndan lingira rāden mantrī kaka rangga ĕmbeñjang karĕpingsun [239]) marĕk eng [240]) sang prabhu sirândandani rājābharaṇa makâturatur sawijil ing Malayu ri jĕng çrī nalendrâpan amĕnangi galangan ken rangga awot sĕkar atut andika [241]) sang abagus.

91a. Lah karia sira kaka ing kene anadah ĕh ajakĕn sanakira kabeh punang wahu prāpti den rame denirânginum isun anapa datĕngan ken rangga awot sāri pun Gajah-Pagon mesĕm amuwus.

91b. Duh tuhu yan angdani rāgi rum ning asana wungu sama anĕdĕng santun winwat ing sadāgati ya tângringrangi twas ning puṣpaliṭ tan dadi yan tan mĕtu ring wiwaranyâpti añumbita madhu ning puṣpârum.

92a. Sama gumuyu angapi sakeh ing rawongira sang abagus mesĕm nĕhĕr lumaris mantuk maring jro [242]) ndan sira rāden Galuh tan-sah kalih [243]) wontĕn alungguh anêng madhe tĕngah sama angubda wingit [244]) pinarĕk ing kaka-kaka tuhu yaya Ratih angrungrung.

92b. Salamanira sah saking nagarī tan kĕna ring tadah turu luru ning warṇa mangkin embĕh raçmi manis ning driyâsmu balut yaya tumesa madhu juruh angani twas rimang rawongira awlas andulu samâsĕnu wāspa sira iña alon amuwus.

93a. Duh kapakĕna iki pan wus titah krama ning tuwuh kagungan ing lara wirang pan bhaya ing (ng)uni luhya ring amangun ayu don ing mamanggih duhkhita yan samakĕna ring angrek amrih angāçrayêng kawlas-hyun.

93b. Kañcit datĕng twan mantrī mesĕm ing citta derângrungu sojare ken iña apan wus karasêng ati prāptâñjĕnĕng ing babatur sang dyah tumurun kalih tumungkul samâsmu wĕdi arĕp lunga [245]) twan mantrī anambut.

94a. Winahan [246]) ri rum ning nādânrang gĕndis aduh ātmajīwanisun sampun lunga [247]) dyah ari masku den tumulus sihtânga-

wulakĕna punang Harṣa-Wijayâpan sira dewa tan-sah jāgra supta iniṣṭi pinuh ring paramajñāna sinūkṣma ri tĕlĕng ing tutur.

94b. Ri pananmatanirâri sawyakti saujaripun iña ring angrek angāçraya ring kawlas-asih pan sami angunggu-unggut [248]) tan atanggw ing [249]) bhūmi pakulīnan sirâtmajīwa atur pakṣī cātaka munggu(h) anĕng tahĕn ragas depun santoṣâmalar truh-truh.

95a. Ĕmbesuk yan ana sihan ing hyang ri surud ing Açujya prāpta ning kacatur sinamening wātâris amawa riris ing jalanidhi gĕrĕh nika mandrâsru ya ta amrĕttāni [250]) kayw aking [251]) malar waluya anglung.

95b. Nahan [252]) ujarirânyuh ati sang dyah mĕnĕng tumungkul kaslĕk ing wāspa karuṇa ken iñânahuri duh singgih sājñā pakanirânging [253]) den tumulus pukulun çrĕddhā(h) angawulakĕna ring wong pāpa kawĕlas-hyun.

96a. Niṣkāraṇa ujarira kayiki masĕngsun amalih kahyun sira wruh amonga [254]) ring rāden diwī amalampaha ring pun rangga yan ana kahyunira sira rāden Galuh aywa ta sira yan kalib ken iña asahur sĕmbah saandikanira pukulun.

96b. Lingira twan mantrī pun Rāgânurida mara ring ken rangga konĕn angaturi tadah ing twan dewī kalih lawan tigasan pisan tĕkan ing rawongira sama sungana tadah punang inutus anĕmbah tumurun sang lwir Smara lah kari ātmajīwanisun.

97a. Lunga [255]) maring salu kilyan ndan twan Puṣpawatī [256]) sampun ahyas alungguh [256]) ing patiga ning sarpakesari sapādapâsĕhĕn santun pinarĕk ing kaka-kaka lingira ka Bayan nĕnggeh prāpti sang putrī ring Malayu.

97b. Ken Bayan matur awot sāri singgih tuhu pukulun kalih samâyu-ayu sang panuha [257]) angrawit aranira twan Dara-Pĕtak pamulw aranggâtal [258]) lĕmbut sang anom twan Dara-Jinggâgātrâsmu [259]) jĕnar aruru.

98a. Tan liwar ujar ikang wong amūji tuhu lwir Ratih kĕmbar pan saudara tuhu asih solahirĕku kalih mwang tang kaka-kaka rūpane samâyu-ayu ken Sanggit angucap aduh kayâge wruha isun ring sang lwir puṣpitânurun nora tumanding ing arum [260]).

98b. Sirĕñângling aris duh aja mangkana apañjang ingucap apa [261]) samĕriki mĕne masa nora kapanggih bhāge yan ayu rowangan ing aniwī kakung ya tângkĕn asanak mĕnĕng raāden dewī karasa rehirâpasah asanak lama tan atĕmu.

99a. Angĕmbĕng-(ng)ĕmbĕng luhirânĕhĕr ingusap-usap tan-dwa prāpta sang abagus asĕng smitângling aris duh rari sang lwir hyang-

hyang ning sāri katwang ing madhu juruh paran marmanirâsmu wingit norângandĕl eringsun.

99b. Yadyastun [262]) adrĕwe dyah malih masa kaya sira wĕkas ing anĕmwakĕn raras çrī Niruddhawatī [263]) linĕwih munggw ing kambalasāri tan rwa iniṣṭi cinintya ing cintāmaṇi ingĕmbanan ri sandhi ning tutur.

100a. Apan satata rowang ing kajāntaka lah ta masku den tulus [264]) sihirângawulakĕnêngsun rari pan sira kang wyāpaka erisun lah ta aywâsuma hyunta ātmajuwita depun çrĕddhânambhramêng [265]) tanu makarowanganirêku angupacārêrisun.

100b. Sang dyah asmw [266]) erang tan pangling karasêng twas ujarira sang kakung asmu līlā lindi ning driya mangkin anyuhi twas ing akukuh ndan ken Bayan anĕmbah matur duh tan mangkana pukulun rayi pakanira liwat [267]) pangandĕlira nora mātrâdrĕwea kahyun.

101a. Marmanirâsmu wingit [268]) kangĕn ing twas denirângrungu yan sang putriṅg Malayu saprāptanira kalih tuhw [269]) asih derâpasanakan ya tânuwuhakĕn [270]) wuyung derâpasah lawan sang ari alawas tan atĕmu.

101b. Smu guyu sang apĕkik pilih beñjang sira katĕmu dewâtmajīwanisun apan galangan beñjing manira marĕk ing çrī bhūpati sira tumuta masku ajakĕn arinira kalih sang putrī ring Malayu.

102a. Anahu(h) [271]) ing citta twan dewī ndan lingira raāden mantrī ka Bayan wus anadah rika sira yayi ken Bayan matur dereng pukulun prāpta ng tadahirânadah sirâkalihan asmw erang rāden dewī ndan sinrĕng wenidhi lah anadaha ātmajīwanisun.

102b. Tutut anadah twan dewī akalihan ndan pun rangga Wĕnang rame anadah ing yawi awusan malah lingsir ucapĕn sang aulun kalih çrī nṛpawadhū woya ring jro pura pinarĕk ing biny aji wontĕn rāden diwī lan twan Puṣparaçmi alunggw' ing batur.

103a. Wus samâhyas angrawit pĕpĕk sakweh ing pawongan lingira çrī nalendra beñjang karĕpisun yayi anganakĕna susudukan açaçraman ing manguntur wonge kaky Harṣa-Wijaya tumandang lan mantrīnisun.

103b. Sira acadanga dadar ing esuk padâesa çrī pramiçwarī sumahur saandikanirêki pan liwat kapengin isun wruha ring kaki Wijaya çrī mahādewī angling nĕnggeh yan asomahan pukulun.

104a. Anĕkar (r)ing çrī bhūpati angling ken liku ih dumadak tuhu kayângapa bhaya rūpane sang para putrī sakiṅg Malayu kalawan ing Singhasĕkar kasub ayu-ayu çrī narapati mesĕm amuwus lah mĕne si parĕng mĕtu angiring nini Galuh.

104b. Ĕnty harṣanira twan ratna Kesari angrĕngw andika sang prabhu sarwy anolih ing sira Puṣparaçmi asĕng smitânĕhĕr angucap yayi parĕnga [272]) lan isun mĕnyânonontona sang liningan harṣâwot santun saandikanira manira angiring pukulun.

105a. Sirêña matur aris kamayangan ingajak mĕtu rayi pakanira dewâpan brayan angāpti apanggih lan sira Puṣpawatī ken Bayan asmu [273]) guyu kaya dudu yan mangkana wus ana ri atiningsun [274]).

105b. Tuhw [275]) atut yan amĕdar sāri punang sarpakesantun pan wus [276]) prāpta ng kacatur grĕhnya muny angarangi ken Sanggit angling tan [277]) mangkana sirêki panarkanisun [278]) wet ning asihirâsanak tĕmbe ning mahw atĕtĕmu.

106a. Sukha sakweh ing wong purī samâ 'rṣângrungu yan twan mantrī mbesuk anĕkar (r)ing nṛpati nĕnggeh sastrī donnya sama angāpti pahyas ndan sira çrī nṛpawadhū wus acadang dadar ucapĕn ken apatih mwang parâdhimantrī sampun samâdan anĕkar (r)i mbesuk [279]).

106b. Salwir ing rāja-papali wus acadang pan rakryan patih atingkah mwang tang tanda mantrī wus sinowarêng eñjing mĕtw açaçaraman lan wongira sang abagus marma ning samêgar kahyunnyâmrih atanding kawruh ing apapalaywan kalawan wong ing Singhasantun.

ZANG IV (*Dĕmung*).

1a. Sampun tistis hyang rawi gong gĕnding angalun wus pinidudut nṛpati wulan agantaran mĕtu pan pūrṇamā ning Açuji awalwi rahina katon.

1b. Sakweh ing wong jro purī ramyâmajang indu angāpti pahyas ĕmbeñjing amatut wastra siñjang minukhawāsa ring dhūpa [1]) mrik aṣṭânggi gulgula winor.

2a. Lyan anganam sāri anângraciki gandha burat mrik minging amet pamūji ning mulat apan samâpti amintonakĕn bharaṇa lyan têkang dīna kasihan tan wr' ing polahe angrungrung tan poly' anambut kampuh.

2b. Malah tiba ng ghaṭita pingsapta umung swara ning gong gĕnding atur angatag aesa ndan çrī bhūpati sampunirâdiwāçrayâmṛtajñāna [2]) winangun asnānâdehaçuddha pinuh hyang piniṇḍa ring tanu.

3a. Wus ahyas awastra pik mirir kumram ginātrêng tatur piniṇḍa pakṣī anglayang ring rĕmĕng awra tinĕpi-tĕping [3]) indracāpa asabuk

gringsing mangungkung asisigen rukmi arjâkĕris rawiprabhā sumunu.

3b. Agĕgĕlang apus pupak kalih lawan kĕmit-tuwuh [4]) asumpang angrek [5]) çaçāngka siniram ing er-gulo mar mrik pantĕs derânting-anting tiningkah Brahmawiṣṇu asipat Pakudan [5a]) amanis embĕh ñĕñĕr ing dulu.

4a. Atoparĕm sūtra [6]) wilis cinitrêng mas drawa arja agĕlung kĕkĕlingan tuhw [7]) ādi ūrṇāratna bhūgaçrīnira [8]) sumunu ali-ali bang wilis murub akarambalangan pinatik ing ratnâdi tuhu yan ādi ning nātha sasolahira mĕnggĕp akung.

4b. Ndan sira pāduka çorī sampun ahyas lagy asasaman kampuh asiñjang gringsing nglung ing harṣâpapadon rukmi amanggala taluki wilis minas drawa eñjerirâtĕpus mangungkung akĕmĕr-kĕndit dangu mĕkar tigang prāṇa rinĕnggêng nawaratna murub.

5a. Agĕgĕlang kaṇâdu manis kalih lan jāga-çatru apanumbuk mirah ali-ali roro sisih anayana mirah wedūrya asuwĕng gĕdah çyāma sinaroja ing rukmi pinatik ing mirah māyā marum.

5b. Asumpang angrek [9]) çaçī mar mrik siniram ing jĕbad sinawung maṇḍalika [10]) asipat alit amanis embĕh ñĕñĕr ikang [11]) dulu laty abangkit gĕsĕng tumurut lwir atruh-truh gĕndis gisi-gisy anrang puṣpa ning andul.

6a. Waja wahw agātrā randi amanis pan uryan ing mahw asusur çrī pāduka matur wus ahyas asiñjang gringsing Kṛṣṇāyaṇa tuhw [12]) alus awastra sūtra wungu ginātrêng mas drawa aeñjer [13]) sūtrâkĕkĕ-mbang [14]) amanggala putih [15]) tanggulun [16]) apinggĕl Dadung-Awuk.

6b. Akalpika mirah ādi mamanisan asuwĕng danti sinaroja ing rukmi asumpang wārṣikī winalat khaḍga rinaras twas siniram ing er-gulwârum kĕmĕr-kĕnditira dangu ingadu manis sinalagêng mirah suga sahâpadaka [17]) tigang luruh.

7a. Muwah sira çrī kiraṇa lagy asasaman pahyas lawan çrī pāduka matur ndan sira liku wus [18]) pahyas açrī asiñjang cĕpuk wilis awastra canglwi kukus amanggala sūtra jingga aeñjer [19]) boño tuhw [20]) alus.

7b. Agĕgĕlang apus prāṇa kalih lawan jāga-çatru akalpika mirah māyā asuwĕng [21]) pañca ijo sinaroja ing kāñcana pinatik ing nayana asumpang sarpasāri saha pādapa jinĕbadan rum.

8a. Ndan çrī pramiçwarī angling ra-Pisangan tilikanânakisun yan wus ahyas glis sengi ken Pisangan lumaris prāptîng kamĕgĕtan ndan sira raāden Galuh sampun adan pahyas asiñjang paṭawala gadung ginātrêng mas drawa awastra sūtra [22]) randi alus.

8b. Sinujîng mas ādi piniṇḍa puṣpâlas saha sasattwan marum

aeñjer sūtra wilis binoño de ning rukmi amanggala jĕnar kĕmĕr-kĕnditirâlulut winarṇa bot sabrang rinĕnggêng nawaratna murub apangarih tigang luruh apinggĕl jāga-çatru.

9a. Kalih tulak inadu manis apanumbuk mirah akalpika bot sabrang anayana mirah ādi anĕpuhi [23]) lurus ning jariji erang kucup ing bakung nakhâpañjang ĕning alungid kumram lwir maṇik bañu.

9b. Asuwĕng pahul araras sinawung ing kāñcana pinatik ing çoçoca anguwah karṇa asumping mas ādi tiningkah sarpasāri saron angaras bāhu [24]) winor lan jayanti siniram ing jĕbad er-gulwârum.

10a. Mangkin amuwuhi [25]) raçmi ning wadana anawang çītaraçrum açrī asipat alit [26]) embĕh ñĕñĕr ing liring anrang nīlotpala lwir kocaka madhu juruh angani twas rimang wah rum lungid ing alis mar syuh tang cātakânglayang epuh andoh anūkṣmêng mĕndung.

10b. Çrīnātha [27]) turut [28]) wilis tan polih [29]) aniru tang manguneng galuh sĕsrĕbĕng smu mlĕtuk lagy angayoni rema [30]) lwir jaladharâmĕm jawuh tinrānggaṇa ing mĕnur winor lan angkatan tuhu hyang ning jaladhi madhu adulur basanta aminḍa ri raras awah rum [31]).

11a. Çrīdantâlurw aglar ing ṣiti rūkṣa tan poly' atiru kram ning wajânglar ing kumbang gisi-gisy angrawit çīrṇâjrih [32]) puṣpa ning andul lati anrang manggista rĕmpuh [33]) sirat-sirat ning nādâmanis yaya truh madhu juruh.

11b. Alunggw' ing patiga ning sarpapuṣpa asĕhĕn santun pinarĕk [34]) ing kaka-kaka wus samâhyas açrī sama maguñĕpan mangkyâmūji warṇanya twan Galuh duh tuhu ayu tanpa [35]) tanding sang dewa ning kalangun [36]).

12a. Emanira tan sinipi sang pangeran lwir rum ning pasir parwata tan ana ning kawi mahas amarna gurit dwiṣṭa [37]) ning lambang kidung don ing angubda langu sawany' âmuwus [38]) duh tuhu ujarirêki mbesuk malar ing Kārttika prāpta ning Smarândon kalangun.

12b. Tan warṇan ujar ing amarṇa raçmi tan-dwa ken Pisangan [39]) rawuh mĕndĕk sahâwot sāri matur aris pakanira lastarya dewa ājñā çrī prameçwary apan inganti mĕtu raāden dewī alon amuwus [40]) ka Bayan lah ngundang yayi Puṣparaçmi den asru.

13a. Ndan sira Puṣparaçmi sampun ahyas asiñjang limur awastra nīlasaraja [41]) binoño ing rukmi aeñjer sūtrâmangun kung amanggala taluki alus apadandan [42]) bot Tan-Jawa lagy apinggĕl apus lulut.

13b. Akalpika mamanisan asuwĕng gĕdah çyāma asumpang mangli [43]) rinaras twas mangkin embĕh raçmi ñĕñĕr ing driyâsmu balut laty abangkit gĕsĕng tumurut pantĕs [44]) derâhyas tan path-yâpan [44a]) lagi angubda wuyung.

14a. Ken iña umatur aris duh pangeran sampun paty anggĕng [45]) wuyung pan sira rāden mantrī mwang sirâkanirêki wus wontĕn ing taman Bagenda mangke pukulun manawi kaciryan dinalih tan asthiting laku denira raāden Galuh den wruh anamar sĕmu.

14b. Prāpta ken Bayan lingnyâris den aglis marĕka rĕke pukulun pan suwe [46]) inganti denira [47]) raāden dewī .... loka ken Sanggit [48]) mesĕm sumahur kara ning asuwya mĕtu wet ning liwat kawlas-hyun yan anamun pahyas kayâmirangakĕn [49]) twan Galuh [50]).

15a. Duh sampun mangkana [51]) ri nini pan sira rāden Galuh liwat dera kalulut [52]) yan sirâduwe [53]) kāpti anĕdaning rāden Galuh ayo apiṇḍa kalib ken iña sumahur aris duh nini wus karasa denisun.

15b. Nĕhĕr lumaris tan asari twan Puṣparaçmi sampun prāpti kamĕgĕtan sinungsung ing smitâmanis denira raāden Galuh lah lumarisa yayi [54]) sang sinapa awot sāri tumuli kinanti tan asantun.

16a. Amuwuhi rawit denirâkalihan akakanten lumaku duk prāpting arĕpira çrī bhūpati jĕngĕr sakweh ing andulu duh bhayêki Suprabhânurun kalih Tilottamā mwang sakweh ing angiring atur surāpsari saking Nandanawana andon [55]) langu.

16b. Kinayuh denira [56]) çrī pāduka çorī aduh ātmajīwanisun merenea masku lingira çrī narapati lah yayi mĕtua tumuli samâdan ken apatih kocapa mwang kṣatriyâdhimantrī sampun prasama atiyang açaçramana ring manguntur.

17a. Saha bala tuhw açrī jujuluke pinandĭng ayun saha dhwaja mwang tunggul çubhamanggalanyâtri salwir ing pali-pali nṛpati sampun dinandanan ucapĕn rāden mantrī wus eñjing adan ahyas alangu.

17b. Akampuh lus-lusan pik mirir kumram ginātrêng tatur piniṇḍa [57]) manuk dewatânglayang ing awyati asabuk gringsing sumaguṇa saha papadon mas tatur ginanggong ing tĕpi anungkĕlang kris kaputran murub.

18a. Apinggĕl kaṇâdu manis kalih tulak kalawan kĕmit-tuwuh [58]) kalpika roro sisih anĕpuhi lurus ning jarijy anrawarṣa nakhâlungid apañjang kumram lwir maṇik toya agyâpanamar [59]) sūtra wungu kinulalatêng mas ajur minukhawāsa marum.

18b. Asuwĕng pĕpĕlik mrĕkata wilis sinaroja ing ĕmas rinajasêng mirah ādi anguwah karṇâsumping maṇḍalika [60]) hema sinawung tangguli kĕtur pinattrayuddha mrik arum siniram ing jĕbad arjâsipat Pakudan ñĕñĕr ing driya angdani kung.

19a. Tap ning remâmĕkiki kram ning wajânglar ing kumbang [61]) gĕsĕng ning lati tumurut yaya truh madhu gĕndis sawyakti anurāgêng

smara ndi ana rājaputra sumama ing warṇādi tuhw anīrṇani twas ing akukuh.

19b. Pinarĕk ing wijil pingkalih alunggw' ing patiga ning sarpasāri sakadehan amarĕk tuhw açrī wus samâhyas ararawitan ṇandandani atur-atur wastra kāñcanâdi sing lĕwih sawijil ing Malayu.

20a. Mwang sakweh ing wong sinĕlir wus atiyang samânganggo dadar saha sañjatanipun nda lingira [62]) rāden mantrī ih Rāgânurida sang putrī sami aturana anĕmbah kang inutus duk prāpting jro taman sang para putrī sampun sirâhyas samâwah raras rum.

20b. Apaparĕmpwan angrawit samâsiñjang paṭawala jingga sinujîng mas ādi awarṇa babayabon samâwastra sūtrâwun-awun cinitrêng parada aeñjer sūtra çyāma kinulalata ing mas ajur amanggalâlus bot lor kumram binoño ing tatur.

21a. Padandanira [63]) bot Tan-Jawi akĕmĕr-kĕndit dangu mĕkar tigang prāṇa sinalagêng mirah ādi ingadu manis samâglang kaṇa kalih jāga-çatru tinalĕmpĕk ing nayanâdi ali-ali kostubhârum.

21b. Prasama roro sisih kumram mirah lan wedūryângrĕngga lurus ning nakhânrang [64]) kucup ning tarawṛṣṭi [64a]) asuwĕng danti sinaru [65]) jinajawing mirah suga samâsumpang mas tiningkah pārijātârja rinaras rum.

22a. Siniram ing er-gulo mrik angani lulut çrīnātha [66]) tumurut sĕsrĕbĕng smu mlĕtuk rema winahwan mālati anda-andâtub anīrṇa jaladârawat truh asipat Pakudan embĕh ñĕñĕr ing liring kram ning laty anrang manggista rĕmpuh [67]) kadi angĕmu madhu.

22b. Waja wahu anrīdanti anyuhi [68]) twas tuhu suputrī lwir Durgā Ganggā Gorī rumira katrīṇi yaya mukṣa-mukṣa ri tungtung ing liring açrī alungguh ri ĕb ning asanâmayung asĕhĕn sāri [69]) pinarĕk ing kaka-kaka wus samâhyas lwir warāpsantun.

23a. Ndan sira Puṣpawatī asĕng smita sawacanârum ring sang putring Malayu depun santoṣa yayi sira asanak lan isun pan liwat ing dīna kawlas-hyun tanpa yayah bibi ngasy'-asih anêng bhūmi ning musuh.

23b. Sang liningan asĕng smitângling duh sampun mangkana bhaya wus ṇangdan ing hyang don ing atĕmah kayêki mangke manira tansah umiring kāpti pakanira [70]) nging [71]) den agung çrĕddhā(h) angampuni ring nirguṇa kawlas-hyun.

24a. Kañcit pun Nurida Rāgi prāptâwot santun mijila pukulun pakanira inganti denirâkanirêki ndan sang inaturan katrīṇi sama tumurun nĕhĕr lumaku ingiring de ning kaka-kaka mwang sakweh ing wongira sirêña lumakw anêng ayun.

24b. Duk prāpti ring yawi wus munggw [71a]) ing gilingan riringgan tuhw alangu sinamiran taluki dadu ginātrêng rukmi akajang jrak tuhw alus kaka-kaka anggayut rawongirâkweh andulur samânganggo dadar kang wong sinĕlir anêng ayun saha sañjata pĕnuh.

25a. Khinaṇḍa-khaṇḍa tuhu açrī watang ingĕmasan kumram lwir gunung kĕmbang kĕñar ing astrânĕpuhi [72]) sĕnĕ ning rawi kang ambĕkĕli samânunggang kuda pinayungan angrawit saha jujuluk pinanding ayun.

25b. Gumuruh swara ning gong gĕnding tinut ing atur-atur sawijil ing Malayu wastra mwang kāñcanâdi [73]) atata kang amumundut wyatara wontĕn kalih atus samânandang kuning anganggo dadar açrī dinulu.

26a. Ring uri twan mantrī anunggang wājī rakta bhinūṣaṇan mas kumram pinatik ing çoçoca angrawit sopacāra anêng ayun tinut ing jong kuning alangu sakadehanira sama lumakw ing uri atata munggw ing undakan sopacārâlante sapayung.

26b. Sĕsĕk sakamārgi punang aniningal duk prāpting kadwijan samâ 'rṣâningali strī ning para kawi amarṇa-marṇa solahira twan mantrī wyakti aluhung kaya tan manuṣa atur hyang Çacīpaty anurun aminḍa [74]) manuṣâpan tanpa upamā dinulu.

27a. Mwang kadehanirêki antyanta kadbhuta dinulu lwir gandharwângawatāra punang balângiring rotâpsara tarkanipun [74a]) sawany' ângling tuhu kayêku yen de ning ngong amiweka dudu polah ing anungkul.

27b. Meh andadyakĕn jurit tan wurung çrī naranātha walik kasoran ing pupuh tĕkâmarasi ati angapa gane don ing nṛpati tĕkânanggap wong iku pan mūlane ari duh bhaya tuhu tan wruh sang prabhu.

28a. Sawaneh anângling masa mangkanaa çrī narapati pan sira wruh ing nīti kriyopāyasandhi mwang gaṇita nikang ala ayu marmanirâpitanwruh mawi kāptinirâtiru çrī Dangdang-Gĕndis mantuk ing amarālaya makawan çūradharmêng ayun.

28b. Prasamâmisinggih sang strī ning kawi tan warṇan ling ning andulu ndan sira rāden mantrī lĕpas larinirâris meh prāpting pangastryan [75]) ucapĕn sira sang prabhu sampun pinasĕlang sakrama ning nāthâdi mijil sira çrī narendra woya ring maṇḍapa alangu.

29a. Alunggw' ing singhāsana rukmi kalih çrī nṛpawadhū lan sira rāden Galuh tan-sah twan Puṣparaçmi iringanira çrī narendra lawan çrī pāduka matur pĕpĕk sakweh ing wong jro purī tuhu alĕp dinulu.

29b. Ndan sang para dwijarṣi parĕk ing sira sang aulun alunggw'

ing palangka danta pinaramadani saçiwopakāra umadang pĕpĕk tangkilan sang prabhu kweh ing para tanda mantry ādi kṣatriya [76]) ndatan kantun.

30a. Swara ning gong gĕnding atri angalun-alun lwir guruh ing Kārttika angarangi lyan tang para kawi men-men atĕkap angidung anângringgit suwaranya [77]) marum anânĕpuk amidu lyan agugujĕngan akweh kang aninĭngal tan paligaran sĕk supĕnuh.

30b. Tan-dwa prāpta rāden mantrī açrī adulur kweh ing atur-atur punang amumundut prasamânom-anom mĕnggĕp sasolahipun kanagarin jātmikâruruh lumakw ing ayun ndan rāden dewī katrīṇi sama anampa kampuh tigasanira [78]) çrī nṛpawadhū.

31a. Adulur yayêng tulis ingiring dera sang abagus pantĕs anampa tigasanira çrī bhūpati ndan sakweh ing kadehanira prasama lumakw ing pungkur gumiwang kang wong aningali sama mingsĕr anglurung.

31b. Pinapag ing liring amanis denira sang aulun ndan çrī nṛpatiwadhū smu kagyat aningali iṣṭanira hyang Manobhawa saha surāpsari ndan sakweh ing wong jro purī tan sipi gawok twase andulu.

32a. Mĕndĕk ing arĕp nṛpati twan mantrī mwang sang para putrī atur tigasan kalih lawan bhūṣaṇâdi [79]) wijil ing Malayu sampun katur asmu gipih sang prabhu mangkyânanggapana lawan çrī pramiçwarī saha wacana marum duh masku kaki atarimêngsun.

32b. Asahur sĕmbah twan mantrī tumuli sira angĕmban puṣpa lan sang dyah katrīṇi anĕkar (r)ing sang katong lawan sang para [80]) kṣatriyâdhimantrī sastrī adulur sama atur tigasan anĕkar (r)ing nṛpati ndan sang dwijarṣi [81]) añjaya-jaya dīrghāyuh sang prabhu.

33a. Sinrang ing ghaṇṭā-ghaṇṭi asanggani lan weda marum awor lan çubhamanggala muni angarangi anrang guruh ing kacatur angatag rum ning sarwa-santun pangrĕng ing ṣaṭpadanyângringring [82]) kāraṇâstuti marum.

33b. Muwah [83]) sakweh ing wong jro purī amūji-mūji sama aguñĕpan amuwus tuhu tan liwar ling ing amūji duh durung isun mulat wong arūpa kayêku sārah rum papupul ing manis añūrṇa twas ing akung.

34a. Çrī mahādewy abibisik [84]) lawan ken liku duh tuhw [85]) ayu-ayu sang putrī iki ĕndi kang sakìng Singhasāri lan ing Malayu ken [86]) likw angling pantĕs punika punang asasaman kampuh putrī Singhasĕkar twan Puṣpawatī aranipun [87]) tuhu wah çṛnggāra rum.

34b. Ken iñânahuri singgih derâmbatang rūpa punikâmatuh lan sira Puṣparaçmi pokiran ing wadani ñĕñĕr ing dulu ndatan pahi

nĕnggeh yan saudaranirêku kang roro iki saking Malayu liwat denisun katuju pantĕs balabur madhu.

35a. Nĕnggeh aran Dara-Jingga lawan ken Dara-Pĕtak ken Bayan angling duh tuhu pan sama wijil ing katong tan iwang lan sang amawa ken Sanggit alon amuwus [88]) sang ing Singhasāri abangkit pan sumilah dinulu.

35b. Tangeh warṇan ujar ing wong ing jro amarṇa-marṇa sang anĕkar prasamâwusan anĕmbah ing sang katong sampun sinung paṭāraṇa ndan malih çrī nṛpawadhū mojar ing sang putrī katrīṇi ing kene niny alungguh.

36a. Sang liningan marĕk aris samânĕmbah tumuly [89]) alinggih ring urinira twan Galuh tan adoh twan Puṣparaçmi wāspanirâsru pan tĕmbenira atĕtĕmu [90]) ring sirâkanira ketung solah ing (ng)uni duk ing Singhasāri tan kĕnângucap pan kasĕlĕk [91]) de ning luh.

36b. Ndan twan Puṣpawatī ĕnti wĕlasira mulat ing ari pan liwat denirâlulut tan panten wāspâdrĕs mijil sakweh ing wong mulat samâwĕlas dadi kapiluh twan ratna Kesary amuwus [92]) aris duh yayi aja paty anggĕng wuyung pan sampun malih swasthâtĕmu.

37a. Nging [93]) depun tulus asih yayi sirâsanak lan isun mĕne yan sampun ing kārya lah datĕng ing purī apanggih lan sirâyinira sang liningan awot santun sarwy angusap wāspângling aris srĕt ning nādâmlas-ahyun.

37b. Duh kamayangan singgih yan çrĕddhā(h)anira pukulun ring wong pāpa kawlas-hyun çrī pramiçwarī angling duh nini sampun si walang ati masa pahe denisun ring ken Puṣparaçmi anak-anak lawan nini Galuh.

38a. Tan warṇan ujarira sily'-apet sih ndan twan Harṣa-Wijaya ĕnty harṣanirândulu kaayonira twan dewī marma ning anamar kung ajrih yan kawruhan tan asthiting laku ndan lingira çrī bhūpati lah kaki karĕpisun sirâçaçramana ring manguntur.

38b. Asahur sĕmbah twan mantrī mwang sakweh ing parâdhimantrī kṣatriya [94]) samâ 'rṣângrungu andika [94]) sang katong ndan wus sama sinung dadar padâmwit mĕtw ing manguntur sampun sirâsalah kampuh prasamânglĕnging sakweh ing wong açaçraman samâbhūṣaṇâçrī dinulu.

39a. Ndan sira çrī bhūpati mwang çrī [95]) pāduka çorī lan sang para putrī wus mĕtu munggw ing panggung angrawit apan tinuṇḍa [96]) prĕnah nṛpati ri sor tang parawadhū [97]) wus pinajang-pajangan açrī pinadmāsanâlangu [98]).

39b. Sinamiran taluki wilis lan sugâkram sumunu cinitrêng parada

jinamanikāh angrawit kinombalan kṛṣṇâbang pĕtak dhinawala çuddhâluhur kumlab tinub ing sadāgati tuhw alalĕh dinulu.

40a. Lwir langĕ [99]) ning Kelāsādri nṛpati atur hyang Maheçwaradampati sirâlungguh pinarĕk ing warāpsari ndan sang açraman sampun atingkah lor kidul atiyang sañjatanipun saha dhwaja mwang tunggul tabĕh-tabĕhan munya asru saha surak [100]) gumuruh.

40b. Ramyâtangkis [101]) silih-tindih tumuli rāden āryâpapalayun sakweh ing mantrī kṣatriya umiring palayunira [102]) alangu tuhu yan widagdha ring pupuh ndan wong Singhasĕkar anut sahâmugari dhwāni ning bĕdil asrang kumutug saha surak gumĕntus.

41a Umwang swara nikang gong [103]) gĕnding ndatan paparungwan kang anininga supĕnuh angucap sahur pakṣī amūji duh durung isun [104]) mulat ing çaçraman kayêki bhaya mengkene ring ajurit antyanta ramenipun.

41b. Tan warṇan ling [105]) ning aningali twan Harṣa-Wijaya tumandang apapalayun ambantala angrawit ingiring de ning kadehan açrī solahirâmĕlĕcut ndan atur tan panampak kṣiti yaya mukṣa dinulu.

42a. Tinunggulan açrī mangkin embĕh [106]) ayang lĕnglĕng punang andulu çrī narapati ĕnty harṣâningali dady angrasa kudw ahyun yan angalapa mantu katuhon ta [107]) tus ning ratu tan sawawêng kulanira nṛpati ya ta ketung pawījane wong Pangkur [108]).

42b. Ndan çrī prameçwarī angalĕm ing citta de ning solahirâkung andudut ati duk alayu sumlang anolih mṛdu ning dulu añūrṇani twas ing akukuh ndan rāden Galuh wontĕn harṣanirêng ati yan wus tambyânut ājñā sang prabhu malar çrĕddhā(h) amupu.

43a. Ramyâwawangson amrih-pinrih punang açaçraman along tiba kang den-ujung kedĕk ing rowangnyâñjrit anangis punang surak aganti ndatan paparungwan smu sor sakweh sang mantring Kadiri kolug palayunipun.

43b. Lingira çrī bhūpati lah aturana kaki Harṣa-Wijaya aja milu ndi ta ana wong wani anglawana tuhanipun [109]) anging parâdhimantrī lan kadehanira kaki mangkyâsusudukan karĕpisun.

44a. Kang inutus [110]) malayw aglis sampun kaatur sājñā sang aulun tumuly asapih punang wong açaçraman kalih ndan parâdhimantrya gumanti mangkyâsusudukan ngadu kawruh lan wongira rāden mantrī rakryan [111]) apatih tumandang ken rangga Wĕnang mangkyâmagut.

44b. Pantĕs samâsikĕp rangin ingĕmasan kambalane bang mlĕtuk saha tĕwĕk pangapit kumram tinrap mas ādi midĕr apet [112]) chidra minggĕk atangkis mĕlĕcut [113]) pan kalih pratyakṣêng pupuh ndan sira

kryan tumĕnggung Mṛgapati [114]) mara asru ken Sora mangkyâmagut.

45a. Samâwatang giniñjring kalih pada kinombalan solahnya angrĕsi twas lumiñcak [115]) acrĕng silw'-okih [116]) tumandang ken dĕmang Wīrasandhi ken Nambi amapag pada atameng kalih [116a]) ginarantim hemâkram sumunu.

45b. Tumindak asmu miring kalih angunda-unda dukduk tinĕbatĕba tatur gumyar kasunon rawi smu mingis aglis mĕsat tan olih kading surat dinulu yaya tan panampaka ṣiti tuhu widagdhêng ayun.

46a. Ken kanuruhan tumuly aglis tumandang lawan ken ranggi ndan ken Pĕdang mangkyâmagut lan sira Dangdi tuhw açrī solahira samâparesi tinanggalan ĕmas kumĕdap-ĕdap kambalane bang putih minggĕk duk atangkis asmu mlĕcut lwir kukupu atarung.

46b. Pan [117]) Mahiṣa-Rubuh aglis atanding kalawan pun Gajah-Pagun solahnya tan [118]) gigu pan tamêng [119]) palugon asring tinembak ing parangmukha ring jurit tan kengguh sama tamêng [120]) sikĕpipun [121]) ingĕmas ādi saha pĕdang pamugut solahnyâñlori biṣângde guyu.

47a. Ken Mahāpati tumandang pun Lĕmbu-Pĕtĕng amagut padâsikĕp kantar cinitrêng mas tuhw [122]) angrawit kalih anglimbekĕn [123]) duhung silih-tangkis amet chidra sampun prasamâtanding sang mantrī lan wong ing Singhasantun.

47b. Pada suçramêng gati rame punang susudukan asuwe patangkĕpipun [124]) ndatan kuciwa kalih gong gĕnding umwang abarung atri surak aganti dady asmu luyu sang mantring Kadiri kasoran tangkisipun [125]).

48a. Ndan raāden mantrī rumasêng ati yan wus sor sang mantring Mĕmĕnang [126]) tan panangkis de ning kadehanira sami ndan prasamâwusan tumuli anambut kampuh marĕk ri jĕng sang katong sira rāden mantrī lawan sang para kṣatriya adhimantrī wus samâlungguh.

48b. Lingira çrī narapati ring sang abagus (s)açrnggāra marum sipi [127]) gawokisun mulat i wongira kaki pantĕs yan tamêng [128]) pupuh patangkise aluhung sama kasor mantrīnisun kolĕg patangkisipun [129]) ndan sang inujaran asĕng smita anĕmbah matur.

49a. Duh tan mangkana singgih don ing apiṇḍa sor pukulun pan apet sih ing wahu prāpta biṣamêng buddhi rakryan [130]) apatih sumahur aris wyakti [131]) yan sor pukulun de ning wṛddha anglawan wilis kasuwyan tĕmah gĕyuh.

49b. Gumuyu çrī bhūpati rame samâguywan sang para mantrī sama sukha lan wongira rāden [132]) mantrī tan lyan winuni solahirêki duk açaçaraman durung yan kaya iki byūha ning [133]) anononton supĕnuh.

50a. Ndan lingira çrī bhūpati apatih rasanana iki de ning wongira kaki mantrī akeh prāpti ndi abĕcik prĕnahipun [134]) yan mantuk maring Singhasantun tan tonĕnisun [135]) pan tuhw adoh sakêriki rakryan [136]) apatih anĕmbah atut yan pĕdĕka [137]) pukulun.

50b. Kasĕpen liwat nṛpati yan mantuka mara ring Singhasantun anging [138]) yan samêriki ring nagarī tan bontĕn prĕnahira [139]) wīrya [140]) alas ing wong Trik puniku abĕcik nggonirâkuwu jimbar aradin asamīpa toyâgung aparĕk sakêriki pukulun.

51a. Smu guyu çrī bhūpati angling atut ujarirêku sira mĕne atuduha unggwanira kaki raāden mantrī sukha angapi pan katujw ing cipta lingira [141]) çrī bhūpati lah kaki mangke kaarĕpisun.

51b. Ĕmbesuk sirângalih maring alas ing wong Trik punika abĕcik prĕnahira [142]) anĕmbah twan mantrī saandika çrī naranātha patik bhaṭṭāra anuhun aluwaran [143]) çrī narapati kalih çrī nṛpawadhū.

52a. Lan sang para putrī rabi ning kṣatriya parâdhimantrī agrigan prasamândulur wus prāpta [144]) anêng jro purī anadah sama wadhū ndan sira sang aulun wontĕn ing pangastryan [145]) wus sumaji punang tadah sampun awusan adadawuh [146]) sang nātha wus alungguh.

52b. Ring madhyawitānângrawit [147]) songgwan lan sang para dwijarṣi twan Harṣa-Wijayâmalipir mwang kṣatryâdhimantrī [148]) anĕmbah ing çrī narapati wus samâlungguh pĕpĕk punang mantrī anom samânglalawani asluran apapatĕhan samânganggo dadar alangu.

53a. Umayĕng têkang burat sāri lawan sĕdah panggulu [149]) tinut ing larih asluran punang gantang rukmi lumindih kweh ing lalawuh wijil sāgara ukir ulam loh darat tan kari salwir ing ṣaḍrasâdrĕs lumintu.

53b. Lwir gunung tang sĕkul ulam sārah drawiṇa lwir guntur tok badeg waragang srĕbad miñu lawan mrĕsi pathya wīrya denirânadah gong gĕnding umwang gumuruh asrang para kawi amacangah atĕkap angidung.

54a. Muni tang rĕdĕp kacchapī lyan tang añantung anânggupit ginītan [150]) swaranya marum lĕwih swara ning angringgit umunggw ing panggungan amanis denyâmañjang [151]) lyan têkang anĕpuk amidu lyan agugujĕngan gumĕr-gumĕr ramya ning guyu kang anonton supĕnuh.

54b. Sĕsĕk sajalu-istrī ndatan paligaran prāpta punang amundut [152]) jawadah lumintu adulur açrī tinut i brĕm madhu lyan arak pangasih mamanisan kilang madhu juruh binĕnturan de ning larih asru sang mantrī akeh awuru bang ning çocâmbiradu.

55a. Anângigĕl awiwidya [153]) tandange angluyuk-luyuk sinurakan

gumuruh lyan tibâmutah bahir tan wr' ing tĕmpuh lagy enusungan twan mantrī harṣa andulu rame duk acocokohan punang guyw ambatarubuh.

55b. Sukha sira çrī narapati lingira [154]) asmu guyu alariha den asru sakweh ing para mantrī aparaganti [155]) angidung akeh anasar laling pupuh arĕbut bhāṣâji [155]) anangṣiptakĕn pangawruhipun.

56a. Sori lĕbar çrī bhūpati dawuh sapta sampun ingalapan sakweh sang dwijarṣi mwang parâdhimantrī makādi sang para kṣatriya wus mulih angrasa uru ndan malih kocapa sira sang para putrī amit ring çrī naranāthawadhū mwang ring raāden Galuh.

56b. Lingira [156]) çrī pramiçwarī duh nini tuhu kading swapĕna sirâtĕmwa lan isun ĕmbesuk malih den asring mara ing jro pura apanggih lan nini Galuh tur sama winehan kampuh kalawan pinggĕl tatur lyan saking raāden Galuh asung simsim mwang kampuh.

57a. Umatur anĕda katrīṇi anĕmbah ing twan Galuh mwang ring çrī nṛpawadhū ndan sira Puṣparaçmi çaya katangi lara ning ati tṛṣṇānirâsanak ya tândadyakĕn [157]) tangis wāspanirâdrĕs mily angapitu.

57b. Sira twan Puṣpawatī ĕnti wlasirêng ari aĕmbĕng-ĕmbĕng tīrtha ning driya duh sampun anangis majarakĕn wus titah ing Widhi tan kĕna binuwang anging depun biṣa sira yayi angawulêng twan Galuh.

58a. Umiring sakāptinira twan dewī sampun sira wawa-keluk pan tawan kawlas-yun tinilar ing yayah bibi bhayêng (ng)unya luhya ring kīrti don ing anĕmu duhkhâtĕmah [158]) pasah sira yayi sanak lan isun twan Galuh awlas andulu angling asĕng smitârum.

58b. Duh sampun sirânggung [159]) wingit ĕmben ika lunga [160]) parĕng lan isun mara ing taman Bagenda alalangon katĕmw ing sirâkanira çrī pramiçwarī amuwus lah isun mĕne tumutur ing sira nini ndan twan Puṣpawatī awot santun duh bhāgea pukulun.

59a. Tur sira asung simsim kalawan sirâyinira aurup anggyananggyan wus amit sang para putrī twan dewī anut ing dulu sajro purī sama kalulut mwang rabi ning parâdhimantrī ĕnti pangalĕmipun [161]).

59b. Duk prāpta anêng yawi twan Harṣa-Wijaya katĕmu pan anganting manguntur wus munggah ing padāti sang para putrī raāden mantrī wus munggu(h) [162]) ing undakan sumrĕg kweh ing balanirângiring ndatan kawarṇêng ĕnu.

60a. Tĕkêng Bagenda lumaris ing lalangwan sang para putrī pan wus surup hyang rawi ndatan panadah tĕkâguling twan Harṣa-

Wijayânêng wijil pisan aturu ri ĕb ning asanâmayung winilĕt de ning gadung pan asmu kawuru(h)an [163]) tan-sah kadehanirâtunggu.

60b. Ken ranggângĕpĕti malih pun Gajah-Pagon amijĕti suku sarwy amarṇa ayunira twan ratna Kesari ndatanpa upamā salwir ing lĕwih bhayêku hyang-hyang ning jaladhi madhu angling ken Nambi sapa rĕke bakalira kakung ken ranggâlon sumahur.

61a. Tan ana wany anglamara rĕko yan pangrungonisun rāden mantrī [164]) amuwus yan tan samanira katong sapa wani anglamara ken Dangdi alon sumahur ndi ameta rājaputra [165]) yogya bakalira kakung.

61b. Pun Gajah-Pagon anahuri yan çrĕddhā sang aulun ndi ameta muwah kayântuk yan samêriki wus sĕdĕng po si yan samakĕning asana iki atut winilĕt ing jangghā kasturi pan samânĕdĕng santun.

62a. Ken Pĕdang mesĕm sarwy [166]) angling duh tan iwang kaya ujarirêku pantĕs-pantĕsipun [167]) sĕkar sumanasa wilis sĕdĕng yan pinaran ing ali lalitângamung ken Dangdi angucap kaya tan kĕnênungsi pan liwat apingit prĕnahnyânūkṣma ri dalĕm ing gĕlung.

62b. Ken Sorângling aris pira durgamanipun yan sampun kinahyun wyakti ndatan luput ken Lĕmbu angling abĕcik yan layatakĕnâmawakan [168]) yuddha ĕmbesuk ken rangga Wĕnang asayut duh aja mangkana denirângucap-ucap dudu gawe amalih kahyun.

63a. Sukha raāden mantrī de ning wongirânangṣipta rame aguywan-guywan dawuh tiga samâguling tan warṇêng rātrī ucapĕn eñjing twan mantrī wus ahyas pinarĕk de ning kadehan açrī lingira asmu guyu.

63b. Ka rangga karĕpisun iki aken ajātia sājñānira sang aulun ring uwa adhipati sapa lunga [169]) maring Madhura ken rangga anĕmbah matur yan atut pun Wirondayâpan wus wruh ing mūlanipun.

64a. Ndan lingira rāden mantrī Wirondaya sira mangke lunga [170]) majar ing uwâdhipati [171]) sājñā [172]) sang katong pun Wirondaya anĕmbah sandikanira pukulun tumuly amit aglis lakunya wus prāpta ring Canggu munggah ing banawândarung sore tĕdun ing Tĕrung.

64b. Tumuli lumaris duk prāpting Madhura majar swagatinipun sukha sirâdhipati ndan kawarṇaa malih twan Harṣa-Wijaya wus amit ing sang aulun marîng alas Trik anaruk punang bala atrĕwuh adan pasanggrahan pan rakryan apatih atuduh.

65a. Muwah [173]) sirâdhipating Madhura sampun prāpti sabala samâmawa wadung rimbas garut tan kari umwang swara ning wong ambabad wus çīrṇa têkang kakayu tinunwan aradin dady anglunang punang alas agung.

65b. Pirang dina laminirêki sirâdhipati ambabad atingkah gṛha wus apiṇḍa deça aglis ana ta wong kurang sangu dadi woh ing maja rinuruh ndan pinangan esinyâpahit sama den buñcalipun [174]).

66a. Ngka lumrah yan wontĕn wong ing wilwa tikta [174a]) hetu nika n uwus [175]) ring Maja-Pahit wus tiningkah kadaton açrī tang alun-alun anglunang [176]) marĕp lor angunggul yaya Kaṇṭhapurâmarpat [177]) malwa punang samārgâgung pasar wus tiningkah asanding bale wwat alangu.

66b. Sakadehanira malih wus tinata gṛhanyângrawit ken rangga marĕp angidul anujw ing kadaton tan ilang takonakĕna alĕp ikang nagara wet ning pratyakṣanira sirâdhipati atingkah kweh tang sĕndang pañcuran ri tĕpi-tĕpi ning mārgâgung.

67a. Ndan sira rāden mantrī sampun amit ing sang aulun sagṛha mangke mantuk mara ing Maja-Pahit sukha sira çrī naranāthânging [178]) wus karasa ing twas yan andadyakĕn wiṣṭi ndatan ketang dera sang aulun.

67b. Apan wruh sakrama ning dadi nora çāçwatânulus tinut de ning sukha duhkha urip ndatan [179]) sthiti hetunira nirsangçayêng twas ri twan Harṣa-Wijaya yogya makaawan ing umungsi Hariloka kawastu.

68a. Ndan sira kryan adhipati wus mulih maring Madhura-Wetan alama sira twan mantrī anger ing Maja-Pahit sampun [180]) paripūrṇa langĕ [181]) nikang nagara denirâmaayu tuhw atur Harilaya anurun kweh sang mantring Daha kapusan sih pada kalulut.

68b. Pan tuhu biṣa twan mantrī among smita sukha ning sajjana winehan mas pisis rajata wastrâdi donnya n pada kĕnêng apus [181a]) mahyun atilar ing sang prabhu hetu ning dāna winangun pan watwan ing naya denira sang sujana mahyun pralabdha jayêng çatru.

69a. Eñjing sira twan mantrī wus açoca agagandhârum tumuly ahyas akampuh udarāgĕm sinuji asabuk gringsing sumaguṇa krisirâlandeyan [182]) wungu tan pagĕgĕlang embĕh rawit asumpang tuñjung musuh.

69b. Pinarĕk ing kaka-kaka wontĕn ing wijil pisan arjâlungguh ing patiga ning sarpapuṣpa sĕh sāri ñĕñĕr ing liring sinipatan tuhw angani ati kram ning wajânglar ing ali derâhyas tan paty awuwuh [183]) bagus [184]).

70a. Lingira amanis kadi katruh-truh madhu ka rangga Wĕnang karĕpisun iki sĕdĕng mangke linakon sopāyanirêng dangu andagêng sira sang aulun sirângrasanana parĕnga lan sanakira kapan mangkyâmangun prang ndan [185]) ken rangga anĕmbah matur.

70b. Singgih atut andika hyang pakanira sampun age pukulun pan

çrī bhūpati lĕwih denira among asih ri hyang pakanira yan tanpa kāraṇa tuhu kweh pangucapan ing wong tan yukting pakanira dinalih laling utang punika mangke depun ketung.

71a. Apĕnĕd yan apotusan marĕk ing sira sang prabhu anĕda sirâyinira sang wontĕn ing purī twan Puṣparaçmi yan tan sukha sira çrī naranātha ya ta hetunira andaga atilar ing sang aulun.

71b. Punika kāraṇa[186]) ning malih amanguna yuddha ken Sora angling yan mangkana mawi çrĕddhā sang katong sipi duṣkṛtêng laku malih amanguna yuddha kaarĕpingsun tĕka den aglis andagêng sang aulun.

72a. Tuhw alawas de ning anahĕn bramâtya arĕp atanding kaçūran lan pun tumĕnggung ndan pun Gajah-Pagon angling iyâtut iku depun aglis[187]) angdani laku yan amet kāraṇa rimbit akeh tinolih pun Lĕmbu-Pĕtĕng angucap bĕcik wĕngi kaarĕpisun.

72b. Angamuk maring Kadiri den aglis sampun kweh tinolih tunoni[187a]) tang nagarī wyakti kewran punang wong de ning strī anakipun hetunyâjrih tan ana mĕtu kari sira sang katong rĕbutĕn kaarĕpisun ken Nambi angucap ewuh kadi ujarirêku.

73a. Manawi wontĕn jāti matur ing sira sang aulun pindo tiwas ing laku pangrasanisun[188]) malih urĕn yan amanguna kuṭa gĕlarĕn saptopāya punang mantring Kadiri marma ning atilar ing sang prabhu.

73b. Yan sampun kapusan sang mantrī atilar ing sang prabhu kĕpungĕn ing kiwa punang nagarêng Kadiri donnyâlapâtĕmah pahilan[189]) yan wus[190]) anungkul sang prabhu amalakw ingurip sang putrī kalih makatur-atur.

74a. Sĕdĕng yan tinampi makapamalĕsa ning autang sih ken Pĕdang mangke sumahur kaya tan pangĕnoh ujarira kayêku çrī bhūpati lĕwih manādhana sudharma ring rat sakweh tandâdhimantrī prasamâsih bhakti dūrāsambhawâtilaring sang prabhu.

74b. Nging[191]) yan kahyunisun iki tan āpti anut reh ing ruci tang dharmayuddha[192]) winangun çāsaning kahot[193]) kas ning hasta ingadu mwang lungid ing astra tan wurung bhinukti kang phala bhukti mukti pinanggih yan jaya kaparājaya tan bheda de sang çūrêng ayun[194]).

75a. Sumahur sira Dangdi muwah sirârya Siddhi mwang pañji Amarājaya pun Jaran-Waha makādi Kĕbo-Bungalan Kĕbwânabrang samângucap sahur manuk punika abĕcik manira atoh jīwa pukulun.

75b. Pan satata ingati-ati amapulihkĕna līnanira sang aulun ken rangga malih angling tuhu atut yan mangkana anging mangke kaarĕpisun apotusan ring ky adhipati amiwruhakĕn laku.

76a. Pan sira mūlânêng (ng)uni angdani sūkṣma nayopāyêng çatru punika kang tinut denira twan Ino mangke yan tĕka andaga manawi tan siddhêng laku niyata pinaran tutuh ndan sira sang abagus liwat denirâpanuju asĕng smita amuwus.

76b. Tuhw atut ujarirêki sapa kang lunga[195]) marîng Madhura ken ranggânĕmbah matur pun Lĕmbu kang kinen beñjing[196]) awan parahu pan wruh uni mūla ning laku twan mantrī angucap lah sira lungaa[197]) ka Lĕmbu ken Lĕmbu anĕmbah saandikanira pukulun.

77a. Tumuli prāpta ng tadah açrī anadah sang abagus kadehan wus dinawuhan lingsir sama mulih tan warṇêng wĕngi ucapĕn eñjing sampun mangkat ken Lĕmbu wus munggw eng banawi tan akeh kawulane[198]) andulur.

77b. Ndatan kawarṇêng mārgi aglis prāpta ring Madhura tĕkâñjug-jug ing kadhipatyan sira adhipati wontĕn ing madhe alungguh kalih lan ken pinatih smu kagyat mangkyâningali tumuli anapâsmu guyu[199]).

78a. Bhahāgea sira kaki bhaya ingutus de sang pangeran sang sinapâsmu guyu sumahur lingnyâlon singgih manirêngutus wusnyâ-majar 'swagatinipun sira adhipaty amuwus[200]) matura kaki aywâge sira pangeran ana malih upāyanisun.

78b. Mangke amet kanti wontĕn ta priyanisun sang ratw ing Tatar rowangira anglurugêng çrī Jaya-Katong sun sanggupane[201]) anggañjar sang putring Daha kang kasub liwat ing ayu aran twan ratna Kesari mangke isun apotusan amwat tulis awan parahu.

79a. Sira mangsula kaki matura ring sang pangeran antekĕna saulan wong Tatar prāptângajawi parĕnga lan wong ing Madhura samangko sirâyuddha tan wurung kasor punang Kadiri idĕpĕn ujarisun.

79b. Pun Lĕmbu-Pĕtĕng sukhângapi tumuli amit ndan ken[202]) pinatih angucap ĕmbeñjang[203]) sira lumarisa kaki prāpta ng tadahirâ-çrī sampun sirânadah akatigan iriki wus ingalapan tan warṇêng dalu[204]).

80a. Ring eñjang wus amit mulih tan warṇêng ĕnu prāpting Maja-Langu lingsir ing rawi ndan sira rāden Ino pinarĕk ing wiyos pingrwa wastranira kĕtas wungu cinitra ing parawos[205]) asabuk gringsing mangungkung asumpang angrek[206]) ijo siniram ing er-gulwârum.

80b. Krisirâlandeyan[207]) gading ingukir tañjung[208]) apinggĕl kaṇa kalih lan jāga-çatru aly-ali bang ijo aburat jĕnar mrik sumar winaju-waju angde kung jinur ing mas drawa laty abangkit gĕsĕng tumurut asipat Pakudan amuwuhi ñĕñĕr ing dulu.

81a. Pun Lĕmbu prāpta awot sāri twan Ino harṣândulu asĕng

smitângucap kapan sira kaka prāpti ken Lĕmbu anĕmbah matur aris singgih mahāpukulun kinen dera bapâdhipati manirâglis awangsul.

81b. Aturira bapâdhipati ring hyang pakanira aywâge rĕke pukulun andadyakĕna jurit inganti rĕke bapâdhipati lagy amet kanti sampun apotusan maring Tatar nĕnggeh yan saulan rawuh.

82a. Ënty harṣanira tuhan mantrī sakadehanira sukha angrungu saturirâdhipati liwat angĕnoh nda sira sang abagus asĕng smita lingira marum ka ranggâcadanga pali-pali ning wiwāha ken ranggâsmu garjita sājñā [209]) pakanira pukuiun [210]).

82b. Pun Gajah-Pagon mesĕm nĕhĕr angucap atut yan mangkanâpan wus sĕdĕng po si inunduh punang sinom manawi [211]) kalangan ruru ndan ken Nambi gumuyw amuwus duh masa rurwâpan wahw amĕdar wangi nging [212]) kumbang punikânrĕng angruruh āpty añumbitêng madhu.

83a. Gumuyu rāden mantrī taha yan mangkana kaka manawa kalangan antaka nora oliha ning [213]) ngong atoh pati kuny angulati [214]) duk kagĕm de ning musuh rawongira samânĕmbah ĕnty harṣanipun angrungu.

83b. Sore sampun samâmit mulih punang kaka-kaka ndatan warṇanĕn [215]) ndan sampun çubhadiwasa prāpti [216]) ken rangga sampun abhyāgata sakrama ning wiwāha widhiwidhāna ning pasĕlang saparikrama ning ratu.

84a. Ndan sira twan Puṣpawatī wontĕn ing lalangwan sūkṣĕkângunngun denira angrungu yan sira twan Ino āpti amarang lulut hetu ning twas tan kĕnênajum kangĕn dera tan katungkulan de ning yayah indung wāspâdrĕs mily angapitu awlas punang andulu.

84b. Nĕhĕr derâpĕkul gulune ken Bayan saha tangis tan umung kaka-kakanira ĕnti wlase tumon sama milu kapingluh sirêñângling saha smu luh duh sampun pati anggung wuyung pakanira dewa apan wus titah krama ning dumadi punika ketung.

85a. Tan bontĕn palapan i [218]) bhrānti mayan [219]) inguluran tâwaçâmĕtĕngi kahyun lah ta adan açuci doron ahyas maring pagandhan sang inaturan tan sahur tumungkul asmu wirang ken Bayan alon umatur [220]).

85b. Duh dewa punika abĕcik sĕdĕng tinut pukulun sature sirêñâtutut sira rāden dewī tumuli mara ing pagandhan sampunira asiram wus ginandhan binurat mrik mar arjâwastra randi turuh.

86a. Asiñjang sūtra kadalī paṭrawala apadandan [221]) çyāma eñjerirâmarĕmpuh cinitrêng parahos [222]) saha manggala dadu binoño ing

rukmi tuhw alus akĕmĕr akĕndit dangu mĕkar tigang prāṇa apinggĕl apus pupak kalih kalawan jāga-çatru.

86b. Akalpika bot Tan-Jawi mirah suga salaya kalih asuwĕng mantĕn [223]) wilis sinawong ing mas kahot [224]) rinajasêng mirah māyâsumpang mas winarṇa wungu kinasturi saha ron pinatik ing çoçoca sinawung maṇḍalikângroroñcyârja [225]) angaras bāhu.

87a. Româpañjang awilis lwir jaladharâmĕm warṣa mātrâsĕsrĕbĕng [226]) smu mlĕtuk çrīnāthâtuturut [227]) ijo lagi tinrāngganêng mālati winor lawan dosa [228]) mṛdu ning nayana angayoni wahu winawan [229]) sĕpuh.

87b. Waja kumram agātra randi pan uryan ing asusur bang ning lati tanpôpamā rum ning manggistângepon kadi angĕmu madhu gĕndis lagy alinggih smu mangu yaya mukṣêng tungtung ing liring amor ing sakalangun.

88a. Ndan sira raāden mantrī wus açoca [230]) agandha minging aburat [231]) jĕnar winaju jinur ing ĕmas kahot mar mrik angalang ĕnu [232]) kinasturi tuhw angdani kung ken Nambi mawa aesan [233]) apapan danta ken ranggânglusi wastra sūtra randi atumpal bakung.

88b. Kinulalatêng mas ādi sang lwir Smara ananggapy aris mĕnggĕp denirânamir muwah pun Gajah-Pagon angaturakĕn sabuk gringsing Smarāntaka tuhw alus akris alandeyan garu sinalagêng mirah apinggĕl apus pupak kalih kalawan kĕmit-tuwuh [234]).

89a. Kalpikanira mirah ādi kalih lan wedūryâtĕtĕbus nāgapuṣpa sināri mas tuhw angrawit ndan ken Pĕdang atur sadak gading nĕhĕr sirâsipat Pakudan embĕh manis ing liring kadi atruh-truh madhu.

89b. Tumuly angilo ambĕciki patap nikang rema arja sinrat ing nakha pun Sora mĕndĕk atur sĕkar mangli pinattran [235]) mas kumram sinawung tangguli kĕtur siniram ing er-gulo mar mrik pantĕs angaras bāhu.

90a. Waja wahw agātra randi angani [236]) lulut kram ning lati anirang manggista rĕmpuh [237]) tang rājasângepon de ning gisi-gisy atur mirah ādi sakadehanira harṣa tumingal kaya wawahunĕn twasipun ken ranggâsĕng smitâmuwus duh ahyang [238]) sang abagus.

90b. Tuhu yan panarīra ning Manobhawa ri hyang pakanira mesĕm sang lwir Atanu ndan wus lingsir kulon tistis [239]) kiraṇa ning hyang bhānuraçmi muni têkang çubhamanggalârum tan warṇan raras sang lwir Smara wus munggah ing pasĕlang akalihan lan rāden Galuh.

91a. Sumar gandha ning dhūpâṣṭānggi gulgul langu [240]) tĕkâwah rum [241]) sang dwija añjaya-jaya ung nikang ghaṇṭā awor rĕng ning

stuti weda stawa sampun ing pinaslang wus munggah maring pagulingan weçma añar tuhw alangu.

91b. Woya ring banawa sarat [242]) wus pinajang-pajangan ginubahan mañjĕti kumram sinurat ing parawos [243]) samirnyâçrī tuṇḍa [244]) sapta sūtra wilis mwang rakta pinerĕmas tuhw ādi atilam cawutârja cung pupur.

92a. Akarang-ulwa taluki sinujing mas winarṇa loloran sumar gandhanyêngukup cacandy alĕp tinon ingidran [244a]) bot rawy araras ingukub baturnyâluhur wongnyângwe multak kumucur saking tulalayan ing karang hastī tusnyârjânduk anêng [245]) sāri ning tuñjung.

92b. Akeh tang balyâlit-alit amarapadu anêng tĕpi prasama cinaraṇan arum tawingnyâlakon açrī Arjunawiwāhâlalayan bata winĕtuwĕtw ing hema kumram rajata mantĕn wilis abhrā tuhw angrawit kady amagut sĕnĕ ning çaçīh wah rum.

93a. Cinara-carêng sarwasāri muryâmalisir gadungnyâtur wangi [246]) tang mĕnur tañjung çrīdanta mangli kamuning mar mrik pinik ing waṭi rĕng ning bhramarêng santun awor i rĕcĕp ing pangringringira sang apulang hyun.

93b. Wus sumaput tang samir sang dyah tan-sah ing kisyapwan inamĕr-amĕr [247]) rinumrum rum ning nādânrang gĕndis duh rari sang lwir hyang-hyang ning Ratih katwang ing madhu juruh den tulus sihta ring kawlas-sih angĕlwakĕn lara kung.

94a. Sang dyah mĕsah saha tangis lungsur ing kisyapwan sang lwir Smara amahi wacanârum wah raras kalangon mari [248]) jīwātmanisun dalu tan panĕwas ing anggung bhrāntângajap rumta masku sang hyang ning manis atur cātakânglih amalar truha ning jaladhi madhu.

94b. Wibhramêng awyati tan wr' ing deyânglih tan-wun apuhara [249]) luluh yan tan ana sihtâmratani [250]) kalahron saking Nandawana masisun rari angdani mĕndung tinut ing anilâlon nglurwakĕna riris madhu nahan upamānirisun amalar sih sang arum.

95a. Apan tan ana malih kesṭi amūrṇani lara kung yan tan sira ātmajīwa sang dewa ning kalangon lah sanmatanĕn isun rari tĕwaskw ing (ng)uni angĕmban ri durgama ning wanādri tinututan ing çatru.

95b. Darpâmrasana angarĕki sarwy anglīlā-līlā amrih lukar ing siñjang sang dyah asmu maras mingyândoh ndatan lali ri pangrakṣā ning tapih sang amalat rum marmara amahi manis ning wacanâmuluh rĕmpuh.

96a. Sarwy anglambĕng [251]) aris ulihirângdadak bhāṣā turidâwah rum angajap manis raras ing sapaturon sinĕlan-sĕlan kidung anglung

raçmi rasanyâluñu tinut ing nādânrang juruh tuhw angrāgani akung sang dyah tan wr' ing daya epuh tan sāra derânggrĕmus.

96b. Tiba ng ghaṭita pingpat duk asil ing [252]) kokih padu ning siñjang sumar mrik gandhanyârum minukhawāsâwor wangi ning gopitta tuhw angrāgani sang amalat kung harṣângaras madhyâros anrang wuluh gading atur pādapânglih kalahron sang dyah tinurwan ring kasur.

97a. Tan dhāraṇa angrĕti kāpti pamiṣya ning smara waçânungkĕmi jaja sang sinĕkan raras mar kepon anglih ndatan poly' atulak pamrahāsa ning jayêng kung anitihi anggângrapĕti sang dyah añjrit angaduh.

97b. Tan sārânahĕn bwat ning gati pamrājayêng salulut sang dyah mūrcchā kahantu pamrat [253]) ning wahu sily'-awor drĕs ning çwaṇita angraktani tapih sang amalat kung gipih angluwari saraçmi anungkĕmi pipy arum.

98a. Saha wacanângrĕrĕmih duh rari sampun alalis pukulun tolihĕn manira dewa sang ayw anom paran wĕkas ing kary awuyung lah tânglilirâtmajīwa sang nityânūkṣmêng jro nāla ri sandhi ning tutur nahan ta lingirâlon pĕgat-pĕgat kaslĕk ing luh.

98b. Lagy aniram sang kapati wāspanira tumuly anglilir mĕnggah angayuh tapih aris winawêng pangkon sawacana amuluh rĕmpuh esi gula drawa anglilira ta sira masku sang lwir hyang Ratih nĕhĕr dera sungi sĕpah punika jampyan ing alĕsu.

99a. Anĕcĕp laty amisit sāri sarwy akakawin arum Smarâmidhāyaka yaya atruh madhu gĕndis duk dewī Ratih winahan raçmi tan-dwa ken iña rawuh tan asru marani ng [254]) kang samir twan mantry alon amuwus [255]).

99b. Oya rika toya siram ken iña alon umatur sampun wontĕn ing pagandhan ndan sira rāden Ino tumurun nĕhĕr acota [256]) angĕmban sang dyah tan asru lumaris maring pagandhan inamĕr-amĕr rinumrum.

100a. Ken Bayan prāptâtur wārih twan dewī dinyus [257]) tan-s' êng kisyapwan sampun ginandha marum ken iñâtur dodot sūtra rakta atumpal bakung cinitrêng parada ndan pun Sanggit anampa siñjang gringsing lung ing sih mwang ken Pasiran amawa sabuk sūtra randi tuhw alus.

100b. Ndan ken Panguněngan anampânggyan-anggyan sarwakāñcana murub de ning nawaratnâdi tuhw arja tinon (h)inyasan de ning kakung sarwy anata çrīnātha [258]) mĕlĕt rema tinrāngganêng mĕnur lawan ketaki inanggyakĕn simsim çaçarudhira saha wacanârum.

101a. Puniku masku sang lwir Ratih cihna ning wus awor kung

sarwy angudang-(ng)udang angarĕky anungkĕmi pangkon sang dyah mingyângrĕngoni alis tumuli ingĕmban munggah maring jro jinĕm mrik mar tang samir sampun sumaput.

101b. Tan wanuh marmângarih-arih lah tâguling pukulun alĕsu sirâtmajīwânĕhĕr angidung alon Jayendriya duk apulang sih sarwi anuru-nuru swarârum amanis tan ĕnti pangracananirêng rum.

102a. Ken rangga wontĕn ing yawi lan sanakipun padâgamĕl kĕtur muni tuhw alangu Dangdang-Gĕndis anom amamanggĕl lung ing harṣa akakângsen carang santun cacâmaranyâtap mlĕcut kadi anuru-nuru sang apulang raras ĕnti harṣanira angrungu.

102b. Tumuli samâmrĕm kalih akaron kampuh meh tumiba ng dawuh sapta sumirir tang samīraṇa alon amwat gandha ning sarwa-santun gĕrĕhnyâhrit tan asru umuni du kilyan mandra-mandra angatag mĕndung pangrĕng ing bhramaranyômung anêng sāri ning tuñjung.

103a. Suswara nikang pakṣī gĕnding kokilanyânununuhu [259]) mayūrâ-nikâñawuwwang munggw ing kayĕn angayon pañjrit ing ayam talun muning tangguli gĕnding atur [259a]) amungu sang wahw apulang sih pan merang hīna sampun.

103b. Eñjang wus ndan atangi kalih sang lwir ing Manasija sang dyah winawêng pangkwan inajum lukar ning weṇi winahan rum ning nādânrang gĕndis tur ingaras-aras sinung sĕpah ring lati tan āpti sang dyah mingyâsmu [260]) rĕngu [261]).

104a. Tinut ing nāda amanis pupūji sang wong ayu lĕwih nĕhĕr ingĕmban aris [262]) maring jungut sĕk sinom sampunirâdus gina-ndha [263]) wus ahyas asalin kampuh aparas [264]) wungu bot lor asiñjang cĕpuk kĕmbang tuhw embĕh raçmi denirângliga wit ning susw agĕmuh.

104b. Alungguh ing patiga ning kamuning lagy angure weṇi sinrat ing nakhângrawit asmu tĕmĕk aijo anīrṇa jaladâmĕm jawuh tan-sah kaka-kakanira marĕk atata ken Bayan anampa sĕkar munggw ing nanampan hema sinamiran taluki dadu.

105a. Ndan sira rāden mantrī prāpti sampunirâsiram wus ahyas ginandha marum harṣâningali rabi asĕng smita sarwy angidung Rangga Wuni duk apulang hyun lan dyah ratna .... watī swaranirâ-nirat madhu [265]).

105b. Sang dyah smu kagyat aningali smw erang nĕhĕr tumungkul sang lwir Smara angrumrum [266]) duh jīwanisun rari bhayêki hyang-hyang ing madhu-pasir tur winawêng [267]) pangkwan ingajum wra ning weṇi kinĕnan wirāga salagârum.

106a. Sampun ingesan tumuli ingĕmban mantukna ring lalangwan

ring madhe tĕngah alinggih sira raāden mantrī harṣâmamacuh [268]) anungkĕm-nungkĕmi pangkwan angaras payodhara lingirâris lah kantuna sira ātmajīwita [268]) kakantâmit mijil pukulun.

106b. Asung sĕpah asĕng mijil wastranya randy atumpal çwetâlus asabuk limar wilis arja apadon [269]) rukmi akris alandeyan çyāma sinalagêng tatur asumpang kayĕn inajum rinaras ati iner-nawa mar mrik patap ning remârja mĕmĕk ajamus [269]).

107a. Luru ning warṇa amĕkiki pan wahw apulang lulut sampun prāpting wiyos pingrwânĕhĕr [270]) sirâlinggih ri ĕb ning açokâmayung sapādapa sĕh sāri sakadehanira sukhâningali aguñĕpan smu guyu.

107b. Wr' ing sĕmu rāden mantrī asĕng smita sawacanârum duh kaya isin ingsun derânglerakĕn liring ken rangga mesĕm [271]) amuwus singgih awlas manirândulu sinwam ing açoka puniki atyan depun aluru.

108a. Bhaya uni wĕngi sĕng ning niçākara pūrṇa ning Kārttika liwat [272]) denirâmrati [273]) rum donnyâsmu kalahron wyakti [274]) yan mangkana kaka punang tad'-âsih tībrâkung [275]) anon çītângçu tan wanuh angāpti raçmi ndan pun Gajah-Pagon guyunyâsru biṣânglĕng-kāra wuwus [276]).

108b. Awlas isun aningali ring bhramara bhaya katarag eng hyun dene angāpti sāri ning cindagânom wyakti yan awih ning [277]) syuh rĕñuh karagĕt ing rinipun [278]) twan mantrī mesĕm angrungu sarwy aningali uryan ing nakhânêng jaja rawongira sama gumuyu.

109a. Duh kaya iwang po si malih yan ring kawīçwara tan pacih-na carik [278a]) ing karas mesĕm rāden Ino rame derâguywan-guywan ndan lingira sang abagus ka ranggângapa ky adhipati alama mbontĕn rawuh [279]).

109b. Ken rarangga [280]) matur ot sāri mahu manirângrungu nĕnggeh yan sampun adandan mangkat angajawi wus rĕkyâkanti lan wong Tatar ken Nambi alon amuwus samayane bapâdhipati nĕngguh sawulan rawuh.

110a. Lingira twan mantrī lah si mogha ri [281]) sira age prāpti ken Sora anĕmbah matur ih tuhu çarānta iki rawong pakanira angati-ati pukulun apakayêng raṇa pakĕna ning aniwī lana jinungjung lungguh ya tâtut makadadaêng [282]) ayun.

110b. Sang inaturan tan sipi sukha ning twasira angapi atur ing wongirâsanggup akayêng palugon tumiba ng dawuh tĕlu angluwari tangkilan mantuk maring pamrĕman kulon ken ranggânêng yawi pan tan sinung mulih kinen anadah lawan sanakipun.

111a. Alama ucapakĕna polahira sang abagus nityaçâmong rāga

kung sotan ing wahu sily'-awor rāden dewī wus rĕsĕp asih sekaprāyânut-tinut ndan sang putrîng Malayu kalih ndatan padrĕwe kahyun.

111b. Wus kalumbra(h) ing rat pandirinira twan mantrī ring nagarêng Wilwa-Tiktâlintang çobhanira mari kangĕn eng nagarêng Singhasāri brayan akasukhan kady amungpung polah ing bala nityaçâmangan anginum.

ZANG V (*Kadiri*) [1]).

1a. Ĕnĕngakĕna deningsun ndan malih sira kryan adhipating Madhura sampun mangkat prāptîng Maja-Langu sagṛha tan kantun sakweh ing bala saha sañjata ĕnty harṣa ning twan mantrī lwir tarulatā kalahron.

1b. Wahu linawad ing jawuh ring Kārttika dady anglung asĕmi ndan sang nātha ring Tatar wus tĕdun ing Canggu saha bala pĕnuh ibĕk ing tĕgal lurah Janggala [2]) çighrâkukuwu atidurga lwir kānana tinon.

2a. Ndan sang nāthêng Daha wus ingaturan [3]) ing mantrī ri prāpta ning wong Tatar mangkyânglurug sampun ĕnti punang deça linurah satĕpi ning pradeçê [4]) Canggu wongnya tinawan sawany' ângili smu kagyat nṛpati adan apangarah ing mantrī wus anĕmbang tĕtĕg agung umwang swaranya atri.

2b. Geger sanagara sakweh ing sang mantrī kṣatriya samâdan sañjata mĕtw ing lĕbuh saha bala supĕnuh sama marĕk ing nṛpati kunĕng sang prabhu tinangkil ing pangastryan [5]) sakweh ing sang parâdhimantrī wus prāpta angling çrī bhūpati patih yan palibhayêng Tatar prāptângajawi.

3a. Āpty angluruga lumindih ing nagarêng Kadiri angapa derângrasanana nĕnggeh [6]) yan wus akuṭa ring lurah Janggala kulon ing Canggu iṣṭanisun aglis amaguta ken apatih matur aris sahâwot santun duh sampun pādukâji yan age-age amaguta [7]).

3b. Wyakti tan ewuh po si de ning patik bhrângrasani prāptine palibhayêng Tatar lwir kĕbwândon pugĕran kumapakṣânĕkani jurit lwir anglangini udadhi tanpa ramwan wyakti karĕma ry anta ning pasir pan tan wruh wiṣṭi ning laku amrih jaya dadya kaprājaya.

4a. Mangke hyun patik bhaṭṭārâglis auni gĕlur durga kang winangun munggw ing jurang alas kĕpungĕn lamun prāpti.

4b. Ken dĕmung angling tan supadi wanguněn gĕlar mangke iṣṭanisun tĕkângĕpung ing pasanggrahannya den aglis.

5a. Raāden alu angling lan twan sirikan mangkyânahuri duh aja kataragal derâuni laku yan pangrungonisun malih punang Maja-Pahit sawetan ing Bobot-Sĕkar arĕp andagêng nṛpati wong Madhura sampun rawuh ky adhipati mawy akanti lan wong Tatar.

5b. Wyakti mangke ndatan sisip pambatangisun uni [8]) yan ring punang Harṣa-Wijaya angglarakĕnâpus [9]) saptopāya den-gugoni mangke atut walĕsĕn ring ruci sūkṣmabañcana sing [10]) kāraṇanyâlah ton uni duk ing Singhasantun labdhagati mati pun Kṛtanagara.

6a. Ken Mahāpati mojar rusit ring nayopāyâpan wus kĕnêng apus [10a]) uni kaya tan antuka upāya malih.

6b. Ndan ken tumĕnggung Mṛgapati mojar asru ajâdawa winuwus denira rumasa papagĕn depun aglis.

7a. Apan satata iniṣṭi çūradharma [11]) linĕwih tan jrih yadyan pembuha muwah patik ajy amagut anêng [12]) tĕgal Bobot-Sārih mbeñjing mangkyâtandinga kawanin lan wong Tatar kalih wong Wilwa-Tikta wismṛti makaupāyêng sĕmbah tan tolih sapangucapan ing para.

7b. Wyakti kṣatriya duṣkṛti tan ulahan ing wong kahot mĕne lamun kasor ing prang aywênapura muwah tumpĕsĕn depun ĕnti sukha sakweh ing sang para mantrī angrungu ujare ken tumĕnggung sahur pakṣī asangguṛp atoh jīwa ĕmbeñjing makadada eng [13]) payuddhan.

8a. Ndan çrī bhūpati ĕnty harṣanira angrungu yan wong Wilwa-Tikta amalik karasêng twas wus panitah ing Widhi.

8b. Pan sampun saptalingga pandiri çrī narendra gumanti bhaṭṭārângalih maring Wilwa-Tikta mārga ning mulih.

9a. Dady angling çrī bhūpati asĕng smita mārdawâris patih yan tuhu mangkanaa kaki Harṣa-Wijaya andagêrisun malih wyakti [14]) sĕdĕng po si rowangan ing angadu kasinghawikraman [15]) arĕbut kīrti çūradharmêng ayun siddhâmanggih phala ning jayawijaya.

9b. Sukha rakryan apatih angrungu andika sang katong saha sĕmbah matur duh singgih patik bhrânuhun sājñā pāduka nṛpati rāden ārya matur awot sāri yan tuhu pun Harṣa-Wijaya andaga malih ri jĕng sang aulun yĕku wwang hīna tutur kadungkap pāpa [15a]).

10a. Pan sampun lĕwih pamumūle çrī naranātha wus jinungjung lungguh kinula-wiçuddha dharmaja de nṛpati.

10b. Wus sinungan [16]) nagara nguni ring Wilwa-Tikta sakeh ing wong Singhasāri wus sinungan padenyâdrĕwe kāpti.

11a. Wyakti yan anut juti pan masa mĕnanga malih ky adhipati lawan wong Tatar tan supadi kantia sekaprāya ring ulah ruci yadyan mĕnanga masâwet ing pamuktyan pan olih saking duṣkṛti sukha çrī narendrângrungu lingirâris lah mangke padâdandana.

11b. Kaarĕpingsun ring beñjing amaguta ing Bobot-Sāri ndan sang para adhimantrī kṣatriya matur atut ājñā pāduka nṛpati den eñjang-eñjang adandana sañjata atingkah gĕlar wus awan lĕbar tinangkil çrī narendra sakweh ing bala wus sama atiyang.

12a. Kuněng sira çrī pramiçwarī woyêng jro pura ring yaça witânâlinggih pĕpĕk sakweh ing sang para biny-aji.

12b. Wontĕn sira raāden diwī ratna Kesara kalawan twan Puṣparaçmi tan-sah kaka-kakanira sumanding.

13a. Kañcit prāṇta çrī nṛpati solahira [17]) tan kadi nguni tĕka alungguh ri sanding çrī nṛpawadhū apiṇḍa sungkawa kinubda ring twas sakweh ing wong jro purī rĕp tan ana wani angucap çrī pramiçwarī asĕmw ajrih matur duh kakâji punapa marma ning rundah.

13b. Angling çrī narapati aduh tuhu kapwêng dadi wong tan kĕna ring dalupakāra [18]) ring ulah ayu amrih langgĕng ing amukti tan simpang sukha duhkha pinanggih bhaya wus panitah ning dewa tan sisip pun Harṣa-Wijayândagêrisun malih akanti lawan wong Tatar.

14a. Lan ky adhipating Madhura rowange andaga sawetan ing Bobot-Sāri wus kapusan sakweh ing para mantrī.

14b. Nĕnggeh ĕmbeñjing anglurug ing nagarêng Daha mĕne iṣṭanisun yayi amaguta ing tĕgal Bobot-Sāri.

15a. Sukha matiâjurit nging [19]) wĕwĕkasisun yayi karia sira kawĕlas-harṣa tungkulĕn anakira nini ratna Kesari yan tinawan maring Maja-Pahit sang liningan asmu kapĕnĕtan ndan lingirâris asmu-smu luh aduh katuhone pun Harṣa-Wijaya.

15b. Lali uni duk [20]) ing kawlas-hyun ingurip dera kakâji bhayêki atur solah ing pāpaka [21]) tinut sapriya lan sang wanarī amuhara [22]) pati kaya tan arĕp agĕsang manira tan-sah umiring aji yadyastun kawawa ring Yamani lĕwih yan amanggih swarga.

16a. Ndan rāden dewī wāspanirâdrĕs angasapta rawongira samânangis muwah sakweh ing sang para biny-aji.

16b. Kinayuh de çrī pramiçwarī sirânakira aduh jīwanisun nini lagi anom sira amanggih wiṣṭi.

17a. Sumahur rāden dewī srĕt ning swara kaslĕk de ning tangis lwir atruh madhu drawa duh sampun sirêbu mangkanâpan iṣṭa manira tan-sah umiring saparanira dyastun kalĕbw ing rorawa bhāge si malih yan amanggih sadyuh sira pramiçwarī ĕnti wĕlasira.

17b. Ndan sira Puṣparaçmi liwat wirangira tan sinipi denirângrungu twan mantrī andagêng sang nātha lana ingucap tan asthiting laku de ning wong jro purī lwir tan ing rat kakṣi dady awĕtu tangis drĕs ning wāspanirângrawayan kaya sukha yan angĕmasy antaka.

18a. Wr' ing sĕmu çrī pāduka çorī wus karasêng twas larane twan Puṣparaçmi anging [23]) norâdrĕwe rasa ning ati.

18b. Pan tuhu reh ing nareçwarī dharma ginung tan āpty anasar laku amrih siddha muwah waluya warâpsari.

19a. Wet ning çuddha ning ati dady awĕtu wacana amanis duh anakisun Puṣparaçmi wus wruh isun ri kalaranira nini sampun anggung wingit pan tan adrĕwe rasêng twasisun ing sira den tumulus sihta angangkĕn ibu risun asanak lan pun ratna Kesari.

19b. Mĕne yan isun mati lan nini ratna Kesari anut līnanira sang nātha karia sira tuhan swastha langgĕng amukti sang liningan anĕmbah tan pangling pan kaslĕk ing wāspa karuṇa sakweh ing wong jro angrungu sama alarânangis ndan lingira çrī narendra [24]).

20a. Duh ajânangis [25]) pan krama ning dadi tan lana ring urip atĕmahan pati wali(k) kang pinrih siddha ning kāpti.

20b. Wus marĕm tangis ing wong purī tan kawarṇaa solahira çrī bhūpati kawuwusa sang anêng Maja-Pahit.

21a. Wontĕn ing jro pura alunggw' ing bale dantângrawit twan Puṣpawatī tan-sah riningring pinacuh-pacuh wĕtu ning nādârum kadi atruh madhu gĕndis duh bhayêki uny antuk ing hyang amutĕr madhu-pasir aminḍa ri rumtâtmajīwa marma ning aayu tanpa upamā.

21b. Pan ndi nggona ning olih angulatana dyah ayu lĕwih kaya sira pangeran yadyan midĕring saptadwīpânukuha [26]) salwa ning jagat masâmanggiha malih yadyastun pingsasra ajanma [27]) tan-sah sira angawulakĕnêngsun sadenirângreha masâdrĕwya rasa.

22a. Mesĕm sira twan Puṣpawatī duh niṣkāraṇa ujar ing añjaring weṇi ndi bhramara tan pamaly apet manis.

22b. Pan masa lalita ring sāri yan sampun lĕwas tur tan amwati rum masâmangun harṣa sumbaly angririwĕgi.

23a. Balikan isun puniki liwat derâmiutang [28]) urip tan wruh sahurakĕna anging [29]) iṣtanisun anut solah ing aniwī saderângreha tan malya' kāpti duh sampun liwat derâmumuluh anging malih sang putring Malayu ayu lĕwih anulus suguṇa [30]) wīrya.

23b. Sĕdĕng rowang ing amukti atut makardhanāreçwari mesĕm sang kadi Smara sarwy amĕkul angaras aduh çaya biṣângucap-ucap kapo sang ayu iki taha mangkana isun mirah yadya pindôlih [31]) ratna puṣpita masa linĕwiha kaya sira pangeran.

24a. Pawonganira sukhângapi angling ken Bayan aduh sĕdĕng tuhu pan sanak amirwa tur rowang ing kawlas-sih.

24b. Mesĕm ken Sanggit kāmakara yan anêng awak angde sih ing kakung po si yan tan ana tan-wun tinambang mĕlik.

25a. Apan tan pati-pati reh ing sang anĕmu sih ing swāmī yan tan pakāryêng kuna prih ning amūjā Smara norêng [32]) asanak marma ning sih ken Pasiran anahuri duh tuhu kaya ujarirêku wyakti malih tan kĕnêng apunggung amalar sih sumbali anggawe lara.

25b. Sama gumuyu sakweh ing marĕk anujw ing ati tan-dwa pun Rāgânurida prāpti mĕndĕk awot sĕkar matur ing sang apĕkik yan sirâdhipati anêng yawi angatĕr pun patih ing Tatar sang inaturan asmu garjita tumurun aris sarwya ambĕciki wastra.

26a. Sūtra rāgen bwat saka lor arja minas drawa anungkĕlang duhung alandeyan çyāma rinajasêng mas ādi.

26b. Mĕnggĕp derâsuwĕng pĕpĕlik lagy amalampah kinĕmbangan de ning rabi lah ta sirângĕmbanganêsun rari.

27a. Malar mĕne katon abagus sang dyah tutut angĕmbangi sumanasa pĕtak [33]) lagi winalat churigā siniram ing er-gulo mar mrik mangkin amuwuhi pĕkik amalampah sinangon sĕpah sang dyah anginang wus tinarimêng wajânĕhĕr angaras lah kantuna tuhan.

27b. Mangkêngsun amit mijil tur lumampah lagy anolih-nolih pariwārânêng harṣa amawa paṭāraṇa lante mas tuhu ādi pun kĕmbar ing uri ambakta kalih-kalihan kumram rinĕnggêng ratnâdi prāpting bacingah alungguh ĕb ning açokâmayung asĕhĕn sĕkar.

28a. Punang marĕk atata ndan pun patih ing Tatar ĕnti gawokipun tumingal ing warṇanira raāden mantrī.

28b. Pan tuhu kadi tan ing rat pangrasânêng [34]) citta bhaya hyang Atanu ndadi rājaputra suguṇânom apĕkik.

29a. Ndan sira kryan adhipati matur sahâwot sāri puniki pun patih ing Tatar kinen dera sang nātha marĕka ri jĕng hyang pakanira sang inaturan angling asĕng smita kapan çrī narendra prāpti kang utusan awot santun matur aris pukulun mben ikâpañjang.

29b. Mangke wus wontĕn ing Jung-Galuh sampun akukuṭa lor ikang tĕgal Bobot-Sĕkar sampun çīrṇa linurah punang deça tĕpi siring ing Canggu don ing manira kinen marĕka ing kapan pukulun pakanira lumurug ing Mĕmĕnang [35]) kaya bilala sira çrī narendra.

30a. Angati-atyakĕna jurit amrih amakayakĕna pukulun ri jĕng pakanira anging den tumulus sih.

30b. Kaya ujarirâdhipati nguni yan wus labdhagati sirâweh sang putring Mĕmĕnang [35]) punika kang pinasti.

31a. Asĕng smita twan mantrī yan angucapa ring ati duh tuhu kapo tan wruh kumapakṣândungkap luhung arĕp ing sang rājaputrī lwir nglung ing çikharī [36]) mangke atinggal jambatan āpty amilĕt

çītaraçmi tan-wun atĕmahan luru tan wr' ing wiṣṭi nahan pangrasanirêng twas.

31b. Matura sirêng nṛpati masêngsun angowahi malih sojare uwâdhipati kaarĕpingsun [37]) mangke mangkata ĕmbeñjing ndan sirâdhipati matur aris awot sĕkar tuhw [38]) atut pukulun punang bala kabeh sampun atiyang samâpti atoh jīwa ring payuddhan.

32a. Iṣṭi manira dewa punang sañjatêng Tatar saking lor pukulun punang wong Madhura saking dakṣiṇa mijil.

32b. Pakanira dewa saka wetan pukulun depun eñjing-eñjing mĕne parĕng mĕtu anêng tĕgal Bobot-Sāri.

33a. Anut isun ujarirêku lah ta ki apatih pamatura ring çrī narendra [39]) depun eñjing mijila ring tĕgal Bobot-Sāri kang utusan aněmbah tur amit çīghra ndatan kawarṇêng awan wus prāpti matur ing nṛpati sojar sang apĕkik sukha sira çrī narendra [39]).

33b. Ndan sira rāden mantrī rame angingon-ingoni bala sama asukhan-sukhan anadah sirêng yawa lawan sirâdhipati mwang sakadehanira tan kari umwang swara ning tatabuhan gong gĕnding gubar abarung lawan surak aganti yaya karungu eng wiyat.

34a. Lwir guntur sĕkul ulam tan pĕgat punang lalawuh sārah drawiṇa lumindih brĕm tampo kilang arak pangasih.

34b. Ĕnti sukha ning bala prawīrâmĕtwakĕn sanggupnyâtri anĕda gagamanipun solahnya tuhw angrĕsy ati.

35a. Ĕnty harṣanira twan mantrī malah lingsir hyang rawi lingira ka rangga karia den rame anginum ajakĕn sanakirêki lan uwâdhipati pan kayângĕlu isun ken rangga mesĕm awot sāri pun Gajah-Pagon gumuyu sĕdĕng po si yan mantuka pakanira.

35b. Pan tĕmbe ning amanggih paparotan sarwa-lĕwih atut winĕdar manawa cicir sama gumuyu sakweh ing angrungu ndan sang lwir Smara mesĕm nĕhĕr lumaris añjugjug maring salu wetan twan Dara-Pĕtak katĕmw [40]) ing madhe tĕngah alinggih mĕnggĕp lagy angracik gandha.

36a. Wastranira alus bot lor asiñjang tĕpus baguna [41]) amanggala taluki dadu arja rinajasêng rukmi.

36b. Tumungkul lagi talun non ndi [42]) patuh embĕh ayu teja ning carma kuning [43]) kinasut ing kukus ing dhūpa mar mrik.

37a. Wadanânrang çītaraçmi kāwran ing himânipis remânda-anda mlĕtuk tinrang [44]) ing dosa [45]) lan mĕnur ĕnty harṣanira twan mantrī tumingal [46]) tĕkâlungguh sumanding angayuh tĕngah sawacanârum lah si ausan [47]) derângracik gandha twan Dara-Pĕtak minge asmu maras.

37b. Anampik lungayan tumurun arĕp lungaa[48]) twan mantrī harṣânggamĕli hasta ih maring ĕndi sira dewârĕp angarenana bhrānta tur ingĕmban munggah ing jinĕm mrik mar anangis raāden dewī winahan nādânrang juruh masku rari sampun acungking pangeran.

38a. Tumuly atangkĕb punang samir sang dyah angĕsah winawêng kisapum ingupuk-upuk linali-lali ing raçmi.

38b. Sampun dahat denirânangis[49]) ātmajīwita[50]) mĕne lamun isun mati tangisana layonisun dyah ari.

39a. Nĕhĕr angaras aris aningsĕty amĕkul mangkin çaya anggagat-gagat smara hastanirângrawega(h) amrih sandhi ning tapih sarwi anglambang dadakan aris swarârum yayânrang gula wuluh akon tan marasêng gati sang dyah epuh kanglihan ndatan polih atulak.

39b. Sah ning siñjang sumar mrik arum madhyângga lunggah[51]) aros sang amalat smara harṣa anarin[52]) syuh rĕmpuh sang dyah tan mary anganini añakar lungid ing nakha wus çīrṇa rĕmpuh twan mantrī tan dhāraṇângrĕti kāpti pamrat ing awuru anitihi lumaja[53]) tang astra smara.

40a. Sampun kawawêng paturon sang dyah angaduh mar mūr-cchânglih sakit ing saraçmi drĕs ning çwaṇitângraktani[54]) tapih.

40b. Dadi kapati sang amalat[55]) gipih angluwari gati anambut amawêng kisapwan asarâkon anglilir.

41a. Tolihĕn isun dyah ari sampun dahat alalis paran polahanisun kari bhrānti sarwi anggagap tĕngran sang dyah wus mātrânglilir pinapag ing wacana mrik[56]) siniñjangan aris tur inajum[57]) wra ning weṇingĕmban maring pagandhan prāpta sirêña atur toya siram.

41b. Wusirâsiram kalih sampun sinalinan rapi wus ginandha binurat mrik mar arjâhyas paparĕmpwan sang dyah ingĕmban maring pamrĕman nĕhĕr ingaras aris lah kantuna sirâtmajīwa mangkêngsun amit nĕhĕr sinangon sĕpah sang dyah asmu rĕngu minge atulak.

42a. Sinrĕng winidhi tutut sang strī lagi tinarimêng lati nĕhĕr amali-maly angaras lah kantunêngsun mijil[58]).

42b. Sarwi añjumput sĕdah ing clor kuning tur lumaku lagi anolih-nolih ndan kocapa ken rangga anêng yawi.

43a. Meh surup ing hyang rawi awusan anginum ndan sirâdhipati wus mantuk prāpta ring pasanggrahan muwah mangke amigajihi[59]) balanipun ken rangga wontĕn ing wiyos pingrwa lawan sanakipun kañcit prāpti sira sang abagus lagy alinggih anêng sor ing pinda-pinda.

43b. Asmu susah patap nikang rema mangkyâmĕkiki ken rangga mesĕm tur anĕmbah bhaya sāra tuhu denira angĕlu uni malah acum

asmu guyu sang inaturan ken Nambi mesĕm sarwy angling de ning kumbang [60]) punikâsmu luru katrâsan angaras sumanasa [61]).

44a. Pun Gajah-Pagon anahuri [62]) aduh tuhu kangelan punang pĕcuk pan tĕmbyânĕmu mînâgung anêng bot rawi.

44b. Tur endah po si sĕdĕng mangke amrati kung gumuyu wongira angapi sang lwir Smara mesĕm sarwy angling aris.

45a. Ka rangga sira ĕmbeñjing atitingkah lampah ing bala lawan pidudukĕn mangke jujulukingsun ken ranggâwot santun ndan sira rādyan wus angluwari tangkilan mantuk ken ranggânêng yawa atingkah pasĕlang mangkyânṇiduduk munya ng gĕnding gong umung tan paparungwan.

45b. Sawĕngi ramyâpapali sakuwu-kuwu atri punang bala asukhan-sukhan ndan twan Harṣa-Wijaya aguling ing dewy Andara-Jingga kady amungpung polah ing salulut yaya tinuru-turu de ning tabĕh-tabĕhan gumuruh anêng yawi tumiba ng ghaṭita [63]) sapta.

46a. Kady anggyatakĕna wijil ing bala prawīra sama mĕtw ing lĕbuh atiyang sañjatâsurak awanti-wanti.

46b. Awor swara ning kuda angrik mwang [64]) pangrĕgung ikang hastī lwir kady anangi sang apulang raras tumuly atangi.

47a. Wusirâdus mara ing sira dewī Puṣpawatī pan lagy aguling ing lalangwan sang kadi Smara prāptâningkab gubah sarwy angalapi kĕmul saha wacanâris balubuh dahat kapo sira lah ta atangia gandhanĕn isun nĕhĕr sinungkĕman tur ingaras-aras.

47b. Kagyat raāden dewī anampik hastânĕhĕr atangi asmu ewa angrĕngoni paran gawenira prāpta durung bosĕn rika sira ring salu wetan mesĕm sang lwir Smarânĕhĕr angaras duh çaya canggih kapo sirâtmajīwa taha mangkana rĕko isun mirah.

48a. Yadyan arabia suputrī ayu-ayu masa kaya sira dyah ari pinakâtmajīwa lingga ning urip.

48b. Mangkêngsun amit mangkatâyuddhâmalar ana sihan ing hyang mĕne sirâtĕtĕmua lawan arinirêki.

49a. Lah gandhanĕn ingsun pukulun sang dyah mesĕm angling aris ka Bayan glis pametana gandha iringsun ken Bayan prāptâtur wangi ring cucupu rukmi sampunirâgandha mrik mar tumuly ahyas alañcingan gringsing udayana alus arjâsumping mas tiningkah sumanasa.

49b. Pinattrayuddhângrawit pinatik ing mirah ādi sinawung maṇḍalika [65]) sumar mrik siniram ing jĕbad arjânting-antingira Brahmawiṣṇu bĕlĕngkĕr mas ādi pinatik ing nawaratna murub apinggĕl kaṇa kalih lan kĕmitan aly-ali mirah kalawan wedūrya.

50a. Abapang taluki ijo akarambalangan angrawit kinitir-kitir kumram pinatik ing nawaratnâdi.

50b. Patap ning rema amĕkiki mrĕngĕs ning latya lwir angĕmu madhu gĕndis waja dumanta wahw atungtung randi.

51a. Ñĕñĕr ing driyâmanis lwir kocaka juruh tuhw angani ati ning akung [66]) nora yan tan kagĕma susah manah ing mulat atĕmahan luluh wyakti yan panarīranira sang hyang Manobhawa twan Puṣpawatī ĕnty harṣanira mulat ing laki yaya mukṣa mĕr eng tawang.

51b. Lingira sang apĕkik lah karia jīwanisun rari sangonana sĕpah mangke manira pangeran pan ewĕh ing ajurit manawa pĕjah makasangua ning andungkap lĕwih pan sira dewastrī patibrata satyêng kakung sang dyah ĕnti marma maras eng [67]) dalĕm twas.

52a. Ndatan asari anginang tinarimêng waja angaras-aras nĕhĕr mijil sumĕlang lagi anolih-nolih.

52b. Sang kantun sipi ĕla-ĕla asmu mangu tan wruh wĕtuan ing luh ken Bayan angucap sampun dewa anangis.

53a. Pan ila-ilêng ajurit tinangisan ing istrī walik pangeran līlākĕna prih siddha ning ayuddha sirêña matur aris singgih sature ken Bayan kajar ing tutur ing trikāya pariçuddha iniṣty amrih jaya ning kakung sang inaturan harṣângusapi wāspa.

53b. Ndan sira rāden mantrī sampun prāpting pangastryan [68]) kapanggih wongira samângadang pan wus asuwyâtiyang umwang swara ning tabĕh-tabĕhan uni ning gubar bherī kumusuh awor lawan surak amlingi karṇa lan pangrik ning turangga mwang hastī angrĕgung anrĕng amĕtta.

54a. Punang lumakw ing harṣâpañji Amarājaya pun Jaran-Waha lan pun Kĕbo-Bungalan Kĕbo-Nabrang tan kari.

54b. Sama anunggang kuda açrī pinayungan kĕtas wilis tan-sah pangawinipun tuhu yan kakartalêng jurit.

55a. Balanyâkeh sumrĕg ing ayun tanpa ingan [69]) kweh ing bĕdil kalawan tulup suligi ugari mwang umban ndan pun Gajah-Pagon lan ken Sora wus munggw ing wāhanâçrī pinayungan wong [70]) singhajaya gumrĕh ing harṣa lawan wong bhayangkara saha watang murub bhinūṣaṇan mas.

55b. Raranggane kasilir mlĕcut kinombalan [71]) bang angrawit ndan ken rangga lan ken Nambi wus munggw ing turangga pinayungan sahâpangawin tan-sah kang wong jayasāri wong rajasa samâsikĕp papan rangin tinrap bang jĕmbul cinitra ing mas ādi kumlab pĕdangnya liniga [72]).

56a. Sira twan mantrī sampun munggw ing kuda jamus pinalanan

mas murub pinatik ing çoçoca kumram yayêng tulis.

56b. Sopacāra tinut ing jong kĕmbar alangu lar ing ali kumlab tinĕpi-tĕpîng [73]) sūtra rakta sinujing rukmi.

57a. Saha jujulukirêng ayun lan dhwaja kumlab tinulis hyang Hari mungguh ring pundak ing khagendrânglayang anêng rĕmĕng kady angrik sinilir ing anila lwir angajarakĕna çīrṇaa ning çatru punang watang aewon ingĕmasan giniñjring kumram kinambalan rakta.

57b. Sumrĕg lumampah anêng ayun punang wong sinĕlir prasama Kĕling [74]) kaparcayêng jurit lwir kinombalan wĕhang nika mwang dada tangan suku wok bris ury eng kanin nikêng jajârujit lwir tinambalan yaya bĕntar rĕmĕk rinakut tuhu kabhinna-bhinna kadi dānawa.

58a. Ndan wong binĕcik anom-anom wayahipun kaparĕk ing raāden mantrī sama tumambirang apĕkik-pĕkik.

58b. Tur sampun sami tamêng [75]) gati tuhu yan titik nagarī pan anak wasi ring ḍangu denira raāden mantrī.

59a. Gumĕrĕh ing kanan keri punang wong amagĕr sāri parise tinanggalan mas kinombalan [76]) bang pĕtak kumĕdap-ĕdap tang pĕdang ingunus dumilah lwir taṭit ndan sirârya Siddhi sampun munggw ing hastī lumakw ing pungkur pan sampun prathama ing yuddha pinakanggarakṣā.

59b. Jujuluke pinandîng ayun tinut ing jong kuning saha bala kumusuh riniwĕg ing tameng abuntal tinĕpi-tĕpîng rukmi kumĕñar nĕpuhi sĕng ing rawi tang [77]) dukduk tinĕba-tĕba ing mas âdi pinucakan maṇi(k) ken Pĕdang ring uri sampun munggah ing sāmaja.

60a. Saha pangawin pinandîng harṣa pinayungan lumindih balanyângiring ndan sira Dangdi samânunggang hastī.

60b. Pinayungan kĕtas ijo saha jujuluk sumrĕg balanyâkeh angiring saha sañjata tuhu angrĕsy ati.

61a. Lwir giridahana palaku lampah ing balândon jurit awatara sawarūthi [78]) umwang gumuruh swara ning tatabuhan mahasāra gong gĕnding gubar bherī lan tuwung mwang tang çangkhângrik tinyup kadi gĕrĕh pāwaka kumutug klab ning taṭit ndan atur wahwas ning watang.

61b. Ramya ning surak kadi kĕtug lan [79]) glĕdĕg ing bĕdil sawang gĕlap atarung krĕcik ing watang awor lawan krĕbĕt ing kantar rangin asimban sakisik ing çarādri katunu tan kacaritêng ĕnu sampun prāptîng tĕgal Bobot-Santun ky adhipati wus prāpta saking dakṣiṇa.

62a. Ingiring de ning para mantrī saking Madhura sasañjatâpĕnuh kumlab tang tunggul tabĕh-tabĕhan muny atri.

62b. Ndan sang nātha ring Tatar sampun mijil ing kuṭa sakìng lor lumaku kweh ing bala sumahab lwir jaladhy angalih.

63a. Duk prāpting tĕgal Bobot-Santun esuk sampun samângdani glar ndan kawarṇaa çrī narendra ing Mĕmĕnang [80]) dawuh sapta atangi wusirâsnānâdehaçuddha ri swatanu dadi karasêng twas çīrṇa ning jyoti rasa [81]) dūta ning antaka prāpti embĕh çūra çrī narendra [82]).

63b. Tumuli sirâhyas akampuh pĕtak alus wĕdihanirârjâmarĕmpu(h) anungkĕlang kris alandeyan maṇik toya ingĕmas ādi anguwah karṇâsumpang campaka pĕtak [83]) jinĕbad mrik arum anting-anting kostubha sumunu tuhu açrī derâgĕlung kĕkĕlingan.

64a. Ūrṇā [84]) ratnâdi bhūgaçrīnira [85]) sumunu apinggĕl kaṇa apus prāṇi ali-ali bang ijo roro sisih.

64b. Arjâpadakâsusun [86]) kalih rinĕnggêng nawaratnâdi sumunu tang karambalangan tuhu lwir ratw ing tulis.

65a. Ndan çrī pāduka çorī ĕnti marasirêng ati tumingal ing sang prabhu ta ya [86a]) mukṣaâmorêng tawang tan awalia malih dadi tang luh kumĕmbĕng ing akṣi sakweh sang para biny-aji kapĕgan ing aliring [87]) twan ratna Kesarâpan reh ing lagy anom amanggih lara.

65b. Wikan çrī narapati hetu ning samâmĕm wingit mesĕm sawacanârum duh yayi aywânggĕng wuyung pan wus panitah ning Widhi mangke sĕdĕng po si punang wong Maja-Langu mārga ning mulih andungkap Çiwādhilaya [88]) punika kang ginung sang siddha putus ing kawirājya [89]).

66a. Çrī pramiçwarī ĕnty harṣanira angrungu wacana sang aulun [90]) lwir çaçângka pūrṇânīrṇa pĕtĕng ing [91]) ati.

66b. Anging [92]) kang kari karasêng citta tṛṣṇânirêng twan dewī ratna Kesari ketung pangamu-amunirêng (ng)uni.

67a. Pangrasanirêng lagi tan lyan makātmajīwândraweni sing lĕwih sesi ning purī ndan atur asana mahw anĕdĕng asāri anêng Kārttika lalu tan sih ing wātâsru dadi atĕmah lahru wet ning lagi anom atĕmahan lurŭ wyakti tan pantuk de ning amalar.

67b. Lingira çrī bhūpati wus wruh isun laranira [93]) nini denipun ratna Kesari lah sampun ketung bhaya wus kāryanirêng kuna tinĕmu malih apan tan kĕna binuwang anom atuha [94]) amanggih wiṣṭi lara pati ndan çrī pramiçwarī çighra wus atĕmah līlā.

68a. Sawacanâris sandikanira sun anut tan-sah umiringa jĕng aji yadyastun kawawa maring aweci.

68b. Bhāge yan andungkapa lĕwih malar ana gañjaran ing pĕjah anut yukti satata cinintya ring jro ati.

69a. Anging [95]) depun tumulus sih puniku krisira kakâji makawan-

isun sumiwīa çrī naranātha sukha sirâsung kĕris ndan sakweh ing sang para biny-aji sama tan anârĕp karia karasêng ati sih nṛpati mwang çrī pramiçwarī pan durung sirâsung lara.

69b. Ingaras-aras twan dewī denira çrī bhūpati karia ratna Kesaringku nini ātmajīwita pātakanira tungkulana masku yan tinawan maring Wilwa-Tikta[96]) sĕdĕng nggonanirâniwī apan wong lawu suguṇânom apĕkik anulus prawīrêng raṇa.

70a. Ndan sang lwir Ratih matur aris awot santun kaya lumuh pukulun manira yan katawan maring Maja-Pahit.

70b. Pira sukha ning kari agĕsang yan tinilar de ning yayah indung anging sun tumut saparanira bapâji.

71a. Gumuyu çrī bhūpati sarwy amĕkul sawacanâmanis duh jīwanisun awĕdi wirang kapo sira sukha pĕjahânutêng rawit tur sinangon sĕpah tumuli mĕtu duk prāptêng yawi wongira kapanggih kabeh sampun atiyang gong gĕnding abarung tan paparungwan.

71b. Wus munggw ing liman sang aulun cinaraṇêng mas tuhw ādi agung aluhur kinĕmbangan kombala pĕtak[97]) uni ning ghaṇṭânikâsrang[98]) angungkung tinut ing jong putih alangu sopacāra saha pangawin kumlab tang tunggul pĕtak arja tinulis manuk dewatā anglayang.

72a. Amor ing himānūkṣma tinĕpi-tĕpîng kilat kang mantrī wṛddha umiring supĕnuh parĕk ring çrī narapati.

72b. Ndan ken tumĕnggung Mṛgapati lumakw ing harṣa kalawan ken dĕmung samânunggang kuda rakta ingĕmas ādi.

73a. Sama pinayungan randi rūpane tuhu angrĕsy ati agung aluhur dĕdĕl ing netrâsmu rĕngu jĕmbutnyâwyang tĕkêng pipi godeg ati-ati romanyâtĕb pināçêng mas mekĕl-ekĕl, tibêng gigir gumrĕbĕg balanyêng ayun watang ingĕmas kumram kinombalan bang.

73b. Pun Kĕbo-Rubuh kalih kalawan ken Mahāpati ken rangga lan ken kanuruhan wus sama munggw ing kuda sabalanya lumindih ing harṣa ndan sira kryan apatih sampun munggw ing wājī pinalanan rukmi tinut ing payung saha jujuluk kweh ing balane tan paligaran.

74a. Rāden āryânêng untatira çrī naranātha twan sirikan lawan raāden alu prasama anunggang hastī.

74b. Ingiring de ning bala mwang mantrī araraman adhipaty añjuru sabala pĕnuh ramya saha surak atri.

75a. Kadi sāgarângalih laku ning bala kagiri-giri uni ning tatabuhan gong gĕnding angalun peleret çangkha amlingi awor lan pangrik ning kuda hastī angrĕgung glĕdĕg ing bĕdil mwang surak lwir ombak kumutug anĕmpuh parung kram ning sañjata rĕmĕng akilat.

75b. Wus prāptîng tĕgal Bobot-Santun wahu trang ing rawi çrī narapati lagi anganti ri sor ing wāṇḍīra katon tang çatru sampun agĕlar ibĕk tang lurah lor wetan kidul lingira sang nāthânêng ĕndi nggone punang Harṣa-Wijaya ken Mahāpati matur awot sĕkar.

76a. Punang lor iki sañjatêng Tatar lwir gunung atur rĕmĕng tang tunggul sakilat angĕdap wahwas ning astrâlungid.

76b. Sataběh-tabĕhan muny atri kadi kĕtug lan pangrik ning turangga hastī angrĕgung kaya gĕlap angrĕsy ati.

77a. Sakîng kidul ky adhipati ri ĕb ning kĕpuh winilĕt ing karamayâtub tĕkêng ṣiti wra [99]) mĕlung sabala supĕnuh kadi [100]) kingkara anon preta nīca duṣṭa kaçmala pangidĕpnyêng çatru tĕka angrik agyâmrang amupuh tan-wun ĕnti tang çatru pinarawaça.

77b. Kang ring [101]) wetan puniki atur rob ning sāgarādri kinasut de ning limut pawra ning dhwaja mwang tunggul kram ning sañjata lwir taṭit angĕdap punang bala lumindih angalun pakrĕp ning watang tulup bĕdil salas lwir unur tang wāhana kud' hâstī lumurug tan paligaran.

78a. Sakweh ing prawīra kang munggw ing wāhanâtur wyāghrapati barwang singhânghrik anggĕlur anon hasty amĕttânguling.

78b. Pun Harṣa-Wijaya munggw ing tĕngah pinayungan tuhw açrī anunggang hastī aluhur cinaraṇa ing mas ādi.

79a. Kadi bhāskarânĕlĕhi [102]) wahw angudayagiri āpti agya anīrṇakĕnâri ndan çrī naranātha sukha angrungu dadi mahli [102]) kang buddhi çūrajāti ning ṣatriya sĕng ning netrâsmu [102]) rangdi iya ujarira dyastun pembuh malih nora mātrêngsun wĕdia.

79b. Ken tumĕnggung Mṛgapati lawan ken dĕmung Wīrasandhi asru umatur patik aji mangkyâmaguta pun Harṣa-Wijaya sanggenanipun yadin lwir wyāghra singhânunggu anganti guhānyânĕda patik bhrângrohâtakĕra guṇa sakweh ing angrungu sukhâgyâpranga.

80a. Rakryan apatih matur aris mangke hyun patik aji parâdhipati añjuru kang marĕp ing lor ajurit [103]).

80b. Kang mantrī araraman malih marĕp kidul amagutêng pun adhipati ring Madhura kalawan bala thāni.

81a. Sakweh ing wong Kadiri raāden ārya lan patik aji mangke amaguta sañjatêng Maja-Langu pāduka bhaṭṭāra karia pukulun sakweh ing sang mantrī wṛddha kang umiring manggut çrī bhūpati tumuly agĕlar kang sañjata tang bĕdil mwang tulup lumakw ing harṣa.

81b. Saha surak lumindih sang para mantry anom kweh rumihin mwang ken tumĕnggung kalih kalawan ken dĕmung linurug sañjatêng Maja-Pahit kumutug swara ning bĕdil mwang tulup suligi cacaban [104])

lwir warṣa rame apagut punang yuddha gong gĕnding gumuruh tan paparungwan.

82a. Ndan wong Kadiri çighrâmuk rampak angiwung awatang sumuyug tumĕmpuh ing harṣa krĕcik ing wahwasnyâtri [105]).

82b. Tan-dwâsmu titih bubar sañjatêng Wilwa-Tiktâpan sinrĕng ingamuk tan poly' anangkul akeh punang angĕmasi.

83a. Kĕbo-Bungalan kalih lan pun Kĕbwânabrang asmu runtik tur marêng ayun saha balâsrang lumurug ramyâwĕtĕh punang jurit kweh ing pĕjah ndatanpa wilangan [106]) sang prawîrânrĕng umusir yaça çûradharmêng ayun kang pĕjah ndatan ketung atamběh muwah [107]).

83b. Tan-dwâkeh angĕmasi mantrî Daha lan ing Maja-Pahit wontĕn ta sutanira sira kryan tumĕnggung aran Gagak-Wiruddha rûpanyâbĕsus kalih lawan anake ken dĕmang sama kakartalêng jurit bĕbrĕngose mahw agâtra-gâtra wilis [108]) aran Bañak-Wîranâda.

84a. Tumandang kalih angiñcih watang maring harṣa solahe tuhw angrĕsy ati smu brahmâtya rĕñcang acrĕng lumiring.

84b. Singhâmagut mangkyângĕmasi pun Kĕbwânabrang ĕnti runtikipun lan Kĕbo-Bungalan çighra [109]) tumandang kalih.

85a. Sama awatang ndatan gigu tuhu yan prakâçêng jurit tumuly apagut silih-tangkis adwan-dwan yuddha pun Gagak-Wiruddhânrĕng amatang pun Kĕbo-Bungalan mangkyânanggul kontal punang watang winalĕs trus jajane rudhiranyânĕmbur aniba pĕjah surak ghûrṇita.

85b. Bañak-Wîranâdâpulih [110]) pun Kĕbwânabrang mapag aglis asuwyângadu kawanin midĕr amet chidra aongsyan silih-tangkis ken Bañak-Wîranâda rĕñcang [111]) tandangipun mangkyâsring amatang tan polih pun Kĕbo-Nabrang tuhu prathamêng jurit tumuly amalĕs amatang.

86a. Trus jajanya tĕkêng lamungsir rahnyâlayanâniba pĕjah wrĕg balanyâlayu mantry anom aky' ângĕmasi [112]).

86b. Ndan ken tumĕnggung Mṛgapati lawan ken dĕmang ĕnti runtikipun tumingal ing sutane kalih angĕmasi.

87a. Aglis tumandang maring ayun solahe tuhw angrĕsy ati angunda-unda watang netrâcrĕng awĕlu bang ning mukha lwir arahup gĕtih kabhinna-bhinna lwir Kâlântaka kĕmbar adhimantrî srang tumitih saha balâmuk amrang angiwung kadi wah guntur saking parwata.

87b. Aewon kweh ing mati punang çawâtap atitip lan kud' hâstî tan ketung asmu titih [113]) wong Wilwa-Tikta syuh bubar winaça sinrĕng inamuk ken Sora apulih maring harṣa sabala lumurug lan ken Nambi tumĕmpuh ramyârukĕt tang jurit apagut pada prawîra.

88a. Sang para mantrī munggw ing kuda sama wicitra tuhw açrī atangkis rangin saha pĕdang pinrangakĕn lwir taṭit.

88b. Kang munggw ing sāmaja tamêng [114]) yuddhângduk-dinuk lwir nāgâliwran ing awyati tang dukduk sing kĕna tan-dwângĕmasi.

89a. Surak awanti-wanti yaya karungw ing [115]) awyati awor swara ning tatabuhan ramyârurĕk tang yuddha along-linongan silih-tindih tanpa gati [116]) punang bĕdil mwang tulup kabĕt mangkin angrĕgut silih-kĕris amĕk-pinĕk ing pĕdang pan kadi amupung sang wīrêng raṇa.

89b. Akweh sang mantrī Kadiri pĕjah depun Gajah-Pagon kalih lan ken Lĕmbu tan gigisin tandangnyâmuk inidran rinĕbut [117]) de ning ari ndatan gingsir sing kaparag bubar syuh punang çawa atumpuk ĕnti runtike rakryan tumĕnggung Mṛgapati tumandang kalih ken dĕmang.

90a. Dinunung pun Gajah-Pagon lawan ken Lĕmbu sahâçabda tur anudingi iyâsu adhama ko tan-wun mati.

90b. Ken Sora kalih lan ken Nambi agyâtulung sakêringan kadulu dera tumĕnggung lan ken dĕmang glis awalik.

91a. Tija bhāgya [118]) ko kapanggih pan satatêngsun ati-ati ngko katĕmwing [119]) payuddhan mangkyâtakĕra guṇa pamalĕsamu autang sih ingurip de nṛpati ya ta sahurakĕnêng [120]) jīwamu angĕmasi pañcagating rorawa sang liningan mesĕm nĕhĕr angucap [121]).

91b. Ih tuhu ujarira iku pamalĕs ing autang sih uni duk anêng Singhasāri ri ngko parachidra līnanira nṛpati çrī Kṛtanagari iya pūrwaka tinut runtik rakryan tumĕnggung bang ning akṣi dumilah kady alalatu [122]) agni tumuli aglis amatang [123]).

92a. Ken Sora tan gigu atangkis lagi amatang-winatang tan pantuk pan silih-tanggul punggĕl punang [124]) watang kalih.

92b. Kalih sama angunus kĕris midĕr aongsyan angukih prāṇâpan prathamêng pupuh tan kĕdap acrĕng lumiring.

93a. Kumlab tang pattrĕm kengis lwir pawilĕtan ing taṭit tuhu lwir Kāla wibhuh atanding lagy anawung laga karwângrĕsakĕn ati asuwe ndatan kawĕnang rakryan tumĕnggung sring ambabad anuduk ndatan polih ken Sora çīghra angrĕgut kalih pada çūrasārêng yuddha.

93b. Ken tumĕnggung Mṛgapati kasoran sinuduk tumuli trus jajanipun rudhiranyâlayana [125]) muñcar aniba kang surak umwang gumĕntus ken dĕmung ĕnti runtikipun tumandang aglis ndan ken Nambi mangke amagut pantĕs atangkis rangin saha pĕdang ingĕmasan.

94a. Asrĕng angukih prāṇa ken dĕmung sring amatang ken Nambi atangkis rangin mĕlĕcut [126]) anlĕsĕg anuduk aglis.

94b. Trus jajane ken dĕmang anibânuli pĕjah tang surak[127]) awanti-wanti lawan tabĕh-tabĕhannya muny atri.

95a. Rug tang sañjatêng Kadiri syuh larut tan panolih akeh mantrī kṣatriyângĕmasi donnyârĕs kagĕman tumon ri kadbhuta ning ari[127a]) abyuran ndatan wr' ing ungsi[128]) durga ning wanādri nggonnyânusup amrih urip tan ketung sih ning tuhannyêng (ng)uni asung dĕmak pupūrṇamān[129]).

95b. Ndan sira kryan apatih kalawan ken Mahāpati makādi sira rāden ārya tumandang maring harṣa erang tumon ing bala ajrih sawacanâsru ah paran karamu atinggal palagan dudu krama ning mantrī kṣatriya yan tan angungsir yaça çūra ring payuddhan.

96a. Apan ing (ng)uni tan lyan wus kalumra(h) ing jagat akīrtîng raṇa wong nagarêng Mĕmĕnang[130]) pinakāçrayêng jurit.

96b. Mangke punapa karanira kondur ing yuddha lalu eman tuhu yaçantêng dangu pinanglĕh awĕding ari.

97a. Wyakti winarah sirêng ayu ri sojar ing aji punapa idĕptêku kāla ning yuddha tang çatru yatika mārgantândungkap[131]) lĕwih kaçūranta makapamĕnĕripun[132]) swarga mokṣa lĕpas çūnyādi parama yêku tinĕmu yan pĕjah ing raṇa apakayêng tuhan.

97b. Bhāge yan ana sihan ing hyang siddha jayêng ari sulabhâyaça wīrya pinanggih kottamanirêng rat yan hīnâlayu wĕding ari tan-wun tang pāpa pinanggih duryaçêng rat punapa kāryanirêki pinakaulun denira çrī bhūpati wineh dĕmak pupūrṇamān.

98a. Mangke ta walik siddhakĕnâjñā çrī narendra tawuran[132a]) ing autang sih atoh jīwa sukha matiâjurit.

98b. Nahan ujarira kryan patih mwang rāden ārya kalawan ken Mahāpati sama sukha kweh ing balângapi[133]).

99a. Makādi sang para mantrī harṣa angrungu kadi tarulatā kalahrun wahu linawad ing jawuh egar denyânglung asĕmi[134]) kadhīran agyâprang nambut gagamanipun saha surak gumuruh atri awor swara ning tatabuhan mwang bĕdil kumutug tan paparungwan.

99b. Sakweh ing parâdhimantrī kang munggw ing wāhana kud' hâstī samāruhun-ruhunan sabala gumuntur amuk rampak tan panoly' amrang angiwung rame patamběh ing yuddha muwah sing kaparag gĕmpung titih wong Maja-Langu akweh pĕjah atindih tan pangawĕr linurugan.

100a. Syuh larut bubar tan panolih kweh tiba kedĕk de ning rowangipun binwatan kadhīran dera rakryan apatih.

100b. Lawan raāden ārya sing[135]) apulih mantring Maja-Pahit tan-dwângĕmasi çīrṇa syuh prāpta ring arĕp twan mantrī.

101a. Ken rangga asmu runtik kalawan sirârya Siddhi ken Pĕdang lan pun Lĕmbu ken Dangdi prasama tumandang tinut[136]) denira rāden mantrī sumahab tang bala sĕlir maring harṣa rame tang yuddha lwir sāgara rob anĕmpuh lambung ing gunung atri kumutug tan paligaran.

101b. Asuwyâprang ndatan gingsir umwang krĕbĕt ing rangin apagut lan krĕpuk ing kantar kryang ning pĕdang asimban amrang-pinrang agatik silih-arug arurĕk lagy amatang-winatang tan tinolih kweh ing mati de ning sang prawīrêng ayun silih-tindih ramyâ-ngguntur-ginunturan.

102a. Lwir bubul punang wasundhari de ning grĕbĕg ing bala mangsĕ kondur mĕlĕk tang lĕbu awra dadya amĕtĕngi.

102b. Ya ta marma ning yuddhâwor tan karuhan[137]) sāya lan ari aridu woyânuduk rowang lyan tang pati prang-prangi.

103a. Tanpa wilangan kweh ing paratra sawāhana kud' hâstī lumrah tang rah amandĕli wĕlĕk ning lĕbu mawatang payuddhan malih kadi sāgara rudhira ghūrṇitângalun de ning pangohan ing kud' hâstī amĕkasi pati sukĕtnya tang rawis awatu-watu mastaka.

103b. Kweh ing wangke atap atumpuk mwang sirara ning kud' hâstī parwata durgati saha watu ridang wahwas ning sañjatâwra sumangkrah amuluh tingas ya tângdêwĕh ing sang prawīrâmrih yaçêng jurit ndan ken Gajah-Wīrândaru[138]) asmu runtik amlĕg kuda maring harṣa[139]).

104a. Rūpane tuhu angrĕsy ati pamulw[140]) asmu jamus pantĕs asikĕp rangin cinitrêng mas pĕdangnyâkram rinukmi.

104b. Çocanyâcrĕng galak amanis pantĕs anakira Mahiṣa-Rubuh kalih kalawan anake pun Mahāpati.

105a. Lĕmbu-Wīrântakâranipun rūpane[141]) akung raspati pamulw ajĕnar amanis samâsikĕp dadap ken Pĕdang lan ken Dangdi agyâ-magut asuwe atanding kaprawīran tan-dwa kawĕnang Lĕmbu-Wīrântaka denira ken Pĕdang Gajah-Wīrândaru asmu kabangan.

105b. Tumuli ambabad anuduk ken Dangdi luput inungsi solahe pantĕs aramping malĕs anuduk trus jajane sira Gajah-Wīrândaru aniba pĕjah saking turangga rame kang surak awanti-wanti awor lan tatabuhan ken Mahiṣa-Rubuh aglis tumandang.

106a. Kalih lawan ken Mahāpati maring ayun solah asmu tan gigu tumingal ing sutane kalih angĕmasi.

106b. Sama anunggang liman karwângunda dukduk ingĕmasan apucak maṇik sumunu[142]) anĕpuhi sĕng ing rawi.

107a. Ndan sira ārya Siddhi amapag ken Mahāpati pun Gajah-

Pagon harṣa mulat ing pun Kĕbo-Rubuh tumuli angunus kĕris agyâmagut dinuk saking hastī ndatan gindal aglis rinangkal tang hastī pinrang tan-dwa pĕgat gulunipun Mahiṣa-Rubuh rahnyâmulakan.

107b. Aniba saking hastī ndan muwah ken Mahāpati asuwyâprang angadu kawanin pan tuhu prathamêng [143]) yuddha sirârya Siddhi luput dinuk amalĕs angduk saking sāmaja angĕne prāṇa ken Mahāpati rudhiranyânĕmbur aniba pĕjah ri ūrdha ning sāmaja.

108a. Kang surak tan paparungon bubar alayu wong Kadiri rakryan apatih maring harṣa lawan anake kalih.

108b. Sang atuhâran rangga Sucitrârinipun Citragati arane kalih wahu tumambirang apĕkik-pĕkik.

109a. Sama anunggang wājī rakta pinalanan ring mas ādi ndan sira rakryan apatih munggw ing kuda pĕtak [144]) bhinūṣaṇan tuhw adhikāra yayêng tulis maring harṣa ndatan kewran asmu mingis anon kadbhuta nikang çatru kumutug kadi agni angasut amarawaça.

109b. Lawan anake kalih tan linggar ndatan gigisin rinĕbut de ning çatru sing kapapag çīrṇa kawĕnang tuhu patih amangku bhūmi ndan ken rangga Wĕnang ĕnty harṣanipun tumingal ing rakryan apatih aglis tumandang lawan ken Lĕmbu katigâpañji Amarājaya.

110a. Sama asikĕp dadap munggw ing wājī ken rangga Sucitra apagut lawan ken Lĕmbu-Pĕtĕng sama çūrêng jurit.

110b. Ken Citragati tan doh lawan sanakipun mangkyâtanding lawan pun pañji Marājaya kalih prathamêng gati.

111a. Aṣuwyângadu kawanin ndatan kuciwa kalih ndan sira kryan patih Mundarang apapag lan ken rangga Wĕnang tuhu sama pratyakṣêng pupuh ken ranggângucap asmu guyu ah panglampwa tiwasmu nguni tan wruh ing apus dudu krama ning patih pan tan wr' ing lokika deya.

111b. Mesĕm rakryan apatih ih atut ujarmu mongkono pan tan wruh ing adhyātmika dudu kang wong Mĕmĕnang [145]) tan wruh ing apus pan wruh nguni duk sira prāptâtur bhakti anungkul malakw ingurip angasy'-asih don ing sinambhramêng ayu anging [146]) kesṭi anut ing kaçūrabratan.

112a. Pan ling ning aji ginugon yadin çeṣa ning ripu amalaku ingurip wĕnang (ng)upādhīta [147]) sinambhramêng sih.

112b. Anging [148]) mangke denirâmalik lah sukhêngsun sirâmukting [148a]) atrabhukti tinĕmu phalanira nguny atur bhakti.

113a. Nging [149]) iṣtanisun iki wus warĕg ing wibhogādi āpti mantuking muktipada ken ranggâsmu guyu duh taha mangkana ujar ing kabutuh tiwase linĕwih sang liningan runtik tumuly aprang silih-

ukih kudanirâwunděran ken patih anuduk asring ambabad.

113b. Ken rangga Wĕnang atangkis luput pinrih ingungsi tuhu prathamêng pupuh amalĕs mangke anuduk trus jajane ken apatih rudhiranya alayana mijil sumĕmbur anuly anibâtĕkĕn rangin atutur awan ing antaka tan-dwa pĕjah punang surak ghūrṇita.

114a. Ndan ken rangga Sucitra lawan sanake pun Citragati sampun angĕmasi antaka kalih suçramêng jurit.

114b. Denipun pañji Amarājaya ken Lĕmbu çīrṇa sabalanipun sumyok punang surak tabĕ-tabĕhannyâtri.

115a. Raāden āryâsmu runtik mulat i bala luyuk[150]) ajrih tumandang maring harṣa lan rāden mantry alu lan twan sirikan katrīṇi sama munggw ing hastī tuhw atur Wirāṭātmaja Çweta Uttara,[151]) Çangkhâçrī samângunda-unda dukduk sabalâtri kumusuh angamuk rampak.

115b. Kondur wong ing Maja-Pahit asmu kangelan wet ning asuwyâprang winahan kawanin dera rāden ārya mwang sang para kṣatriyânrĕng lumurug kweh ing pĕjah ndatanpa wilangan syuh çīrṇa malayw atindih-tindih tiba kedĕk ing rowang anâñjrit angaduh ginalah pinrang.

116a. Kadungkap pranahira rāden Harṣa-Wijaya angadĕg luhur ing hastī cinaraṇa kumram de ning mas ādi.

116b. Asmu brahmâtya mulat ing balâwrĕg layu kātarêng sĕng ning netrâsmu randi sumirat mindĕr lwir klab ning taṭit.

117a. Tumulya amlĕg hastī sumuyug kang wong sinĕlir kadbhuta tandangnya tan panolih sama kawigaran hyun-hyun mangke denyângĕmbari amuk saking kanan keri angasut rame punang yuddha arurĕk awor aprang-pinrang ing pĕdang silih-kris tuhu tan pangeman jīwa.

117b. Raāden alu kalih lan twan sirikan tumandang aglis akweh mantring Maja-Pahit paratra denira kang ambĕkĕli wong sinĕlir dinuk saking liman ndan rāden Wijaya harṣa tumingal tumandang aglis sarwy angunda dukduk ri rĕngga ning hasty agung lwir Erāwaṇa.

118a. Pantĕs sasolahirângrĕsi ati ning mulat tuhu lwir hyang Jagatpati arĕp ri syuhan ing detya Tripuri[152]).

118b. Rāden alu lawan twan sirikan tan jrih mangkyânduk kalih saking kanan keri ndatan kewran sira rāden mantrī.

119a. Winalĕs dinuk kalih pĕjah ndatan panganini rāden ārya runtik tumingal tumandang maring harṣa ĕnty harṣanira rāden mantrī amapag sawacanâris duh sampun derânglampw ayuddhâpan wus kalĕbw ing gĕlar kadi pira tan wruh malih isun uny autang jīwa.

119b. Yan sirârĕp aurip matura ri jĕng nṛpati [153]) isun mĕne āpty amalĕsa sih srĕngĕn rāden ārya sahâçabda tur anudingi ih dudu kang wong Kadiri yan samakĕnêng Wilwa-Tiktâpan wyakti kṣatriyângasu tan tus ning luhung uni ni Ndok mangkyângwījakĕna.

120a. Donmw arĕp anungkul atur sĕmbah tan mangkana sira sang aulun sapady anungkula sukhângĕmasi pati.

120b. Twan mantry asmu kabangan tumuly aprang angduk-dinuk sakîng rĕngga [154]) ning hastī tuhu widagdha ndatan kĕna kalih.

121a. Ndan rāden āryâmatitis angduk olih sārathinira rāden Harṣa-Wijaya ĕnti [155]) brahmâtyanira winalĕs dinuk angĕmasi kang anggeris limanira rāden ārya aglis kalih tumĕdun ing hastī sama anunggang kuda tuhw açrī cinaraṇa ri mas kumram.

121b. Kalih atangkis rangin saha pĕdang malyala rinukmi asuwyângadu kawanin silih-ukih chidra kudanira midĕr apapagan padânghrik angrĕñjak silih-sahut [156]) angrĕsakĕn mulat raāden āryâsring amrang angiwung ndatan polih tandangira kady añutan [157]).

122a. Sang pinrih ndatan kewran wyakti wruh ing gati tan tangkisira luyâramping [158]) anuduk amalĕs mangkyâmatitis.

122b. Luput atangkis rāden ārya trus jajanira rudhira sumĕmbur aniba saking turangga atĕkĕn rangin.

123a. Balanira bubar çīrṇa syuh çeṣa nikang angĕmasi surak gumĕntus awanti ndatan paparungwan lawan swara ning tabĕh-tabĕhan awor prabhāwa ning sang wīrêng raṇa ghūrṇitêng jagat awalikan rwab ing jaladhi kuwung-kuwung aliwĕran saglapnya [158a]) kumupak.

123b. Kumutug tang wasundhari molah lwir rĕngat wet ning asuwyâgrah kadi prasanga giriçikhara rĕbah kampita ng kayu-kaywan eng pārçwa rug de ning bāyubajrângalisyus nadī atĕmah limut amĕtĕngi lumra(h) ing digantarânawĕngi teja ning hyang diwangkara.

124a. Ndan sakweh ikang parâdhipati añjuru ramyâprang (ng)uny apagut lan sañjatêng Tatar sampun çīrṇângĕmasi.

124b. Mwang mantrī araraman punang marĕp kidul wus pĕjah de pun adhipati ring Madhura çīrṇa lan bala thāni.

125a. Wus ingaturan sang aulun yan rakryan apatih makādi sira rāden ārya lan sang parâdhimantrī sampun samângĕmasi paratra sang inaturan tan aty auripâpan wus niçcayêng twas nguni ri çīrṇa ning mantrī ayuddha hetu ning manah çuddha tan kasrĕpan.

125b. Anging [159]) çrī narapati asĕng smita ring sang para mantrī wṛddha lah angapa iki derângrasanana de ning parâdhimantrī kṣatriya

çīrṇa wus angĕmasi sang para mantrī wṛddha [160]) umatur aris singgih pukulun [161]) iṣṭi ning patik aji matyânut kaçūrayuddhan.

126a. Wus tan bontĕn rinasan malih pan sampun çīrṇa punang wangça wandhu punika tinut mantuk ing acintyajāti.

126b. Ĕnti sukhanira çrī narendra angrungu anuly aglis munggah ing hastī sakweh ing sang mantrī wṛddha [162]) umiring.

127a. Aglis prāptêng madhya ning payuddhan smu kanggĕk punang wong Wilwa-Tiktândulu ri prāptinira çrī narendra tumuly akukud anging [163]) tan saking awĕdi amaguta ring payuddhan wet ning kabhaktinyêng (ng)uni sira pangasthūlan ing jagat twan Harṣa-Wijaya asmu kemĕngan.

127b. Ĕnti wlasirêng ati ketung pamumūle çrī bhūpati liwat derâmiutang [164]) sih kaya tan atut denira mangkyâmĕjahi nging [165]) kagugu malih lara wirangira liwat [166]) līnanira çrī nṛpati ring Singhasantun [167]) marma ning dwalāyâpti [168]) pamrat ning sih lawan irang.

128a. Kaya sukha yan angĕmasi pati sapady amĕjahi sang wus bhinaktin tan wurung pāpapātaka pinanggih.

128b. Ndan çrī bhūpati ĕnty harṣanira andulu çīghra amlĕg [169]) liman lumaris sukha sira yan twan mantry amĕjahi.

129a. Dady anon çrī bhūpati manuk saraga [170]) çweta mibĕr ing gurdha akulilingan aris mĕr eng ambara mukṣêng tĕlĕng ing wyati wruh çrī narapati makawanira mantuk ing acintyaçūnya tumuly anggĕlar yogasandhi [171]) pinuh ri sūkṣma ning jñāna mukṣa tan paměngan [172]).

129b. Ya ta tinut mukṣa çrī narendra saking luhur ing hastī tan katĕngran [173]) de ning rat lakunira sang nātha tinut ing prabhāwâris gĕrĕhnya mandrâhrit mātrā-mātrângdadangu(k) [174]) kĕsĕh ning anila sumilir [175]) aris dady atĕmah mĕndung [176]) atruh riris sumar saha puṣpawarṣa.

130a. Lan jĕnu kanaka sumar mrik ṣaṭpadânut umung aliwran ing awyati saha kilat lumrâwrânêng dik widik.

130b. Kady angajarakĕna sutṛpti [177]) ning twas sang siddharĕṣigaṇêng awyati tumon kamahātmyanira nṛpati [178]).

131a. Ndan sakweh ing wong ring payuddhan ĕnti gawoke tumon makādi rāden Wijaya sipi kāçcaryan mulat ri mukṣanira çrī bhūpati yan angucapa ring ati duh tuhu wijil ing lĕwih pan ing (ng)uni norâna ratu yan mangkana kang atilas asūkṣma çrī narendra [179]).

131b. Ndan sakweh ing sang mantrī wṛddha [180]) ĕnty harṣanirâningali mukṣanira sang nātha āpty agya tumutura sumrĕg sabalanirâ-

srang angamuk saha surak atri awor swara ning tatabuhan tumuli aglis pinagut de ning wong Maja-Pahit ramya wĕtĕh punang yuddha.

132a. Ndatan pagati punang bĕdil watang tulup pan arurĕk kang prang kadi nguni padâgyan-gyan samantring Kadiri.

132b. Yaya rĕñĕk [181]) namuk anon dilah ning pajyut tan pangeman jĭwâsulung-sulung amuk aliwran atindih-tindih.

133a. Sakadehanira twan Harṣa-Wijaya manggĕh tan gingsir dahat akukuh angĕmbari kang wong Mĕmĕnang [182]) prangnyâpralalu wyakti kadi sirarâking [183]) kabwing [184]) katub ing anila tumĕmpuh urub ning agni mangkin ujjwala kumutug embĕh kawigaran ing wong Wilwa-Tikta.

133b. Ndan ken rangga pun kanuruhan lawan ken manguri parĕng prasamânĕmpuh pun Gajah-Pagon kinĕmbulan manggĕh tan gumirisin ken Lĕmbu-Pĕtĕng ĕnti marmanipun tumingal aglis mangkyâtulung rame kang prang awor angalisus ken rangga lawan ken manguri wus pĕjah.

134a. Depun Lĕmbu-Pĕtĕng lawan pun Gajah-Pagun ken dhyakṣa kanuruhan kalih sampun pĕjah mantrī wṛddha [185]) wus ĕnti.

134b. Sabalanya wiçīrṇa kang kari malayu tinut aky' ânĕmbah amalaku ginĕsang lyan tang mul' ing [186]) nagarī.

135a. Pating samburat tan wr' ing tĕmpuh akweh kang tumibêng jro ning parang atrĕjung pringgâhrit lyan tang malayu kaput ring ĕndut waneh kang tiba kalĕbw ing jro ning bangawan Canggu [187]) awĕlas punang wong Maja-Pahit tumingal tumuli mundur saha surak gumuruh sukhâty agirang.

135b. Ndan sira rāden mantrī sukhanira tan sinipi [188]) kātarêng sĕng [189]) ning dulu pan wyakti ndatan wĕnang [190]) kinas solah ing jayêng jurit tumuly araryan sira ri ĕb ning grodhâgung pinarĕk ing bala ken adhipating Madhura wus rawuh sinungsung ing smita denira raādyan.

136a. Sawacanâris mangke uwa iṣṭanisun ambhasmia laywanira raāden ārya lan sang parâdhimantrī.

136b. Duh atut singgih andika pakanira dewa den aglis mara ing Kadiri mangkyângambila sang rājaputrī.

137a. Ĕnty harṣanira twan mantrī asĕng smitângling aris lah iya ujarira uwa [191]) sira mangkyâpotusan [192]) matur i çrī naranāthêng Tatar mantuk ring kuṭa yan isun kantun ambhasmi laywan sang parâdhimantrī makādi rāden ārya rakryan adhipati asahur sĕmbah [191]).

137b. Wus pinrĕnah kang ambhasmi tumuli lumampah twan mantrī sakadehanirângiring tan kawarṇa ng awan aglis prāpting Kadiri akeh

wong kapanggih aliwran apupundut angĕmban suta putu saha tangis tan wr' ing paranipun punang wong Maja-Langu awlas tumingal [193]).

138a. Wus prāptîng pangastryan kang tangis tan paparungwan asambat-sambat nṛpati [194]) aduh dewa lalu tan sih ing Widhi.

138b. Tanpa puhara [195]) denira nguny amrih ayu dānadharma winangun wlas ring kawlas-harṣa dady amuhara [196]) pati.

139a. Ndan sira rāden mantrī awĕlas asĕmu-sĕmu isin tur lumaris maring jro pura kandĕg ing wijil pisan kawĕngan tumingal [197]) kweh ing laywan atitip angibĕki natar tistis tan ana wong kary agĕsang wontĕn pĕcil çiçu [197a]) kary anangis akusa-kusa(h) ing çawa.

139b. Wujilira twan dewī marmara sasambatnyâmlad ati duh dewa susuhunan sang hyang-hyang ning ṣaḍrasa [198]) kilang akarang-karang karpūra sumar mrik mombakan madhu juruh sakîng Smarālayângulati kasihta wibhramêng sakalangun singgih yan tan kapanggih linarah.

140a. Mayan katĕmwing [199]) Maja-Raçmi mangkyângdadak angrĕngoni tingal [200]) marma ning anglampus anut ri līna ning rawit.

140b. Ndan atur mangkana sira dewa pukulun nahan sambat-sambatnyâmlas-asih ĕnti wlasira raāden mantrī.

141a. Pangrasanirêng ati yan wus pĕjah sira Puṣparaçmi anut līnanira twan dewī ratna Kesara mukṣa twasira lwir tanpâmĕngan tan polih dera nguni atoh jīwa dadi kamaga lali angĕmbĕng-(ng)ĕmbĕng tīrtha ning driya wĕtu ning nādâsrĕt kaslĕk i wāspa.

141b. Lah takonakĕna wong iku sapa kang depun-tangisi pun Rāgânuridâwot sāri tumuly atanya duh sapa iku nini kang laywan anê yaçâmĕgat sih sumahur kang pĕcil alit saha tangis singgih punika sang awastra pik mirir [201]) kumram [202]) cinitrêng mas drawa.

142a. Laywanira çrī pramiçwarī kang ring samīpanira twan ratna Kesari akampuh maṇit [203]) marja minas ādi.

142b. Akarang-ulu taluki pĕtak ginubahan perĕmas [204]) rakta angrawit rinĕrĕban de ning sarwapuṣpa mrik.

143a. Kang sarong çrī pāduka matur lan sang para rantĕn aji kang ing babatur ginĕlaran taluki suga strī ning parâdhimantrī kṣatriya kang munggw ing natar punang kaka-kaka mwang sakeh ing wong jro purī anging [205]) kang kantun sira sang Puṣparaçmi tan sinung tumut paratra.

143b. Denira çrī nṛpatiwadhū mwang raāden dewī rehira twan Harṣa-Wijaya swastha kari agĕsang malar sirâmanggiha lĕwih ndan sira raāden mantrī asmu līlā ĕnti pangalĕmira [206]) ring ati ih tuhu reh ing strī nareçwarī anut sudharma sang nātha.

144a. Liwat kangĕnira anon laywanira raāden dewī ratna Kesari atur pratimā kanaka gumuling.

144b. Tan kram mangkin awuwuh raçmi de ning wuryanira asarambahan ing sāri saurap-urap sāri angrawit.

145a. Is ning rah mĕlas ing kanin sagula-drawa mili sakìng rĕngat ing wirada gading lumĕyĕp tang netra yayâmuwuhi manis sanīlotpalânglih katīkṣṇan ing diwangkara kengis ning wajânrīgading asmu smita lwir amuwus anyuh ati anggagat rāga turida.

145b. Lah kantuna sira tumulus subhāga[207]) langgĕng amukti makachattra ning jagat pan isun tumutur anut ri līna ning rawit nging[208]) kang depun-iṣṭi sang putrìng Singhasantun mangke karyâgĕsang wontĕn ing purī pan tan sinung paratra nahan pangracananirêng dalĕm twas.

146a. Sipi pangalĕmera duh dewa susuhunan sang hyang-hyang i madhu gĕndis ātmajīwa dahat dera tan çuddhi.

146b. Pinalar ndatan panĕwasi mar tībrâkung atur anon citra ning wyati[209]) isun dewângajap ing sang lwir Ratih.

147a. Mangkin alurw atĕmahan bun tuhu amagakĕn kāpti yan sira masku dyah ari swastha karyâgĕsang tan lyan sira angawulakĕn engsun saderâtingkah[210]) tan langghanaa lwir ulun-ulunan[211]) wĕsi tan rwa sinūkṣmêng[212]) jro ning kambalasāri awor akarwan jīwita.

147b. Mangĕ tan wruh wĕtuan ing luh mĕnggah akĕcap tan aris ken rangga Wĕnang wruh ing smitanira raādyan kangĕn ing rāden dewī smu kandĕhan rāgi awot sāri umatur aduh dewa pukulun sampun kadi arare pakanira angadamakĕn sira sang wus līna.

148a. Apan tan bentĕn palapan ing[213]) bhrānti tĕwas amĕtĕngi darya anīrṇakĕn tutur lah lumaris marìng purī.

148b. Sang inaturan ndatan panahuri tur lumampah tan mary anolih-nolih ndan kocapa sira twan Puṣparaçmi.

149a. Wontĕn ing gigilang alungguh ri ĕb ning sarpakesari wastranirâluslusan ing pĕtak smu lusuh anamun pahyas mangkin aembĕh ayu lindi ning driya asmu balut yaya atruh-truh madhu gĕndis tan akeh kang marĕk sok pun Bayan Sanggit tan-sah kaka-kakanira.

149b. Samâsmu-smu tangis kangĕn solahirêng (ng)uni[214]) sipi pangamu-amunira çrī nṛpatiwadhū mwang sira raāden dewī kady asanak tuwi denirâsih tan-sah salaku selwan adulur marma ning twas sūkṣĕkânggung wuyung[215]) lĕnglĕng[216]) angĕlih lagy anawang-nawang wulat.

150a. Kidĕp ing (ng)uni pinet sakìng aris denira twan mantrī mangke dady atĕmah pupuh anīrṇakĕn sanagarī[217]).

150b. Aduh tan sipi kapwêng dadi kagungan lara prihatin tan pisan pingrwânĕmu pāpa nityânggawe papati.

151a. Nirdon dinadyakĕn [218]) putrī bhayêng kuna luhya ring kīrti tan çuddhêng brata tāpa smṛti don ing atĕmah rājaputrī kawlas-sih tan tumulus angde swastha ning sang amupu mwang sih ning yay' ênang angur sipi sang angĕmasi antakâmalar tĕmbe sininggahan ing sāra.

151b. Sipi panĕsĕlirêng tanu titah purākṛtêng [219]) (ng)uni tan wruh wĕtwan ing wāspâsarambahan ing wĕhang kangcit prāpta raāden mantrī ĕnty harṣanirâningali denira twan dewī kari agĕsang lwir kadi anĕmu ratna kostubhântuk ing hyang (ng)uny amutĕr sāgara.

152a. Ndatan asari mara saha wacanârum aduh dewa pukulun [220]) rari ātmajīwa wus tan patingsun uni.

152b. Yan sira dewa kari agĕsang duh tuhu kayânupĕna isun rari anĕmu sang çrī hyang ruddhawatī [221]).

153a. Ri tĕlĕng ing udadhi madhu alunggw' ing pangkajasāri suwarṇa murub asamīpa karang karpūra lah ta dewa angalih maring Maja-Pahit ken Bayan matur anĕmbah bhāgea pakanirâglis rawuh pukulun mawy ayu tan pamanggih alaywan [222]) sira pangeran.

153b. Pan sirâyinira liwat [223]) sihirêng twan ratna Kesari arĕp tumut paratra anging ndatan sinung marmanirânggung prihatin [224]) sang inaturan lwir winlad twasirângrungu yayiniris ing çara gading tumuli marmarânambut nĕhĕr mijil angĕmban sira raādyan.

154a. Wus prāpting yawi ingunggahakĕn ring sāmaja sira rāden Galuh sinamiran perĕmas rakta tuhw angrawit.

154b. Akajang taluki ijo sinujing mas drawa ndatan-sah ken Bayan Sanggit atitimbang rawongira angiring.

155a. Lingira rāden mantrī ka Lĕmbu sira anāratheni lawan pun Jaran-Wahâpañji Amarājaya punang andulur den prayatnêng ĕnu den kady amĕmĕngi sira kaka awan kidul [225]) ing Kadiri tĕkêng Trīṇi-Panti angetan den aglis jumujug [226]) eng Wilwa-Tikta.

155b. Samânĕmbah punang inutus nĕhĕr lumakw aglis ndan sira twan Harṣa-Wijaya lagi amĕkas-mĕkas ing sira ārya Siddhi lah ta sira karia kaka amaayu laywanira çrī pramiçwarī bhasminĕn lan rāden Galuh mwang biny-aji sakweh sang tumut paratra.

156a. Isun lumakw ing Bobot-Sāri atĕtĕmu [227]) kalawan sira uwâdhipati asahur sĕmbah sirârya Siddhi.

156b. Nĕhĕr lumaris rāden mantrī wus munggw ing kuda pinalanan mas tuhw açrī pinayungan sumrĕg punang angiring.

ZANG VI (*Kadiri*).

1a. Wuwusĕn çrī nṛpati Tatar wus mantuk ring pasanggrahanirâris tumuli angrungu twan mantrī yan wus tumama ing Mĕmĕnang [1]) olih anawan rājaputry ādi kalocita mawi [2]) mithya ring samaya rĕko.

1b. Ya marmanira sang prabhu motus ing sira rakryan apatih kalih kalawan ken dĕmung mwang ken tumĕnggung matur ing sira rāden mantrī angudhani samaya amalakw ing sang putrī wus samâmit punang kinon.

2a. Tan kawarṇêng awan prāpting Bobot-Sāri ndan sira twan mantrī anêng sor i grodhâgung [3]) kweh i marĕk supĕnuh tan kantun sirâdhipati kañcit prāpta ken apat' ing Tatar matur duh singgih manira kinen de sang nātha mangke angudhani [4]) samayanirêng kunâsungêng sang rājaputrī.

2b. Pan kaya bilala sira çrī bhūpati denirângaty-ati upamā tṛṇataru aking anglih kalahrun ing aruṇa ring katrīṇi amalar truh-truh ing Kārttika ndan sampun prāpti ning jalada mukṣa ring gagana ndatan ana kari wiçīrṇa tĕkan ing guruh angde larêng ati.

3a. Sang inaturan mangkin asuwe tan panahuri [5]) lagi rumasa-rasêng citta tan wĕruh sahuranira [6]) ndan ken [7]) tumĕnggung kalih ken dĕmang asru angucap ah piṇḍa ewuh rawat-rawat ing smu kayânglingsiri samayêng dangu den amasti pisan ujar pakanira.

3b. Yan asung ing sang putrī kasraha sira den aglis mangke depun keringa pisan yan sira tan pasung manira tan awalia malih sukha angĕmasi pati tumpur anêng tĕgal Bobot-Santun ken adhipaty asĕng smitâmuwus mārdawâris duh sampun sy ati mangkana.

4a. Tan mithya ta sira twan mantrī pan sampun paratra sira sang rājaputrī anut līnanira çrī narapati.

4b. Yan sira lagy agĕsang dūrāsambhawêngsun angowahi samayêng (ng)uni wus katur i jĕngira çrī bhūpati.

5a. Sumahur rakryan apat' ing Tatar yan tuhu mongkono lah apa kĕnêngsun manawi tan tuhu mangkana ya tângdadyakĕn jurit ndan raāden mantrī angling aris duh tuhu sojarira uwâdhipati pamatura sirêng sang nātha tan sipi denisun autang [8]) jīwa.

5b. Lalu tan sih ing Widhi angde līnanira rāden dewī tuhu liwat kamaganira sang aulun nging [9]) mangke sakweh ing rāja-peni punang lĕwih katur ing sira [10]) sang nātha kang utusan mamisinggih tumuly amit tan kawarṇêng ĕnu wus matur ing sira çrī narendra.

6a. Saujarira rāden mantrī kalawan sirâdhipati sang inaturan smu mangu mĕnggah akĕcap tan aris.

6b. Lagi karasĕng citta nirdon denira lungângajawi [11]) ri luput sang putrī ketung duh tuhw amagakĕn kāpti.

7a. Tan-dwâna cāradūta [12]) matur sampun kaparcayêng lagi yan twan Harṣa-Wijaya olih sang rājaputry anawan saking Kadiri nĕnggeh ginupta winawa awan angidul wus pangetan [12a]) ring Trīṇi-Panti sang inaturan muntab krodha ning ati kātarêng sĕng-sĕng ning driya.

7b. Dady angling pragalbhâsmu rĕngu ih tuhu liñok kapo kang wong Maja-Langu wismṛti adwa ring samaya tan atutur ulah ing kṣatriya milw ing duṣkṛtagati yan sampun labdha ring kawīryan tan anolih sapangucap ing para mangke glis linurug tang Wilwa-Tikta [13]).

8a. Rakryan apatih matur aris awot santun atut sājñā pāduka nṛpati nging [14]) yan mangke kawlas de ning wĕngi.

8b. Kalawan malih kaya tan asthiting laku yan tĕkângluruga nṛpati mĕne eñjang lah tôpekṣānĕn [15]) malih.

9a. Ken tumĕnggung angucap asru lan ken dĕmung singgih atut ĕmbeñjing parĕng [16]) mangkat punang sañjatêng Tatar pāduka çrī nṛpati kandĕg ing Bubat patik bhrā maring [17]) dalĕm kiwâmalakw ing sang [18]) rājaputrī yan tan pasung rĕmĕkĕn pisan den ĕnti tinunwan [19]) tang Wilwa-Tikta.

9b. Sang para mantry asahur [20]) manuk asanggup samâtoh urip erang yan tan panggawa putrī mantuk ing Tatar sukhângĕmasi pati çrī naranātha ĕnty harṣanira angrungu sanggup ing sang para mantrya sakweh ing bala wus samâtiyang ndan kawuwusa twan Harṣa-Wijaya.

10a. Wus mantuk maring Maja-Pahit lan sira kryan adhipating Madhurângiring ndan kocapa twan dewī Puṣpawatī.

10b. Sampun angrungu wĕrttā yan twan Harṣa-Wijaya wus pralabdha jayêng ari [21]) yan wus çīrṇa sanagarêng Kadiri.

11a. Yan sirâyinira kari twan dewī Puṣparaçmi nĕnggeh mangke wontĕn ing dalan tanpêngan sukha ning twasira angrungu kadi tad'-hârṣa kawlas-sih tībrânangis ring dalu palwang [21a]) ning çaçīh pañcadaçī tan pawang mātrā anĕmu ng indu dadi [22]) kalurwan çaçângka pūrṇa.

11b. Karasêng twas tan sipi utangira çayâtindih ring sira twan Harṣa-Wijaya wyakti tan pisan pingrwa denira asung urip kātarêng lindi ning driya asĕng smitângucap kadi atruh madhu gĕndis ring sang putrī ing Malayu lah ta yayi mĕtu maring wijil pisan.

12a. Nĕnggeh sirâkanira [23]) sampun jayêng ayun nging [24]) mangke iṣṭinisun yayi acadangâpidudukânêng yawi.

12b. Mesĕm twan Dara-Pĕtak asĕng smitâmuwus aduh bhāge pukulun moghâgea [25]) prāpta twan dewī Puṣparaçmi.

13a. Wontĕn rowangirâniwī [26]) angupacārêng swāmī sily'-harṣâkĕmbalan pamuktyan angling twan Dara-Jingga [27]) ih atut iku malih bhaya puput punang lara kingking linampahan nora kang kayêngsun iki awet angĕmasi pātakâpan asawat tuhu manggiha sukha.

13b. Kary angel angati-ati prāptanira bapâji sapa kang çuddhy anĕkakĕna kāpti ning kawlas-hyun tanpôrat' hîna karaçmin [28]) ndan iñanira twan Puṣpawatī sumahur duh eman po si punang pinrih pan sira swastha kary agĕsang ĕmben i matur ing sirâkanira.

14a. Masa tan āpti anĕkakĕna çrī narendra kaya tan pahe sadidik [29]) Malayu kalawan ing Singhasāri.

14b. Samâsukhâguyon-guyon tumuli mĕtu prāpting wijil pisan tan asari tiningkah punang pasĕlang açrī.

15a. Tumuli mangke prāpti sira dewī Puṣparaçmi ingiring de ning rawongira pada asmu balut pan uryan ing (ng)uny anangis pinapag dera twan Puṣpawatī tinangisan tur pinĕkul-pĕkul aduh rari lwir inugrahan jīwa mangke iṣṭinisun ri prāptanira.

15b. Kidĕp sinrĕng winidhi denira çrī pramiçwarī anut ri līnanira rāden dewī ratna Kesara mukṣa twasisun lwir tan pajīwa duk wahw angrungu uni ndan sang tinangisan angucap sĕrĕt ning swaranira kaslĕk de ning luh taha mangkana [30]) çrī nṛpaduhitā.

16a. Pan liwat denira angadamakĕn engsun kalawan sira rāden dewī yayâsanak tuhu denira asih.

16b. Duk līnanirêng kuna manirâpti tumuta anging ndatan sinung dera twan Galuh mwang sira pāduka çorī.

17a. Twan Dara-Jinggâlon amuwus duh tuhu strī nareçwarī sudharmânulus kaya norâna wong mangkanâmeta sasor ing langit bhayôtpĕtti ning hyang Umā-Çruti sira sang hyang-hyang ing kasatyan aminḍêng bhūmi makatirw eng ratna wadhū patibratâhyun tan waluyêng rat.

17b. Ndan twan Dara-Pĕtak sumahur atut yan çrī pramiçwarī kang kaya iku pan wus wruh ing rasâdhyātmika sipi wlasisun malih ing sira dewī ratna Kesari denira antyanta wilis ayu lĕwih wyakti tanpa upamêng [31]) rum eman po si denirângĕmasy antaka.

18a. Twan Puṣpawatī angling aris singgih atut denira rāden Galuh angĕmasy hantu tan kalolitêng kadadin.

18b. Apan linĕwih anut līna ning yay' êndung yêku wong ayw anulus [32]) trus tĕkêng jro nāla nora kayêngsun iki.

19a. Awet angĕmasi kawlas-hyun tinilar ing yayah bibi ken Bayan asmu guyw angling aduh niṣkāraṇândika pakanira puniki paran si sukha ning angĕmasy antaka sumbaly angde rĕs ing ati atĕmah

durgandha awuk sipi lĕwih sukha ning wong kary agĕsang.

19b. Aĕntyan-ĕntyan raçmi among raras ing jro paturon ahyas anandang sarwa-lĕwih anamtamindriya sama gumuyu sakweh ing angrungu [33]) ndan raāden mantrī sampun prāpta ring Wilwa-Tikta meh tunggang adri kandĕg sirêng pangastryan ĕb ning kapiwadhū añjrah asinwam.

20a. Pinarĕk ing kadehan ndatan kari sira adhipating Madhura kang bala tan pĕgat adulur-dulur [34]) prāpti.

20b. Sama anggawa tawan talyan kang tinutur-tutur solah ing aprang (ng)uni durung yan mangkana rame ning jurit.

21a. Nda[34a]) lingira twan mantrī ring sira kryan adhipati ĕmbeñjang karĕpisun uwa aweha punang tawan sakweh ing rāja-peni ratna kanakâsing mūlya kasraha ring sira sang ratw ing Tatar ken adhipati umatur sahâwot santun singgih andika hyang pakanira.

21b. Bĕcik kinen angaturi [35]) datĕng eng [36]) Maja-Pahit atĕtĕmu lan pakanira cihna ning sih apriya ken rangga Wĕnang awot sāri matur singgih manira mahw angrungu yan sang nāthêng Tatar antyanta runtik dinalih pakanira tan asthitîng laku mithyêng samaya.

22a. Nĕnggeh ĕmbeñjing marêriki saha sañjatânolekĕn pukulun ri jĕng pakanira yan olih rājaputrī.

22b. Puniku kang tinĕda yan pakanira tan pasung kaarĕpipun angrĕmĕkkĕn pisan nagarêng Maja-Pahit.

23a. Sang inaturan smu runtik kātarêng sĕng ing liringira kadi atungtung mirah amuwuhi bagus aduh kāmakara sang ratw ing Tatar tan wĕruh ing laku jāti pan samayanisun kuna aweh ing sang rājaputrī ing Mĕmĕnang [37]) mangke si wus angĕmasi paratra.

23b. Yan twan dewī Puṣparaçmi pinalakunya malih angapa denisun asung apan mūlâpapacangan ing kuna sangkan alit duk anêng nagarêng Singhasāri yan [38]) iku sinrĕng pinalampah kaya sukhêngsun angĕmasi antaka sapadi mangke apasaha muwah.

24a. Kadehanira prasama sukha angrungu ndan ken rangga sumahur atut pukulun sājñā pakanira singgih.

24b. Kaya dudu wong menak yan asungêng pipiṇḍanira pinalaku de nikang [39]) wong Tatar katon ajrih eng wiṣṭi.

25a. Nirdon denira nguni kasub yan prawīrânom apĕkik ndan ken Sora lan ken Nambi angucap asru aduh pangeran sampun wañcak darya pira si kadigjayan ing wong Tatar nĕda manira mangkyângrĕ-mĕka marêng kuṭanipun doṣanya niṣṭhura tan tut ing çāsana.

25b. Ndan sira kryan adhipati asĕng smitângling aris duh sampun kaki kataragal ĕmbeñjang lamun prāpta wong Tatar marêriki yan

amalakw ing sang rājaputrī winodhanan pan dudu sira twan Puṣparaçmi kang sinamayêng kuna yan tan aidĕp kĕdw amakṣakĕna.

26a. Nda(h) atur jahloka pakṣânĕkani puhun angantîng guhānipun kaya tan ewuha de ning angdani jurit.

26b. Den esuk mĕnyâtiyang sañjata ndan agĕlar anêng pasar agung tĕkêng catuṣpatha lulurung den-pĕpĕki.

27a. Yan wus katĕngĕr tan yukti wĕtwani [40]) saking kanan kiri rĕbutĕn aywa gigisin saparannyâtut pan masa mĕnang [41]) ing jurit ĕnti sukhanira rāden mantrī angrungu sakadehanira samâmisinggih sore wus aluwaran sakweh ing bala [41]) sama atiyang [41]).

27b. Ndan sira rāden mantrī sampun prāpting jro kapanggih sang para putrī sama alunggw' ing patiga ning turângganā amayung asĕhĕn sĕkar rinubung ing puṣpaliṭ asmu kagyat prasama tumurun aris asĕng smitânungsung ing liring amanis sang prāpta harṣa tumingal.

28a. Sawacanâris kadi atruh madhu juruh aduh kadi kapihanan manira dewa anon catur dewati [41a]).

28b. Bhaya liwat [42]) sihira pangeran ātmajīwa alaki erisun don ing sinanggrahêng papalyan ing ajurit.

29a. Duh lagi anom sira masku wĕruh ing warawidhi saparikrama ning pasĕlang kalinganipun twan tan pasung sira rari mas mirah yan isun angĕmasanêng payuddhan sipi gunge utangisun malih yadyan pingsaptâñjanma tan-sah angatpadêng [43]) sirâtmajīwa [44]).

29b. Mesĕm sang para putrī lingira twan Puṣpawatī aduh niṣkāraṇa kang pinūji apan tan tuhu biṣêng prayogêngsun iki wet ning autang sih katalyan ing kung lulut don ing mūḍha kumawruh lah si malih sawĕtuanipun tan atut ing krama ning widhiwidhāna.

30a. Gumuyu sira rāden mantrī tur andulu ri sang putring Malayu ih awĕnĕs dahat kapo sang ayu iki.

30b. Bhayâkagungan tṛṣṇā po si sirâtmajīwa alaki erisun kataha yan manirângĕmasanêng jurit.

31a. Liwat denirâwĕdi apisah lan isun rari malih katawan ing Mĕmĕnang [45]) tuhu strī patibrata adamêng kakung tan pamalya' lulut malah amĕnĕsi mesĕm twan dewī Dara-Pĕtak adoh si isun [45a]) ingaten patibrata sawyakti wĕdya katawana muwah.

31b. Twan Dara-Jinggâlon amuwus kongang rika malih singgahana tang lara wirang yan sampun sipat i hyang ĕnty harṣanira rāden mantry angrungu nĕhĕr angling aris ring sira raāden dewī Puṣparaçmi mawy alĕsu sirâtmajīwa lah ta lumaris maring dalĕm pisan.

32a. Pagĕdongan sirângatĕr ing rāden Galuh maring salu kilyan anêng weçma lalangwan alĕt bata sakĕlir.

32b. Lan sira dewī Puṣpawatī lastarya sirângaturi tadah lawan tigasan mwang anggyan-anggyan sarwa-lĕwih.

33a. Ring yaça mūrdhamaṇi(k) kinusa(h) ing ranu binot-rawi asamīpa paparwatin prĕnahira [46]) rādyan pinajang-pajangan den açrī pun Pagĕdongan anĕmbah tur lumampah ring arĕpira twan dewī ndan raāden mantrī kantun anêng wijil pisan wus munggw eng pasĕlang.

33b. Tan-sah raāden dewī katiga anglalayani angupacāra saparikrama ning piniduduk umwang ung ning ghaṇṭā-ghaṇṭi awor lan panghrĕng ing weda stuti [46a]) alangu tang gĕnding muni angarangi tuhu lwir rahina kweh ing pajyut tang pandam agung pating kĕrĕdap.

34a. Tangeh yan warṇanĕn solahira pinasĕlang dawuh rwâwusan tumuli sirânadah lan sang putrī katrīṇi.

34b. Kaka-kakanira twan dewī prasama anglalawani mambĕt sasolahipun araras samânandang kuning.

35a. Adulur ken Bayan Sanggit anampa jawadah tuhw açrī ken Pasiran lan ken Panguněngan samânampa drawiṇa munggw ing tadahan hīra kinapakĕn mas ādi rame denira adrawiṇa tur sarwi anutur-nutur reh ing ayuddha nguni sipi marma sang winarah.

35b. Ndan ken rangga Wĕnang rame anadah anêng yawi kalawan sanakipun sārah drawiṇa lumintu tan pĕgat punang lalasti swara ning tabĕh-tabĕhannyâtri gumuruh ndan sira sang abagus sampun awusan ingalapan prasamâñarik parĕkan mwang kaka-kaka.

36a. Sang lwir Smāra asĕng smitângling asmu kawurwan lwir atruh-truh madhu gĕndis lah tâmpunana manira dyah ari.

36b. Yan çrĕddhā(h)anirêngsun amit ing salu kilyan anapa sang wahu prāpti asung rika sira masisun rari.

37a. Mĕnĕng sang para putrī asuwe tan panahuri sang lwir Smara gumuyu tinut ing manis ing dulu saha wacanâmlad ati mas mirah yan tan pasunga masêngsun wiwala lah sahuranêngsun rari sang putrī Malayu mesĕm anahuri duh masa tuhwa mangkana.

37b. Dūra n tang ṣaṭpadâpti wurungãñumbitêng sāri sĕdĕng amĕdar sugandha mar mrik kawwad ing anila atur mangkana singgih reh ing kakung masa kongang winidhi de ning dyah sakarĕpira uga sang liningan sukha angrungu sang dyah lagi [47]) ginanti ingaras-aras.

38a. Nĕhĕr lumaris sang lwir Smara maring lalangwan ndan sira twan Puṣparaçmi wontĕn ing pagandhan dereng aguling.

38b. Wahu mĕntas asiram sampun ginandha mrik mar sang lwir Smara prāpta sarwi angidung (ng)lunglung smara anyuh ati.

39a. Waça-waça tĕka amĕkul pakenan angaras aris sang dyah mĕsah mingyânampik hastâsmu rĕngu tinut ing nādânrang gĕndis lah

tâgulinga mangke dyah ari alĕsu sira ātmajīwa tumulingĕmban sang dyah munggah [48]) maring jinĕm minging sampun winasuhan pāda.

39b. Wus sumaput tang samir sang dyah tan-s' êng kisapwan riningring mingsĕr mingkus saha tangis winahaṇ wacanârum anrang madhu mili sakîng rĕngka ning acala gĕndis lah ta sanmataněn manira dewa tĕwaskw ing (ng)uny atoh jīwângrĕbut eng jurit amrih i rumtâtmajīwa.

40a. Upamākĕna manira dewa tahĕn ragas tangguli wangwa rūkṣânglih aluru yaya amuhara [49]) pati.

40b. Liwat tan sih ing sadāgati kang nityângdohakĕn [50]) jaladi [51]) mĕndung angde trang ning aruṇa ri māsêng katrīṇi.

41a. Ndan atur mangkana sang arum duk anêng Kadiri winuni de ning çatru tan wang mātrā yan kapanggiha muwah sira dyah ari mas mirah yan tan sih ing hyang [52]) angdadak ṛtu tan māsêng Kārttikânurwani rarab ing jalada mĕndung amadĕmi sūryâtur ari winaça.

41b. Mangke depun tumulus sihira dewâmṛta ning [52a]) agring kokalan smara amrati tur sarwi angaras-aras amungah-mangih hastanirângraweyângukih padu ning siñjang sang dyah smu maras anampik lungayan asarânggramus [53]) anganini jaja tan mari añakar.

42a. Duh sampun mangkana sira dewa tan lyan makalung ing unang lulutkw asĕwĕ turida smarâpang rāga kingking.

42b. Aron karaçmin harṣa winilĕt de ning kawlas-hyun asañcaya sāri mrik rāga kung akusa-kusêng [53a]) jinĕm mrik.

43a. Mangke pinalar phalanipun çrĕddhānta maskw ari amūrṇani lara kung awor sily'-harṣêng jro çayana aĕntyan-ĕntyan raçmin sarwy anglambang aris Arjunawijaya anyuh ati duk Bhimanyu nguni atĕmw ing Wirāṭa lawan dyah Uttarī sārah rum pamriyambada [54]).

43b. Sang dyah tan poly' atangkis ajur ing wacanâmanis nirdon tīkṣṇa ning kuku linali-lali ring upāya sampun kolur padu ning tapih sang amalat [55]) smara mangkin rāga-rāgan angaras madhyânungkĕmnungkĕmi jaja sarwy anggulingakĕn aris sang dyah tan polih atulak.

44a. Malah tan paswara denirânangis mingsĕr mĕsah andoh akiput sang amalat kung tan dharaṇângrĕti [56]) kāpti.

44b. Waçângrapĕti anitihy anggânĕkakĕn kahyun sang dyah angaduh añjrit ri tĕmpuh ing astra smarânganini.

45a. Drĕs ning çwaṇita mijil angrawaya malah angraktani siñjang sang dyah mūrcchā kapati ndan sang amalat smara gipy' angluwari sarimang smu maras lagy anungkĕmī wadana duh sampun mangke alalis sira ātmajīwanisun lah tânglilir tolihĕn manira dewa.

45b. Srĕt ning swara amanis pĕgat-pĕgat kaslĕk de ning tangis lĕhirângrawayan mily alantaran ing wĕhang aniram sang kapati mâtrâ-mâtrânglilir pinapag ing nâdârum amanis duh dewa sang hyang ing arṇawa madhu depun age udhani lah ta cakarĕn manira.

46a. Doṣanyâtur lara kapati tur sinambut sang dyah mĕnggah angayuh tapih sang lwir Smarâ 'rṣângidung raras ati.

46b. Sinĕlan-sĕlan lambang dadakan jaya-jaya ning amarang lulut sarwi asung gantyan lah ta kinangĕn rari.

47a. Pan makajampyan ing alĕsu sang dyah minge angrĕngoni lagi anampik wĕhang mesĕm sang kadi Smara harṣânarimêng lati sarwy angaras aris amati-maty angajum wra [57]) ning çirasija sumar mrik tumuli tumurun acota [58]) sang dyah ingĕmban winawêng pagandhan.

47b. Sirêña prâptâtur [59]) wârih ndan sira râden dewî dinyus tan-s' êng kisyapum twan mantrî sampunirâsiram ken Bayan lan ken Sanggit anampa tigasan siñjang giringsing kawung lan wastra canglwi kukus ken Pasiran lawan ken Panguněngan atur gandha munggw ing cucupu hema.

48a. Sampunira ginandha minging samâsalin kampuh paparĕmpwan angrawit twan Galuh ingĕmban marêng jinĕm mrik.

48b. Sampun atangkĕb punaṇg samir sang lwir kadarpa tan mari angarih-arih lah tâgulinga jîwanisun rari.

49a. Alĕsu sira singgih tur ginulingakĕn râden dewî pinĕkul akaron rapi sarwi angidung ratna pangkajâswara [60]) amanis arum sinamening curing mwang kĕtur muny angarangin tan-dwa lĕlĕp kalih kadi tan ing rat denirâguling sotan ing wahu sily'-harṣa.

49b. Malah tumiba ng ghaṭita sapta kĕsĕh ning anilâris sumirir amwat gandha ning sarwapuṣpârum bhrahmaranyômung angringring sĕkar ing kamuning mandra-mandra tang guruh umuni du kilyan airit lwir angatag prâpta nikang payonidhi lumra [61]) saha riris sumar.

50a. Sata wanâñjrit umuni ng tangguli kĕtur sinamening kokila-nyânununuhu munggw ing puṣpa ning wṛgotpatti [61a]).

50b. Lwir kady anangi sang aguling mraknyâñawuwwang anêng dewandâru muni apayunan sinrang [62]) de ning saragi [63]).

51a. Atur majar prâpta ning rahina ndan sang aguling kalih sampun awungu tumuli mara ing pagandhan mĕntas asiram sampun ginandha sumar mrik ahyas asasaman wastrâpangaras jingga sang dyah asiñjang paṭawala dadu kĕmĕr-kĕnditira tiningkah bot sabrang.

51b. Apinggĕl kaṇa winod agung anguwah karṇa asumping gandhawâsa binahud angris jinĕbad mrik mar sang lwir Smara 'nti

harṣanirândulu aris sinambut lungayan [64]) ing dyah amayang-mayang lus ning jariji nĕhĕr inganggyakĕn ali-ali tan wanuh angaras-aras.

52a. Ndan sakweh ing kadehanira sampun atiyang sasañjata pĕnuh ginlar ing nagarâpan wus winĕkas uni.

52b. Kang wong sinĕlir lan wong jayasāri rajasa anêng pangastryan tĕkêng wanguntur prayatna samângragah wiṣṭi.

53a. Ndan sira kryan adhipating [65]) Madhurâmĕmĕkas ing bala mĕne yan sampun prāpta punang sañjatêng Tatar aywâge angruhuni yan wus katĕngĕr durçīlagating apakrama rĕbutĕn aja gigisin ĕntyakĕna tĕkêng ratunipun prasamânuhu sakweh ing bala.

53b. Ucapĕn çrī nṛpating Tatar sampun mangkat eñjing lagi araryan sirêng Bubat ken patih ingutus lan sira tumĕnggung lawan ken dĕmang [66]) mwang sang parâdhimantrī maring Maja-Pahit anĕda sang rājaputrī aglis lakunipun saha surak gumuruh lwir amuk rampak.

[67])

55b. Meh sampun prāptîng Maja-Langu ndan sira twan mantrī asmu kagyat angrungu surak tur angucap ing sira twan dewī Puṣparaçmi duh dewa puniki [68]) bhaya wong Tatar rawuh amalakw ing sira dyah ari yan isun tan pasunga tuhan tan-wun rinĕmĕk punang Wilwa-Tikta.

56a. Apan dinalih tawan sira rari antuknyâprang sakîng nagarêng Kadiri duh awĕdisun tan pasung iki.

56b. Agĕlĕm rika sira ātmajīwanisun yan alaki muwah lawan sang ratw ing Tatar sang dyah mingyângrĕngoni.

57a. Asmu wāspângling aris aduh yan sira tan çuddhi ri wong pāpa kawlas-hyun lah mangkêngsun wangsulakĕna maring bhūmi Kadiri sukha tumuturêng sira twan ratna Kesara sapadi winehakĕna malih ring sang ratw ing Tan-Jawa sang lwir Smara mesĕm sarwi angaras.

57b. Saha wacanâmanis aduh jīwanisun sang anom dūra yan ati mangkana po si manira dewâpapacuhan mangkin harṣânduduhung ri sang lwir hyang Ratih kāmakara dera tĕka bĕndu lah tâmpunana rĕko isun mirah doṣanipun atur lara turida [69]).

58a. Asih tĕmĕn kapo dyah ari alaki erisun kadi pira tanpa guṇêng [70]) ayun pun Harṣa-Wijaya iki.

58b. Yan apasahêng sira malih sukhângĕmasana pati yadyastun pingsapta añjanma [71]) tan-sah amahi raçmin.

59a. Mangkêngsun amit mijil manawi kawlĕk prāpta ning wong

Tatar lah ta sangonana sĕpah manira dewa sang dyah anginang tan asari nĕhĕr [72]) tinarimêng lati angaras-aras tumuli mĕtu prāpting bacingah pĕpĕk rawongira kapanggih sampun atiyang sañjata.

59b. Ndan wong Tatar sampun prāpting nagarêng Maja-Pahit saha surak gumuruh jumujug [73]) maring wanguntur solahe tanpa pakering pragalbha sahâçabda ih wong Maja-Langu adwa ring samaya tan pisan pingrwa demu mithyêng wuwus angateni sang putring Daha paratra.

60a. Lah mangkyâturĕna den aglis sang rājaputrya ri jĕng sang aulun lamun tan pasung ngong rugĕn nagara iki.

60b. Wong Maja-Pahit angrĕt brahmâtyânging [74]) ketung wĕwĕkasira adhipati sumahur kakehan ujarmu ari.

61a. Lah tĕkakĕn sasinādhyamu wong Tatar srĕngĕn tumuli amrang-mrang tang wañcak suji cinarangcang kawat runtik wong Maja-Raçmi çīghrâmagut saking kanan keri saha surak tan [75]) paparungwan rinĕbut punang [76]) wong Tatar anêng mārgâgung saking lulurung mwang catuṣpatha.

61b. Akeh punang angĕmasi mangkin angiwung tan gigisin anrĕng angamuk pakṣângungsi jro ning pangastryan [77]) ndan punang bala sĕlir mwang kadehanira rāden mantrī akukuh manggĕh ndatan giwang ken Nambi lawan ken Sora tuhu prakāçêng jurit lwir Kālântakângi-ndarat.

62a. Ndan muwah pun Gajah-Pagon lawan ken Lĕmbu rinĕbut de ning çatru pinrang sinuduk lwir açma katampon wārih.

62b. Tuhw alwat ndatan gindal mwang sakadehanira twan mantrī lumurug parĕng anĕmpuh bubar wong Tatar kweh mati.

63a. Rame ning prang awor aridu kang surak awanti-wanti sakweh ing punang pawestrī anêng jro nagara sama kagĕman angrungu surak mwang grĕbĕg ing ajurit lwir bubula kang mahītala hetunyâgarawalan angĕmban suta putw atri angaduh asambat rena.

63b. Sawaneh āpty angili tan wruh paranan ingungsi lyan malayu kalukaran tapih lagi atukup tan wr' ing irang wet ning ajrih anânguyuh asring adrewesan anêng tur aneka ng [78]) malayu anangis maring weçma anginĕb lawang sawet ning tan wruh dadalan ing lunga [79]).

64a. Tangeh warṇan rih ing pawestrī ndan kang wong Tatar sampun çīrṇa angĕmasi kweh ing çawa angibĕki nagarī.

64b. Çeṣa ning paratra malayu tan wr' ing tĕmpuh lingira sang abagus lah ta tutĕn pisan bhraṣṭakĕnâja kari.

65a. Ken rangga Wĕnang tumuly anut kalawan ken Nambi parĕng lan sanakipun tĕka ring Bubat kinĕpung çīrṇa tĕkêng çrī bhūpati

paratra kidul ing dharma ri ĕb ning puṣkara çeṣa ning pĕjah malakw ingurip anungkul sukha wong Maja-Pahit arĕbut mangkyâñjajarah.

65b. Wus mundur prāpta ring nagantun marĕk ing twan mantrī matur yan wus pĕjah sang nātha balanira wus tĕlas sukha raāden mantrī lingirângucap uwâdhipati sirâkon ambhasmia laywan nṛpati mwang tang mantrī ādi rakryan adhipati Madhura asahur sĕmbah.

66a. Sampun kinen mangke ambhasmi laywan sang parâdhimantrī pinupul lan para kṣatriya makādi çrī bhūpati.

66b. Muwah çawa ning bala kang wontĕn ing kuṭa wus kinen amumundut [80]) binwang ing pañcaka çighra tan ana kari.

67a. Ndan sira kryan adhipati umatur sahâwot sinom atut yan sinangaskāra tawurĕn [80a]) tang nagarâpan linabwan [81]) ing werī pādukanira mpu Çāntasmṛti pukulun kinen umiñjĕma mara ing ukir Hemagiri depun age prāpti ring nagarêng Wilwa-Tikta.

67b. Nging [82]) ta hyun manira malih ambhiṣeka pakanira dewângadĕg ratu siniwī ring Maja-Langu pan kajar ing purāṇa itihāsa çuṣka punang jagat tĕmah lahru yan tan ing kṣatriyakulâdi bhiniṣekângadĕg ratu sang inaturan mesĕm nĕhĕr [83]) angucap.

68a. Duh yan mangkana kayâmirangakĕnêngsun [84]) pan hīnaguṇa tuhu tan wr' ing çāstrāgama sakrama ning nāthâdi.

68b. Dūra n kang kayêngsun an(g)dani [85]) sukṛta ning rat sumbaly atĕmah duṣkṛtigata [86]) rasa pahil akweh [87]) papati.

69a. Pun Gajah-Pagon gumuyw asru wus wruh manira mangko kahyun pakanira dewa dudu reh ing tan wruh pan prāgiwāka wijñêng çāstrawit mawi tan kĕnênrĕtan punang kahyun pracacah ing kung rambang kāpti pan reh ing andiri prabhu çuddhâsthiti tan anut ing ambĕk mendra.

69b. Rawongira sama gumuyu mesĕm sang apĕkik sapa mangke kang kinon lunga [88]) ken ranggâwot santun matur atut yan pun Nambi kang inutus kalih lawan pun Kĕbo-Bungalan pun Kĕbwânabrang katrīṇi angaturana sira mpu Çāntasmṛti den eñjing-eñjing umangkat.

70a. Manggut sira raāden mantrī awan sampun [89]) prāpti tadah adulur kang amumundut ramyânadah sirêng yawi.

70b. Umwang swara ning tabĕh-tabĕhan angalun-alun saha surak gumĕr gumĕntus sotan ing sang wus labdhêng jurit.

71a. Malah sore denirânginum awusan tumuli prasama mantuk kang kadehan sang kadi Manobhawa prāptîng wijil pisan kapanggih sang para putry anêng maṇḍapa kidul sama tumurun asmu gipih duk prāpta twan mantrī asĕng smita lingira lah tâlinggiha uga.

71b. Ih awĕnĕs dahat sira tuhan bhaya kagĕman uni[90]) denirâ-ngrungu surak ken Bayan umatur[91]) tuhu tan wr' ing reh ing (ng)uni sirâyi pakanira kayâtĕmah[92]) luluh eling duk anêng Singhasâri lĕwih sirêña mar epuh lagy anangis aken anginĕba lawang.

72a. Sirêña mesĕm anahuri singgih[93]) manira ingucap kayêki lĕwih ken Pasiran wĕdine tan sinipi.

72b. Lawan pun Pagĕdongan tan kĕna lumaku asring mĕhah kapuyuh anĕlĕs basahan gumuyu sang apĕkik.

73a. Sama sukha wong jro purī rame derâguyon-guyon malah wĕngi prāpta ng tadah açrī tumuly anadah sira raāden mantrī akĕmbalan lan sang para putrī wus ing anadah ingalapan kang pañjak sampun samâñarik ndan sang para putrī sampun mantuk ing pamrĕman.

73b. Sira raāden mantrī mangkyâguling ing twan Puṣpawatī tan kawarṇa polahira among karasikan aĕntyan-ĕntyan rum ning sarimang tangeh ucapĕn malih denisun solahira raāden mantrī brayan dina among lulut ndatan warsih amahi[94]) raras eng tilam.

74a. Ndan sakweh ing sang para putrī lĕwih denira sumewita ing twan mantrī anut krama asthity aambĕk jāti.

74b. Pan patibrata ginogon[94a]) tur liwat denira mangkyâsih amaru ndatan ana īrṣyâwor harṣa silih-iring.

75a. De ning bisa ning twan mantrī among karṣa ning dyah iniring tama[94b]) ring çāstra kumārâji jaya uwus marma ning sang para putrī samy atutur sthiti ndan sakweh ing wong jro pura ĕnti harṣanipun baryan dinâhyas lagy agamĕl angidung asiwo-siwo[95]) apasang ṇita.

75b. Tangeh warṇanĕn raras ing sanagara pintĕn lawas ing yuddha sacandra madheçaçīh ndan kawuwusan ken Nambi lawan pun Kĕbwânabrang katrīṇi lawan pun Kĕbo-Bungalan prāpti saking Himagiri umiringakĕn[96]) sira mpu Çāntasmṛti[97]) eñjang prāptêng Wilwa-Tikta.

76a. Ĕnty harṣanira rāden mantrī ndan sira mpu Çāntasmṛti[97]) sampun lumaris ing lalangwan mwang para çikṣângiring[98]).

76b. Tan kantun sira wangbang Widyājñānândulur sampun prāptîng lalangwan tuhw alangu ingupacārêng sarwasāri.

77a. Ndan sira raāden mantrī agyânungsung atur toya nirmala pādyārghācamani woyêng kumbha ratna adulur sĕdah anêng kajang mrak sang para rājaputrī adulur ing[99]) arĕpira raādyan atur tigasan winadah[100]) nanampan rukmi ingulĕsan lungsir pĕtak.

77b. Prāpta[101]) sira tuhan mantrī gorawâ 'rṣa umĕndĕk aris sahâwot santun matur aris duh pukulun bhāgea datĕng pāduka sang

dwija mara eng Maja-Pahit lawan para çikṣā kang andulur tan-sah malih sira wangbang Widyājñānângiring tumutur i sang munīndra.

78a. Ndan atur katurunan bhaṭṭāra Pramaçiwa ingiring de ning siddharṣi nging [102]) ndatan-sah hyang Kumāra kinanti.

78b. Kalawan malih pangrasa ning twas raputu pādukanira sang māyati duk durung prāpta maring [103]) Maja-Raçmi.

79a. Ndan [104]) atur tanpa rawi pĕtĕng tang rasa ning ati mangke ri datĕng sang mādwija dadi maĕly apadang çumīrṇakĕn sadurbhikṣa ning rat çuṣka wighna çīrṇâtĕmah landuh punang phalabhogâpan de ning kamahātmyan ing pāduka sang māmuni asung tīrtha warāmṛta.

79b. Ĕnty harṣa ning sang māyati anon sasolahira mantrī manis alĕmbut aririh widyā wicakṣaṇa anwam prathamêng gurit suçīla dady asĕng smita aris sumahur duh sampun mangkana tuhan pan sira tan lyan baryan dinêngsun iniṣṭi makachattra ning bhuwana.

80a. Adawa kathākĕna sojarira ĕmpu Çāntasmṛti lawan sira sang abagus ndan sira sang para putrī.

80b. Sampun sira sama alinggih riringanera twan mantrī ndan sakweh ing atur-atur sampun tinanggapan uni.

81a. Ndan sirêña abibisik ring ken Bayan kayângapêki denirândulu prabhā ning nagara embuh ri prāptanira mpu Çāntasmṛti tuhu kapo ling ing aji ring ratu tan dadi yan pasahkĕna kalawan sang brāhmaṇa suçīla sujāti makapatīrthan ing sarat.

81b. Ken Bayan anahuri atut ujarira mongkono nging [105]) mangke denisun amatani ring sira wangbang Widyājñāna anom apĕkik pantĕs yan prathamêng aji katĕngĕr ing mṛdu ning netra tan gingsir yan tumingal ing dyah ayu tuhw asthiti rare bhāṣājâmbĕk wṛddha.

82a. Duh tuhu malih eman po si yan sira mantuk ing [106]) wukir pantĕs yan umunggw ing [107]) nagara kantinĕn de twan mantrī.

82b. Ndan sira adhipaty asĕng smita umatur sâwot sāri ri jĕng sang mahābhikṣu duh bhāgea datĕng maharṣi.

83a. Lwir tan kapanggiha malih unya duk wahu sah saka ring nagarêng Singhasĕkar nging [108]) mangke pangrasêng twas ri prāpta sang māmuni pintĕn bhayêng (ng)uni yajñakārya winangun asthity abhaktîng kawîndra don ing sih mahāmpu datĕng eng Maja-Pahit swecchâsunga tīrthâmṛta.

83b. Mangke kahyun manĕhta rampu ambhiṣeka potrakanirêki pukulun sumilih angadĕg ratu siwīnĕn de ning wong sayawadwīpa mwang kadehanira sinangaskāran kabeh sinung lungguh [109]) adhi-

mantrī mwang tang mañcanagara sakrama ning prabhu maharddhikêng rat.

84a. Enty harṣanira sang mahādwija angrungu sature punang adhipati ring Madhura atut nurāgêng aji.

84b. Lah iya ujarira anging[110]) mben ikâpañjang punang diwasâyu[111]) ri pūrṇêng Kārttikamāsa iku abĕcik.

85a. Awan sampun samâmit mantuk tan koninga dina rātrī sira sang mahādwija sari-sary engaturan tadah drawiṇa[112]) çuci tan kurang lĕwih pamumūlenira raādyan katĕkêng çikṣānira makādi sira wangbang liwat denirâsih pinūji sasolahira.

85b. Tan-dwa prāpta pañcadaçī çuklêng kacatur ndan sirâdhipati eñjang mangkyângdani pan byuhan ing kārya[113]) punang wong atrĕwuh aliwĕran jalw istrī prasama aky' âmundut sawidhiwidhāna krama ning homa ambhiṣeka prabhu ri pūrwa ning pangastryan tang pangasthūlan.

86a. Sampun sanggĕpan sakrama ni widhy atahur niwedya ning hyang Jananāgni[113a]) ingidĕran[114]) samāngsa matsya dadhi.

86b. Kalawan madhuparka mwang kumbha ratna māyā esi waratīrtha maĕning makapa(n)dyus-dyusanira[115]) twan mantrī[116]).

87a. Sampun srĕgĕp saana ning pali-palya tuhw açrī sopakāra ning prabhu cakrawartī[117]) kastutya ring rat kunĕng sira mpu Çāntasmṛti sampun prāpti dinulur ing para çikṣā tan kari sira wangbang ingiring denira sira kryan adhipati lan para mantring Madhura.

87b. Tan asarya lumaris sampun ingaturan sirâlinggih wontĕn ing pamarantyan lagy amarĕpakĕna Çiwopakāra sarwarukmi saking twan Ino sumaji karuhun ndan sang mahādwija wus sirânggĕlar[117a]) dehaçuddhi sanuṣṭhāna parikrama ning wanapratiṣṭha.

88a. Saudakāñjalya ring bhaṭṭāra Çiwâditya kalih lawan hyang Çiwâgni sakrandana[118]) swajāting padmasāri.

88b. Ingaturakĕn sakalwiran ikang niwedya saprakārêng caru kalih mahātṛptya swecchā bhaṭṭāra Mukhi[119]).

89a. Kryang ning ghaṇṭā angungkung marum awor lan pangrĕng[120]) ning stuti lwir bhrahmarângamung[121]) sāri gĕnĕp tang pañjaya-jaya stawanira tumuli rawuh sira rāden mantrī mwang sakweh ing sang para rājaputrya ingiring de ning kadehan wus abĕbrĕsih arjâwastra sūtra suga.

89b. Pinerĕmas angrawit sabukira sūtra putih[122]) cinitrêng hema drawa kumram anungkĕlang duhung alandeyan maṇik wārih asumping sumanasa pĕtak[123]) jinĕbad mrik mar akalpika mirah ādi kalih lawan ratnapangkaja[124]) anting-anting murub dinrawêng ĕmas.

90a. Anayana kostubha kalih lan mirah suga mahw anambut gĕlung açrī kĕkĕlingan pināça ing mas rangdi.

90b. Ndan atur ratw ing Indrabhawana [125]) anurun saha surāngganā sakîng Nandanawana suragandharwângiring.

91a. Sopacāranirâçrī umwang swara ning gong gĕnding anawang guruh ing Kārttika ramya ning unyan-unyan angrakĕt [126]) mwang angringgit carita anggupit angguntang [127]) swaranyârum men-men amacangah sumĕlang aris lagy anguttarabhāṣā ramya ning tontonan tan paligaran.

91b. Gumĕr-gumĕr ramya ning guyu de ning angijo-ijo bangkit denya añjarak randi [128]) byuh ing anininga1 punang wong sajalw-istrī prāpting Maja-Pahit kweh ing wong dusun-dusun sama kāçcaryan umulat pan tĕmbyânon kārya ambhiṣeka prabhw ādi añakrawartī ring sarat.

92a. Tangeh yan kathākĕna polah ing anininga1 ndan sira raāden mantrī sampun amūrṣita [129]) ring hyang Çiwâgni.

92b. Parĕng sirâyinira sakawan adulur angastuti hyang Giripati wus ingaturakĕn de sang dwijarṣi.

93a. Tĕlas ning amintânugraha ring hyang Pramaçiwamūrti [129a]) munggw ing padmârdhanāreçwari paramatuṣṭa asung nirwighna ning amukti dīrghāyuh santānawṛddhi antyeṣṭi sapanugraha ni sūkṣma inamĕr munggw ing jñāna nirmala sujāti sampūrṇa tang upakṣamā.

93b. Sampun ing homa ry arĕp ing sthaṇḍila wusira alinggih ring singhāsana māyā rinĕngga ring suwarṇa pinatik ing nawaratnâdi nda [130]) twan dewī Puṣpawatī kalih lawan sirâyinira [131]) twan Puṣparaçmi parĕng mangkyâlungguh lan nṛpati kapingsor twan Dara-Pĕtak.

94a. Parĕng alinggih lawan twan dewī Dara-Jingga ring palangka dantângrawit [132]) ginĕlaran de ning gringsing lung ing sih.

94b. Ken Bayan Sanggit mawa sopacārâlangu malih ken Pasiran lawan ken Panguněngan prasamânandang kuning.

95a. Ndan sang mahādwijarṣi atur tīrthâmṛta ring dyun maṇi pandyus-dyusanirêng nṛpati kalih kalawan sira pāduka çorī saha weda stuti [132a]) pañjaya-jayêng prabhu pan sampun inĕnah bhaṭṭāra inusthānakĕn [133]) ry angga çrī narapati mūrti hyang Wiṣṇwātmakêng rat.

95b. Sampun sirâbhiṣeka prabhu çrī Kṛtarājasa açrī derâsalin wilāsa mwang tang ulat marum salīlā paramārthâdi ĕnty harṣanira sirâdhipati andulu mwang kadehanira sama anĕkar (r)i jĕng sang aulun embĕh prabhānira angde sukha ning rat.

96a. Tangeh ucapakĕna mangke sampun ing kārya lĕbar sira çrī bhūpati miringakĕn sira mpu Çāntasmṛti.

96b. Saçiwopakāra rimihin çrī pramiçwarya kalih lan çrī mahādewī mwang sakweh ing wong jro pura umiring.

97a. Tan asari wus prāptĭng lalangwan mpu Çāntasmṛti lagy alungguh ring yaça mūrdha maṇi açry akalihan lawan çrī narapati sang para çikṣā kabeh wus pinrĕnah lungguh lawan sira wangbang wontĕn ing palangka ring tĕpas kidul ky adhipati lawan sakadehanira.

97b. Açrī alungguh ing babatur kawingking de çrī nṛpati asĕng smita matur aris paṣangtabyakĕna ranak sang mahāmuni yan tan atut kṣamākĕna panĕnĕda ning ratu hīnawīrya yan yogya rampu jumĕnĕngêng Maja-Langu siwīnĕn de ning wong sanagara.

98a. Ndan ky adhipati matur aris awot santun lan kadehanira nṛpati aduh dewa depun tumulus asih.

98b. Nirdon punang nagara yan tan bontĕn sang mahādwijarṣi pukulun siwīnĕn ring pura kalih çrī narapati.

99a. Asĕng smitânĕhĕr amuwus sira ĕmpu Çāntasmṛti duh anakisun bapa sang makachattra ning rat tan sipi sukha twasingsun angrungu sojarira iki nging [134]) tan sangkêng wiwal sihisun twan pan ana ling ing aji ginung yan sang yati wus angarghânêng parwata [135]).

99b. Wus aguduhâkul-putih tan dadi kaki mantun malih waluya eng nagara tur sisun sampun wṛddha lilu angamĕr [136]) ulah ing nāthânging [137]) malih yan ana çuddhianira ring arinira pun wangbang Widyājñāna kariêng pura sadenira iku isun çuçūkṣrāh.

100a. Ĕnty harṣanira çrī bhūpati mangkyângrungu liwat derâpanuju solahira wangbang Widyātmaka ring aji.

100b. Asĕng smitângling lah ta yayi wangbang Widyājña depun tumulus sihirêrisun angera ring ratu kawlas-sih.

101a. Pan pratijñānisun uni yan waluya andadi wong mantuka ring Yawadwīpa jumĕnĕnga prabhu sira rowang ing amukti sira wangbang angling aduh dewa pukulun niṣkāraṇândika nṛpati apan asthāpanirêku [138]) baryêniṣṭi [139]) sumewā ri jĕng narendra [140]).

101b. Nging [141]) depun santoṣa ring bhujangga hīnaguṇa kawlas-sih tan wruh sareh ing nagarī pan mūḍhâpunggung baryan anger [142]) ring wukir depun tumulus sihirângampunanêng tan wruh mesĕm çrī narendra [143]) mwang kadehanira sama gumuyu matur aris duh sampun mangkana dewa.

102a. Pan manira pangeran sami atya [144]) sumewā uruk-uruk ning aji malar-malar katirwanâdidik [145]).

102b. Sama sukhâguyon-guyon pan sama anut-tinut solah ing pada asih ndan sang dwija asĕng smitângling aris.

103a. Duh anakisun kaki prabhu ĕmben ika isun amit mantuk ing wanāçrama karia sira tuhan swastha langgĕng amukti ndan çrī narapati tan wruh ri sahuranira wet ning karakĕtan ing sih ndan ken adhipati matur sâwot sāri ri jĕngira sang munīndra [145]).

103b. Don ing ranak sang māyati kamitĕnggĕngĕn ndatan pangling wet ning ĕla-ĕlêng asih subhakty anuhun tan wyar rumakĕt eng ati ndan mangke çrĕddhānira swecchā amituturya ring anakira krama ning ratu wibhuh maharddhikêng rat siniwī ĕnty harṣa ning sang mādwija.

104a. Wĕkasan angling mārdawâris asmu guyu aduh niṣkāraṇa ujarira iku pan sira çrī narapati.

104b. Sampun wruh gaṇita ning aji tarka wyākaraṇa ning ala ayu wyakti tan kolug sakrama ning anāthâdi.

105a. Don ing mangkya āpty apitutur angde tĕguhan ing ājñānanirângayu sakrama ning nātha wibhuh suçīla asthitibhaktia [146]) ring hyang tan lupa eng kasy'-asih duh sampun angugungakĕna kawīryanira anamtami indriya elingakĕn samāhitanirêng rat.

105b. Kadi sakramanirêng dangu lagy anusup ing wanādri umungsir çūnya ning āçrami yan sira tuhan lolya langgĕng anamtami tamah angdani wṛddhi nikang ṣaḍripu anĕmakĕn [147]) krodha īrṣyā amati-matya yan tan anut rasêng aji tan-wun umalwi duhkhita.

106a. Ya ta waring [148]) manuṣawṛtti amanggih wīrya yan tan sthiting laku jāti aglis ilang de ning angkārêng buddhi.

106b. Yadin Sang Wus Ĕna [149]) mwang ratw ing Indrabhawana siniwī de ning dewarṣi surāpsarā yan tan çuddhêng sasmṛti.

107a. Tan-wun kalĕbw atĕmah lusuh tonĕn rika kaki mārāja Nahuṣa lan Yayāti wus siniwing surālaya pinarĕk de ning hyang Indra [150]) dadi bhangga poraka angaku yan tan ana ning hyang Madani kasutāpanirêng dangu ya tângdadi kalungsuranirêng swarga.

107b. Ya ta sira kaky anakisun wahu siniwī ring bhūmi kĕna ri jarā lara pati don ing prabhu sudharma tan hyun anut daçendriya duṣkṛti apan sira wus wĕruh krama ning wibhawa sukha wīrya mamas mamati [151]) tan tumut eng pati kary [152]) anger angantîng pura.

108a. Anging [153]) tanpa ala ayu ning çarīra kang tumut andunungakĕn punang laku amanggiha ng swarga Yamani.

108b. Don ing ulah sudharmênisṭi ndatan anut reh ing ulah durjanêng buddhi drĕmba mohâ 'rṣêng drĕwya sang sujāti.

109a. Kara ning sang siniwī tan hyun angĕt [154]) ing wong drohī [155])

sulit lobha mūrkha tur bwat wīci [156]) lulya ring swakāryanira çrī narapati mwang hīnaguṇa niṣṭhâwĕdi-wĕdy eng [157]) ayun yêka wwang nīca kaçmala wĕkas ing pāpa yan kaparĕk eng nṛpati milwa kaawêng kaçmala.

109b. Kang yogya mangke kinanti denira çrī bhūpati wong tuhu surūpa janmâdi [158]) tur prāgiwā wicakṣaṇa subuddhy aririh tamêng [158a]) laku asih tan cĕngkar ing sama-samêng wwang sumewita mwang tan bhīta ri tīkṣṇâtis ning swakārya çūra dhīrânulus prawīrêng raṇa.

110a. Ya iku kaki sĕdĕng yan jinungjung [159]) lungguh winehan dĕmakipun lawan pupūrṇamān denira çrī nṛpati.

110b. Donnyângde wiçīrṇa ning ari tĕlas rinurah dady awela tang nagarī muwah tĕkêng nusântarâtur bhakti.

111a. Kalawan sang dwijarṣi tan-sah rowangirângulih-ulih rasa ning çāstra āgamâji gaṇita Kāmandaka mwang rasa ning daçaçīla paramārtha inulik donnyângde landuh ing nagarâmṛddhyakĕn sarwa-wīja mwang mūla phala sutṛpti [160]) mangdoh tang sasab maraṇa.

111b. Pan kaawa de ning sang ratu sakrama ning rat umiring ulah sang amawa bhūmi prasama anut sudharma suçīlâsthitibhaktîng [161]) sang māmuni ndan muwah kang wong durjana cora drohika [162]) umalwi āptya kuminkin ulah raayw akīrtiyaçâmrih sutṛptêng para.

112a. Ndan çrī bhūpati ĕnty harṣanira angrungu sapitutur ing sang māyati atur tīrthâmṛta is nikang çaçīh.

112b. Sumusup eng jro nāla anīrṇakĕna wighna ning [163]) ati aduh sājñā mahāmpu wus sinūkṣma ring windwasāri.

113a. Ndan sira adhipati lawan sakadehanira sami ĕnty harṣanipun angapi andika sang kayap pan atur panarīra hyang Īça çumīrṇakĕn tang wiṣa kālakūṭa [164]) ry antêng hṛdayânut gati maharddhikâbuddhy asādhu sâwot sāri anuhun sājñā sang dwija.

113b. Malah lingsir hyang rawi mantuk sira çrī bhūpati ndan muwah sira mpu [165]) Çāntasmṛti wus ingaturan tadah drawiṇa [166]) çuci tan koninga rātrī muwah iñjing abawahan sira sang nātha sang dwija pinakadhikārêng lungguh çrī nṛpati sumanding lawan sira wangbang.

114a. Mwang sakadehanira sampun sinung lungguh ken ranggâ-paty' amangku bhūmi ndan tan iwang denya anglus nagarī.

114b. Ndan muwah sira Nambya akry' [167]) ângadĕg dĕmung lawan ken Sora [168]) sinung linggih tumĕnggung atut denyângrakṣa bhūmi.

115a. Ndan ken Pĕdang lan ken Dangdi muwah sira Gajah-Pagon lawan sira Lĕmbu ndan malih sakadehanira [169]) sampun [170]) sinungan linggih wontĕn senāpati lawan mañcanagantun lyan tang kulamantrya

ıdhipati kuwu kalawan [171]) añjuru sinungan [172]) dĕmak lawan pupūrṇamān.

115b. Ndan sira adhipating Madhura wus sinung linggih pinalih punang Yawadwīpa denira çrī narendra [173]) wus pinrĕnah wontĕn ing Lamajang tan koninga saramya ning bawahan sore [174]) wus aluwaran nṛpati lawan sira ĕmpu Çāntasmṛti sampun mantuk [175]) ing lalangwan.

116a. Adawa [176]) kathākĕna dina rātrī lanira [177]) sira mpu Çāntasmṛting Wilwa-Tikta eñjang sirâdan malih [177a]).

116b. Akweh atur-atur nṛpati [178]) sarwamūlya ndatan kĕnêngitung kang wong amundut [178]) sama katur ing sang muni.

117a. Tan asari lumaris sira ĕmpu Çāntasmṛti saha çikṣā andulur nda [179]) malih sira wangbang Widyājñāna kari [180]) eng Maja-Raçmi kinanti dera nṛpati baryan dina rinowang amamāca pirang warṣa laminira mangke siniwī [181]) prabhu [182]) anêng Wilwa-Tikta.

117b. Sakweh ing çatru wus ĕnti dinon denira çrī bhūpati katĕkêng nusântara akweh long lyan tungkul subhaktya karuhun tang Bali Tatar Tumasik [183]) Sampi [184]) Koci lan Gurun Wandan Tañjung-Pura tan opĕn tang Dompo Palembang Makasar prāpta sama mawwat sesi [185]) ning pura.

118a. Apan sing .... [186]) makatur-aturanipun ri jĕngira sang prabhu donnya tanpa upamā [187]) punang Maja-Pahit.

118b. Ya iku çrī narendra norângrasa kewuh sari-sary andon langu tan-sah sira wangbang kinanti de nṛpati.

119a. Mahas amarṇa gurit anglanglang raçmi ning pasir wukir mwang tang pasir ulusan [188]) langĕ ning āçramâsimpar winaktêng bhāṣā gurit kidung pralapita umunggw ing lĕpihan angrahati twas ning kawy amāca duh tuhu kīrti ning prabhu kawiyogya nggwan ing wiçwara [189]).

119b. Mwang sakweh ing wong sanagantun [190]) prasama sukhâpti apan tan ana wagalan ing bhūmi .... lan [191]) tang sasab maraṇa mwang gĕgĕring sapandirinira bhūpati [192]) Kṛtarājasa tangeh yan kathākĕna sararasira munggw ing carita Pararaton uwus de ning kumawya.

120a. Kṣantawyakĕna reh ing mūḍha kumawruh anglĕngkāra gurit katigas çrutirasa [193]) kudw āpti anarung antuk ing ka .... [194]) tan

erang tininda ginuywan ing sang sujana de ning kumapakṣa milw ing kanot

120b. Atur sodamâum ahyun [195]) miběr ing wiyat pakṣânělěhi [196]) hyang niçākara lwir pajyut āptya amagut sěnĕ [197]) ning diwāngkara dumilah anuluhi jagat kewalyâñañampuri sang kawi siddhi tĕkêng don [198]).

Colophon.

Iti kidung Harṣa-Wijaya, puh Juru-Dĕmung, tabĕh Rara-Kadiri. Putus ing anurat ring dina çu, u, Mrakih, tithi çaçih kacatur, rah 5, tĕnggĕk 6, çuklapakṣa [199]) dwitīya, irika diwasa ning pūrṇalikhita, ri nusa Bali, ngkanêng [200]) Ratnarasa.

LIJST VAN EIGENNAMEN

van personen, plaatsen en geschriften voorkomende in de KIDUNG HARṢA-WIJAYA.

(Eigennamen, die uitsluitend of hoofdzakelijk in vergelijkingen voorkomen, zijn met een * gemerkt)

**Abhimanyu*, z. o. Bhimanyu.

**Airāwaṇa*, z. o. Erāwaṇa.

Alu (mantrī, rāden), titelnaam van een hoog ambtenaar aan het hof van Kadiri, II, 24b, 27b, 44a, III, 41a, V, 5a, 74a, 115a, 117b, 118b.

Amarājaya (pañji), hoog ambtenaar aan het hof van Singhasāri, een van de leiders van de expeditie tegen Malayu, later ambtenaar aan het hof van Maja-Pahit, I, 58a, IV, 75a, V, 54a, 109b, 114b, 155a; Marājaya (pañji), III, 85a, V, 110b.

Anabrang, hoog ambtenaar aan het hof van Singhasāri, een van de leiders van de expeditie tegen Malayu, later ambtenaar aan het hof van Maja-Pahit; Kĕbwânabrang, I, 58b, III, 85a, IV, 75a, V, 83a, 84b, 85b, VI, 69b, 75b; Kĕbo-Nabrang, V, 54a, 85b.

Andara-Jingga, z. o. Dara-Jingga.

Anĕngah (rangga), patih van Singhasāri als opvolger van Rāganātha, sneuvelt in den strijd tegen het leger van Kadiri, I, 29a; Nĕngah, I, 35b, 36a, 53a, 57a, II, 27a, 50b, 58b, 71a, 73a.

Angçoka, z. o. Jurang-Angçoka.

Anglung Raçmi, naam van een kidung(?), IV, 96a.

Angrok, stamvader van de dynastie van (Singhasāri en) Maja-Pahit, II, 18a, 35b.

Anurida, z. o. Rāgânurida.

Araraman (mantrī), titelnaam van één of meer ambtenaren aan het hof van Kadiri, II, 25a, III, 34a, V, 74b, 80b, 124b.

Arjunawijaya, naam van een Oud-Javaansch geschrift, VI, 43a.

Arjunawiwāha, naam van een Oud-Javaansch geschrift, IV, 92b.

Ārya (rāden), titel van Kṛtanagara vóór zijn troonsbestijging, I, [2b], 23b, 24b, 25b.

Ārya (rāden), titelnaam van een hoogen ambtenaar aan het hof van Kadiri, II, 22b, 23b, 25b, 26a, 36a, 44a, 59b, 68a, 68b, 69b, 70a,

77a, 77b, 137b, 143a, III, 41b, V, 9b, 74a, 81a, 95b, 98b, 100b, 115a, 115b, 119a, 119b, 121a, 121b, 122b, 125a, 136a, 137a.

**Asmara*, z. o. Smara.

**Atanu*, één van de namen van Kāma, den god van liefde en schoonheid in de Voor-Indische mythologie, meestal in vergelijkingen ter aanduiding van Harṣa-Wijaya gebruikt, I, 48b, 49b, 59a, 68a, 72a, 78b, II, 112b, 114a, IV, 90b, V, 28b; vgl. Madani, Makaradhwaja, Manasija, Manobhawa, Smara.

Bagenda, naam van den tuin, waarin Harṣa-Wijaya en de zijnen tijdens hun verblijf te Kadiri wonen, III, 46a, 48a, 52a, 71a, IV, 14a, 58b, 60a.

Bali, eiland ten Oosten van Java, onderhoorig aan Kṛtarājasa, VI, 117b.

Bañak-Wīranāda, z. o. Wīranāda.

Bayan, titel van een vrouwelijke bediende aan het hof van Singhasāri en van Maja-Pahit, I, 65b, III, 14a, 72b, 73b, 97a, 97b, 100b, 102a, 105a, IV, 84b, 85a, 100a, 104b, V, 24a, 49a, 52b, 53a, VI, 19a, 35a, 47b, 71b, 81a, 81b, 94b.

Bayan, titel van een vrouwelijke bediende aan het hof van Kadiri, IV, 12b, 14b, 35a, V, 149a, 153a, 154b.

Bhayangkara, naam van een afdeeling soldaten, I, 36a, 55a, III, 64a, V, 55a.

**Bhimanyu*, Sk. Abhimanyu, zoon van Arjuna, bekend uit het Mahābhārata, VI, 43a.

Bobot-Santun, z. o. Bobot-Sāri.

Bobot-Sāri (tĕgal), naam van de vlakte, waarop de strijd plaats vindt tusschen de troepen van Kadiri aan den éénen kant en die van Maja-Pahit, Madhura en de Tatar's aan den anderen kant, V, 11b, 14a, 14b, 32b, 33a, 156a, VI, 2a; Bobot-Sārih, V, 7a; Bobot-Santun, V, 61b, 63a, 75b, VI, 3b; Bobot-Sĕkar, V, 5a, 29b.

Bobot-Sārih, z. o. Bobot-Sāri.

Bobot-Sĕkar, z. o. Bobot-Sāri.

Brahmāṇḍapurāṇa, naam van een Oud-Javaansch geschrift, I, 5b.

Brahmawiṣṇu, naam van een anting-anting-model, IV, 3b, V, 49b.

**Bṛhaspati*, z. o. Wṛhaspati.

